# ЧАБÆХАН

**ПОВЕСТЬ**

Фынтæ, фынтæ... Иуæй иннæ—æнахуырдæр, иуæй иннæ—æгъатырдæр. Цыма гыццыл гыгы фестади, сæ кæрты чындзытæй хъазыди. Сау куыдзы къæбыла æрбазгъордта, йæ чындзыты дзæбæхдæр ын аскъæфта. Чабæхан æй асырдта, ныр æй баййафон, зæгъгæ, афтæ сау къæбыла сæнт-сау хъæрццыгъа фестади, Чабæханы йæ ныхтæ фæсагъта, арвы астæумæ йæ систа, уым æй феуæгъд кодта, æмæ чызг, сæрбихъуырæйттæгæнгæ, ратахти. Йæ уд йæ хъуырмæ схæццæ — мæнæ ныртæккæ зæххыл, дуртыл йæ тъæпп фæцæудзæни... Зæрдæ риуы къултыл йæхи ныххоста. Чабæхан фехъал ис.

Æрæджиау йæ зæрдæ йе 'муд æрцыди. Цæстытæ байгом сты, кæсы талынг къуымтæм, фæлæ ницы уыны, ницы иртасы... Æрмæст хъустæ ахсынц мады улæфт, Мады хъæрзын. Хъуыдытæ дзæгъæлтæ кæнынц, рафт-бафт сисынц, æмæ кæмыты нæ бамидæг вæййынц.. «Уый та ма мын цавæр фын уыди? Чындзытæ, сау къæбыла, хъæрццыгъа... Цы уой цымæ? Мацы бæллæх ныл æрцæуæд... Нæ, нæ, цытæ дзурын.. Дысон ма фæсахсæвæрты дæр Æрджынарæджырдыгæй сармадзанты нæрын куы хъуысыди... Бынсæфт бауой. Берлинæй ардæм... Æппынкъаддæр æртæ мин километры. Цæмæн, цæмæн схæццæ сты? Махæй хъаруджындæр сты, дæсныдæр?.. Цымæ кæм сты афонмæ мæ дыууæ æфсымæры? Тазрет æмæ Смайлы. Уæд нанайы фæлмæнзæрдæ лæппу та?.. Охх, тæхуды, куы ницы сын уаид...»

Мад дæр, æвæццæгæн, фынæй нæу. Иуахæмы йæ хъæлæс райхъуысти:

— Хуыцау ма мын ацы фыдбонтæ цæмæн бавзарын кодта, цымæ? Цы хæсджын дзы фæдæн? Уæ мæ бон, Тазрет æмæ Смайлыйæ дæр куы ницыуал хабар хъуысы..

Æппынæрæджиау та Чабæханыл хуыссæг фæуæлахиз...

Бон гæзæмæ куы æрбацъæхтæ, уæд та фехъал. Йæхи ахсадта, йæ сæрыхъуынтæ абæстон кодта, уынгмæ ракасти. Уынджы змæлæг нæма уыд, æрмæст фалæсыхæй хъуысыдис уæрдоны цæлхыты гыбар-гыбур, дымгæ кæцæйдæр æрбахаста автомобилы уынæр... Чабæхан мидæмæ баздæхти, кæрты къуымты аразил-базил кодта. Цæхæрадонырдыгæй æрбахызти йæ кæстæр æфсымæр Тасолтан, æвæццæгæн, уый та ноджы раздæр сыстади.

— Кæм уыдтæ æмбисæхсæв?—фæрсы йæ Чабæхан.

— Кæм уыдтæн, уым нал дæн. Мæ сæры рыстæй дысон мæ цæстытæ не 'рцъынд кодтон...

— Исты ног хабар æрыхъуыстай?

— Ницы... Хабæрттæ хъуамæ ды зонай, газеты ды кусыс,—дзуапп радта Тасолтан.— Æрджынарæджы сармадзантæ гуыпп кæнынц. Уый та уый амоны, æмæ махонтæ фидар лæууынц...

Иннæ алагирæгтау, алы райсом æмæ алы изæр дæр афтæ фарстой кæрæдзийы Баситы бинонтæ.

Ссæдзаздзыд Тасолтан, хæстон госпиталæй асæрды ссыди. Фарон декабры Мæскуыйы цур хæстыты ахъаззаг цæф фæци, сæры магъз хъыгдард баййæфта, госпиталы не сдзæбæх æмæ йæ сæхимæ рарвыстой. Немыцæн сæ хъару дæр æмæ се 'дыхдзинад дæр бавзæрста. Æмæ кæйдæртау фашистты нæ нымадта, басæттæн æмæ бауромæн кæмæн нал ис, ахæм тыхыл. Фæлæ, æвæдза, ам, Кавказы хæхты рæбын Грозна, стæй та, хуыцау ма зæгъæд, фæлæ Баку сæ къухты бафтыдысты, зæгъгæ, уæд æнæ нефтæй — сæфт æмæ сæфт. Гъе, æрмæст Тасолтан афтæ нымадта: немыцæн Æрджынарæджы комыл æртыккаг мæй сæ бон æрбабырсын кæм нæ баци, уым ардæм дæр нал æрбафтдзысты Æрджынарæг æхгæд, Мæздæджырдыгæй, куыд хъуысы, афтæмæй махонтæ фидар лæууынц. Ис

ма иу фæндаг — Лесчен, Сечер æмæ Цыколайыл. Фæлæ уый... Уым иу хорз батальон дæр æнæхъæн дивизийы бауромдзæн. Арф ком, Æрæфы доны бæрзонд былгæрæттæ...

Чабæхан, Баситы Михалы цотæн сæ хистæр, æртæ удæгас æфсымæры уарзон хо, ахуыргæнæг... Хуыздæр ма сузæнт, æвгъæдгæс сылгоймæгтæ йын гуыргæ-гуырын йæ зæнгтæ фæсахъат кодтой. Æндæр Ваcкаты Нинæ, Хацъæты Рая, Ханайты Рая, Хуырымты Рая æмæ алагираг бирæ æндæр чызджытау, хæцæг æфсадмæ афардæг уыдаид... Ныр та... 1942 азы августы гитлеры æрдонгтæ Æрджынарæджы онг куы схæццæ сты, уæд фыццæгæм сентябры скъолатæ рæстæгмæ æхгæд æрцыдысты. Бирæтæ хæхтырдæм сæхи айстой. Чабæханмæ та партийы райкоммæ фæсидтысты æмæ йæ районы газетмæ кусынмæ барвыстой. Уæдæй нырмæ райсомæй раджы ацæуы æмæ изæры æнафоны сыздæхы йæ куыстæй...

Æнæ цырагъы рухсæй чиныг кæсыны афон фæци. Чабæхан хæдзармæ бахызти. Къулыл сахатмæ скасти. Уыд æвдæм. Тагъд-тагъд йæ уæлæ æрбакодта даргъгомау морæхуыз сгæллад пъалто, йæ къæхтыл—туфлитæ, уыдоныл — къалостæ, йæ сæрыл — хъарм сæрбæттæн. Йæ мадмæ сдзырдта:

— Мæ куыстмæ ныккæсон.

— Ауай, ауай, кæд та исты хабæрттæ дæр базонис.

Æртæ адæймаджы ныййæфта Чабæхан редакцийы—типографийы чи куыста, ахæм дыууæ чызджы æмæ Хъæрджынты Солтаны, мыхуыргæнæн машинæйы цалхзилæг. Солтан... Алагиры уый чи нæ зыдта стырæй чысылæй, ахæм нæ разындаид. Иу дыууиссæдзаздзыд уæнгджынтæ арæзт, фæлæ сахъат адæймаг, æвæццæгæн, чысыл сывæллонæй мининигитæй фæрынчын æмæ уæдæй нырмæ иуæй чиугæ цыд кодта, иннæмæй та йæ митæ алы хатт бынтон зæрдæмæдзæугæ нæ уыдысты. Цыма зианджынты кæрты лæууыд, уыйау, йæ лæдзæгыл æнцайгæйæ, фæллад галы каст кодта. Рæстæгæй-рæстæгмæиу йæ риуæй уынæргъын сыхъуыст.

Фæзындис редактор, иу ссæдзаздзыд хуыздзыд лæппу. Йæ бакаст иуыл рæвдзытæй, нæ уыд, удаисты фæд зындис йæ фæлурс цæсгомыл. Йе 'мбæлттæн «уæ райсом хорз» куы загъта, уæд типографийырдæм барасти. Йæ фæдыл бахызтысты иннæтæ дæр. Даргъ, фæтæн стъолыл лæууыдысты æрдæгцæттæ газеты фæрстæ. Знон ма суанг æхсæвæртæм дæр газеты сæрмагонд номырыл фæкуыстой, партийы ЦК-йы лектор, æмбисонды хæдæфсарм лæппулæг Битеты Стъепанимæ. Æнафоны Стъепанмæ партийы обкомæй æрдзырдтой æмæ уый уырдæм аивгъуыдта.

Редактор ма дысон æрмæг бацæттæ кодта æмæ хъуамæ абон газет рауагътаиккой. Фæлæ... Фæлæ райкомы ничиуал ис, райæххæсткомы æмæ горæххæсткомы дæр, милицæйы дæр. Редактор цы кæна, уый нал зыдта. Уæвгæ йын дысон партийы райкомы секретарь æмбисæхсæвтæм æвввахс цыдæр æбæлвырд ныхас загъта: кæс-иу, уавæр куыд уа, уымæ. Цынæ вæййы; æмæ-иу дæ сæрæн хос кæн. Хохырдæм, мийййаг... Рынчын куынæ уаис, уæд, бæргæ; немæ дæ акæниккам.

Æндæр ын ницы загъта райкомы секретарь... Абон та...

— Дысон, дам, немыц æнæнхъæлæджы Цыколайырдыгæй æрбабырстой, —сагт хъæлæсы хаттæй сдзырдта редактор.—Уыцы хабар, дам, райкомы фыццаг секретарыл дæр сæмбæлдис фæсæмбисæхсæвты. Партизанты къордæй ма горæты чи баззадис, уыдонмæ фæфæдис кæнын кодта, йæхæдæг, дам, йæ бæхыл абадти æмæ хъæдмæ, Хадзымайы кæсæнырдæм асхуыста. Афтæ бакæнæм æмæ уал нæхи бафснайæм... Чи зоны, уыцы сырдтæ сахаты фæстæ дæр ам æрбамидæг уой...

Редактормæ чи хъуыста, уыдон фегуыппæг сты.

— Ех-х-хх!— Иу уысмы фæстæ ныуунæргъыдта Солтан, стъолы цурмæ бакъахдзæф кодта, йæ лæдзæджы фындз фæцарæзта æрдæгцæттæ газеты фæрстæм æмæ сæ стъолæй расхуыста. Стæй йæ цыма исчи 'рдаугæ акодта, уыйау дамгъæты кассæтæм февнæлдта æмæ сæ фæфæлдæхта. Зды æмхæццæ уæззау дамгъæтæ уаты къуымты ныххæлиу сты.

— Фенынмæ уал. Æнæмаст-иу ут. Æз ма нæхимæ азгъорон, мæ мад, мæ гыццыл хоты, ме 'фсымæры ма уæддæр фенон æмæ мæн дæр дугъ кæнын хъæуы Хадзымайы кæсæнырдæм.—Редактор ма йæ цæст ахаста йе 'мбæлттыл, типографийы къуымтыл, цæхгæр фæзылди æмæ феддæдуар.

Иннæтæ дæр сæ къонатæм батагъд кодтой.

* * *

Чабæхан куыддæр редакцийæ сыз-

дæхти æмæ уаты дуарæй йæ сæр бадардта, афтæ афарста:

— Тасолтан кæм ис?

Мад йæ чызджы хъæлæсы уагыл фæдызæрдыг.

— Цы æрцыди?

— Цæмæй тарстыстæм, уый. Кæм ис Тасолтан?

— Мæ хомæ, Беккуызартæм. Уæддæр цы хабар у?

— Охх, цæмæн ма ацыди уырдæм та, горæты кæронмæ? Немыц, дам, Цыколайырдыгæй æрбабырстой. Тагъд, дам, сæ ардæм хъæуы.

— Мæ хæдзар куыд уыдис! Бабын стæм!

— Нæхи уал искæдæм айстаиккам, кæд ма нæ бон бауыдаид... Тæссаг у. Тасолтанæн...

Мад ницыуал сдзырдта. Сагъæсыл фæци. Ныр ма цы кæна, куыд кæна? Ам куы баззайой æмæ йæ цотыл исты куы æрцæуа. Ацæуиккой, фæлæ ма куыдæй, кæдæм? Стæй куы ацæуой, уæд сæ хæдзары къуымтæ та? Сæ иссæ бон та? Чызг æмæ лæппу сæхи айсиккой, фæлæ кæм уыдзысты, цы уыдзысты? Дыууæ хистæр лæппуйы—хæсты, уыдоны мæтæй йæ уд æрдуйæ нарæгдæр сси. Ныр та адоны арвита йæ цурæй? Йæ зæрдæ уый нæ ныффæраздзæн...

— Мæ бон нæ бауыдзæни... Ноджы ацы хæдзары къуым... Æдзæрæгæй йæ куы ныууадзæм, уæд ыл уыцы джауыртæ арт дæр бафтаудзысты... Сымахæн уæ бар уæхи, ацæут, ссар Тасолтаны. Æз дæр сыхæгты руаджы исты амæлттæ кæндзынæн. — Мад «ацæут» загъта, фæлæ йæ ныхасыл йæхæдæг дæр не 'ууæндыдис.

Чабæхан хорз æмбæрста йæ мады уавæр — ацæуыны тыххæй дзырдта, йæхæдæг та уымæй стъæлфыди. Æмæ йын дзуапп радта:

— Мах æнæ дæу никуыдæм ацæудзыстæм. Кæд цæугæ — уæд иумæ, кæд сæфгæ — уæддæр...

— Нæ фыдгултæ байсæфæнт...

— Тасолтанмæ акæсон, — сдзырдта Чабæхан æмæ та фæстæмæ уынджырдæм фездæхти. Змæлæг никуыцæй зындис. Уалынмæ сыхæгты зæронд лæг Уырызмæг фæзындис бæхуæрдоны, сæ кулдуары раз цæхгæр фæурæдта, уæрдонæй, æрыгон лæппуйау, æргæпп кодта.

— Æрдæбон куыддæр хабар бамбæрстон, афтæ колхозырдæм азгъордтон, ацы хайуан тыххæйты мæ къухы бафтыдис. Зæгъын, сывæллæтты уæртæ хъæдрæбынмæ уæддæр бахæццæ кæнон. Ам сыл исты куы æрцæуа, цыны кæд искуыдтæй бацæуиккат,—æппæт уыцы ныхæстæ зæронд лæг ракодта æнæсулæфгæйæ, стæй мидæмæ бахъæр кодта: — Гъей, адæм, цы фестут?! Тагъд, тагъд!—йæхæдæг кæрты фæмидæг, æмæ ма уырдыгæй дæр йæ ныхас райхъуысти: — Цырддæр уæрдонмæ! Зæлинæ, сымах дæр!

Уайтагъд уынгмæ разгъордтой æртæ æнахъом сывæллоны. Чабæханы куы ауыдтой, уæд дзыхълæуд фæкодтой, ныккастысты йæм æмæ чызг йæхи афтæ банкъардта, цыма та йыл амбырд сты, уый сыл йæ цæнгтæ æрбатыхта, уыдон æм сæ сау-сауид æрттиваг цæстытæй, сæ тыппыр уадултæй худынц. Се 'ппæты кæстæр дыууæаздзыд Аслан ын йæ сæры хъуынтæ ивазы, Чабæхан «ой-ой», зæгъгæ, фæхъæр кæны, æмæ та сывæллон худæгæй бакъæцæл вæййы. Хистæр сывæллон, Зæлинæ, æнхъæлмæ кæсы, Чабæхан та йын йæ даргъ фæлмæн дзыккутæ кæд ныффасдзæн æмæ сыл рæсугъд лент кæд бабæтдзæни, уымæ. Æрмæст астæуыккаг, Тамилæ, æнæзмæлгæйæ, кæсы Чабæханы цæсгоммæ. Сывæллæттæ сахуыр сты Чабæханыл, сæ мад æмæ сæ фыдымадæй дæр ралидзынц, æмæ та чызджы уаты бамидæг вæййынц. Ныр дæр та йæм базгъориккой, фæлæ фыдыфыдæй нæ уæндынц, иннæбонтæй уæлдай абон цыдæр мæстыхуыз у. Хистæр сывæллон уæддæр æрбахъæр кодта:

— Тетя Чабæхан, æгасцæуай!—чызджы быд дзыккутæ зындысты хъулон сæрбæттæны бынæй æмæ Чабæхан афтæ банкъардта, цыма уыцы фæлмæн дзыккутыл йæ арм æрхаста; цыма мæнæ ныртæккæ куы афæндараст уой, уæд фæхицæн уыдзысты æмæ уыцы тымбылдзæсгом рæсугъд гыкъынайы дзыккутыл йæ арм никуыуал æрхæсдзæни...

— Æгас цæут, мæ хуртæ, æгас! Æнæфыдбылыз ут кæддæриддæр...

Кæртæй цырдгомау рахызти ныллæджытæарæзт зæронд ус, йæ фатхъултæм чи хæццæ кодта, ахæм сау къабайы, чырынтæгонд бæзджын кæлмæрзæны. Кулдуары цур алæууыдис æмæ йæхиуыл дзуæрттæ æфтауынмæ фæци.

— Цырддæр ма у, аргъуаны нæ дæ!? Стæй кæмæн кувыс? Уæле бадæг истæйаг куы уаид, уæд нæм уыцы лæгмарты не 'рбамидæг кодтаид, — бахъуыр-хъуыр кодта зæронд лæг æмæ

сывæллæтты уæрдонмæ сæргъæвта. Уæдмæ фæзынди сывæллæтты мад дæр, Сырх Æфсады командиры бинойнаг, хæрзуынд, æрыгон сылгоймаг, фæззыгон палтойы, хъарм сæрбæттæн æмæ резинæ ботæты.

— Чындз, уæрдонмæ, тагъд!

Чындз зæронд усæн аххуыс кодта уæрдонмæ схизынæн, йæхæдæг дæр схызти.

— Чабæхан, æмæ сымах та, сымах? Мийиаг ам хæстытæ куы æрцæуа, уæд та?—ныр та йæм æрбадзырдта хæдзары æфсин.

— Тасолтан Беккуызартæм ацыди, уымæ æнхъæлмæ кæсын. Кæд тагъд фæзына, уæд уæ фейиафæм.

— Уæдæ уал æз мæнæ ацы лпицыхты искуы амбæхсон, стæй уæд мæн дæр ардæм хъæуы. Уæхи хъахъхъæнут,—Уырызмæг уæрдонмæ фæцæйхызти, стæй хæдзарырдæм фæзылди æмæ йæ къухы цы лæдзæг уыдис, уымæй рудзгуыты æвгтыл ралæууыдис.

Зæронд ус йæ кæлмæрзæны кæронæй йæ цæстытæ асæрфта, йæхиуыл ма нодджыдæр дзуар бафтыдта, зæронд лæг та уæрдоны абадти, бози æрбалвæста, лæдзæгæй бæхмæ бавзыста æмæ уый дæр æнæбарыгомау адзæлæпп-дзæлæпп кодта.

Чабæхан ма исдуг алæууыди сæ кулдуары раз, стæй уæд мидæмæ баздæхти. Йæ мад Тамар уаты къуымты фырадæргæй рауай-бауай кодта. Йæ чызг мидæмæ куы бахызти, уæд æй афарста:

— Лæппу зынæг нæма и?..

Кæмдæр хæстæг сармадзаны нæмыг фехæлдис. Сылгоймаг йæ ныхас аскъуыдта, æрмæст ма, ой, зæгъгæ, фækодта, йæ зæрдæйы ракомкоммæ йæ риуыл фæхæцыди æмæ тъахтины кæрон йæхи æруагъта.

Чабæхан дæр фестъæлфыдис æмæ рудзынджырдæм фæкаст—уынгæй æрбайхъуысти цавæрдæр машинæты гуыр-гуыр. Уалынмæ чызг ауыдта: сæ рæзты, хæхтырдæм сызгъоргтой иукъорд танчы. Сæ фæрстыл уыдис сау-сауид свастикætæ.

Чабæхан цавддурау лæугæйæ баззадис. Мад йæ къухтæй йæ цæстытæ сæхгæдта, афтæмæй сагъæссаг хъуыдыты анығъуылди.

Мад æмæ чызг зонгæ дæр нæ бакодтой, Тасолтан мидæмæ куыд æрбахызти, уый. Лæппу æнæсдзургæйæ, уаты астæу цы стъол æвæрд уыди, уый раз йæхи, карджын лæгау, уæззау уагъд æркодта. Йæ мады хойæ куы сыздæхтис, æмæ куыддæр сæ кæртмæ бахызт, афтæ ма кулдуары зыхъхъырæй ауыдта, немыцаг танктæ уынгты куыд фæцæйцыдысты, уый. Æмæ ныр йæ цæстæнгас дзырдта: «Цæмæй тарстыстæм, уый ныл æрцыдис». Бинонтæ æнæхъыпп-æнæсыппæй иудзæвгар абадтысты, стæй Тасолтан чингуыты тæрхæгмæ бацыди.

— Цы нæ вæййы, уæд та нæм смидæг сты. Чингисханы æрдонгтæй фыддæр сты. Мæнæ адон искуы бафснайæм,—йæхæдæг Ленин æмæ Сталины чингуытæй тæрхæгыл цыдæриддæр уыдис, уыдон æвзарын райдыдта.

Чабæханмæ ныр бынтондæр бахъардта, цы бæллæх сыл æрцыди, уый. Йæ цæстысыгтæ æрызгъæлдысты. Тасолтан æм æлхыскъæмхасæн ныхасы уагæй сдзырдта:

— Кæуынæмхиц большевик? Маяковскийы заман ахæмтæ нæ уыдис. Æз дæр никуы федтон. Уый бæсты ма мын аххуыс кæн. Ныггæндмæ сæ нывисæм.

— Схъуына уой? Кæд æфснайгæ, уæд цары. Науæд та къæбицы, стыр чырыны.

— Уый бæззы,— дзуапп радта Тасолтан æмæ чингуытæ йæ хъæбысмæ systа...

Тасолтан къæбицæй куы æрбаздæхти, уæд иннæ чингуытæм йæ цæстæй ацамыдта:

— Уыдон та?

— Уадзæм сæ. Кæсдзынæн сæ. Кæд ма нæ уымæ равдæла, уæд,—æнкъардхуызæй дзуапп радта Чабæхан.

Чызг æмæ лæппу дæр æрбадтысты. Сæ хъуыдыты анығъуылдысты.

Чабæхан æдас нæ уыди æрмæст сæхи бинонты тыххæй нæ — йæ хæлæрттты, йæ зонгæты, йе 'мхъæуккæгты тыххæй дæр. «Фæлæ кæд нæ амонд уа, уæд ам бирæ нæ бафæстиат уыдзысты. Нæ мæ уырны, Дзæуджыхъæуы радтой, уый. Уæд Арвы ком дæр байгом уыдзæни, уæд Грозна æмæ Баку дæр... Нæ, уымæн уæвæн нæй. Сталин уый нæ бауадздзæнис. Нæ, нæ, уый нæ уыдзæнис!» — цыма хъуыддæгтæ уымæй аразгæ уыдысты, уыйау йæхиныммæры ныхас балхынцъ кодта Чабæхан.

Тасолтанæн йæ хъуыдытæ ахæццæ сты Мæскуыйы бын фарон ацафоны уæззау хæстытæм. Æнæрынцойæ, æхсæвæй-бонæй... Иу атакæ иннæйы фæдыл, иу атакæ иннæмæй æгъатырдæр, налатдæр. Хæдтæхджыты уынæрæй арв нæрыдис, танкты уæзæй, сарма-

дзанты нæмгуыты рæмыгъдæй зæхх хъæрзыдта. Туг зæйтæй лæсыдис. Хатгай-иу адæймаг загъта: иу ахæм атакæ ма, иу уый бæрц ма танктæ, иу уый бæрц хæдтæхджытæ æмæ нæ змæлæг нал баззайдзæни. Фæлæ та-иу ногæй, ноджы налатдæрæй, ноджы фылдæрæй ныббырстой æмæ та-иу фæсыкк сты... Æллæх, æллæх, уыйбæрц хъару, уыйбæрц ныфс та нæм кæцæй цыдис?..

Æрæджиау йæ хъуыдытæ раздæхтысты йæ зонгæтæм, йе 'рдхæрдтæм. Цымæ афонмæ кæмыты сæ туг калынц йе 'мкъласонтæ, йæ хæлæрттæ— Хъæрджынты Петя, Æгъуызарты Тхост, Дзугаты Савели, Реуазты Батдзе, Магкæты Валодя, нæхи Тазрет æмæ Смайлы, Мишæ æмæ Ислам? Ехх, тæхуды, сæ цуры фест!

Мад ма уæддæр, æвæццæгæн, хуызæнæн не 'мбæрста уымæн йæхицæн дæр æмæ йæ цотæн дæр цас тæссаг у, уый. Йæ хъуыдытæ фылдæр зилдух кодтой, хæсты йын цы дыууæ лæппуйы уыдис, уыдоны алфамбылай. «Цы фæуыдзысты? Кæм хъуамæ уой? Чи зоны, ам искуы хæстæг ран дæр сты. Махæн кæд ницы уаид, адæмæн æвзæргæнæг нæ уыдыстæм, марæг — иннæ ахæм, фыдбылыз никуы никæмæн ракодтам...»

* * *

Хæрзарæзт æмæ хæрзæфснайд уаты егъау айдæны раз бады, рагæй даст чи нæуал уыдис, ахæм адæймаг æмæ йæ уадултæ сапоны фынкæй бæстон сæрды. Йæ бакастмæ гæсгæ у иу дыууиссæдзаздзыд. Чысыл фæстæдæр та йæхимæ зылд куы фæуа, уæд йæ гаччы абаддзæни авд æмæ ссæдзаздзыд лæппулæг Мæирбег...

Йæхи сапоны фынкæй сæрст куы фæци, уæд сæрдасæн райста. Уадулты фыдтæ базмæлыдысты, былтæ сæхи сынцъылдтæ кодтой, цæстытæ исдуг сæхи æрæхгæдтой. Сæрдасæн сæ иуыл цыргъæй нæ уыдис. Мæирбег кæсæнмæ ауыдта, йæ фыд Дзандар мидæмæ куыд æрбахызти, уый. Йæ фырты архайдмæ йæ цæст æрдардта, стæй йæ сæр банкъуыста. Фырт бамбæрста йæ фыды æмæ хирастгæнæгау сдзырдта:

— Ахуыр нал дæн. Ноджы ацы сæрдасæн. Иннахæм... цы уыдзæни?..

— Æмбарын дæ. Æри-ма дæ хæцæнгарз.

Фыд сæрдасæн райста, сынтæджы къухыл ауыгъд фæтæн роны иу кæрон йæ фыртмæ бадардта:

— Фæхæц ма.

Фыд сæрдасæн роныл цалдæр хатты æрдаудта, стæй йын йæ коммæ рудзынджы рухсырдæм лæмбынæг ныккасти. Ноджыдæр ма йæ иу-цалдæр хатты æруагъта фæтæн гæрз роныл æмæ йæ фыртмæ радта.

Дзандар та дзаумæтты скъапп байгом кодта æмæ дзы райста донхуыз куырæт. Йæ уæлæ йæ æрбакодта, йæ фырты фæстæ айдæны раз æрлæууыдис. Йæхимæ куы иуырдыгæй бакæсы, куы — иннæрдыгæй. Уæнгджынтæ арæзт лæгыл куырæт æмбисонды дзæбæх сфидыдта.

Фырт уæдмæ йæхи даст фæци, йæ уадултæ, йæ дæллагхъуыртæ фыццаг хуылыдз хисæрфæнæй æрсæрфта, стæй та йæ армытъæпæны цы одекалон æркодта, уымæй. Йæ бынатæй сыстад, уаты астæумæ ракъахдзæф кодта æмæ йæ æбæрæгхуыз цæстытæй йæ фыдмæ ныккасти.

— Иттæг хорз! Æмбисонды хорз!— загъта фырт.

— Фыццаг бонтæй фæстæмæ хъуамæ нæхи равдисын базонæм, науæд нæ исты фæныкгуызтæ схондзысты.

— Афтæ хуыздæр уыдзæни?

— Тых æмæ лæгдзинады барæн— хъæздыгдзинад. Уый раз сæ сæртæ æркъул кæнынц паддзæхтæ дæр æмæ иннæлæрттæ дæр. Фен-ма, цухъхъа та кæм ис?

Фырт дызæрдыггæнæджы хъæлæсы уагæй сдзырдта:

— Нæ фыд, зондджын ныхас кæныс. Фæлæ... Мæнæн адæм Дзæуджыхъæуы госпиталы æнхъæл сты.

— Зæрдæ фидар у. Ныггæнды хабар ничи зоны. Молодец, æртæ мæйы ахæм ран арс дæр нæ бафæрæзтаид, арс! Госпиталы хабар та афтæ... Ды хуыссыдтæ Дзæуджыхъæуы нæ, фæлæ Налцыччы. Дæ мадимæ мах хабар афтæ атауыс кодтам. Уæдæ! Куы асагъæс кодтон, уæд бамбæрстон, хъуыддæгтæ дарддæр кæцырдæм æмæ куыд цæудзысты, уый. Ныр та... Налцыкк немыцы къухмæ бахаудис, рынчынтыл ничи басагъæс кодта, хицауад сæ сæртæ æфонайынмæ фесты æмæ ды дæр, дæ хæдзармæ æрбафардæг дæ. Дысон бонырдæм фæзындтæ. Уыцы хабар дæр дæ мады дзыхæй уынджы бамидæг... Гъо, уый зæгъинаг ма дын уыдтæн: æмбаргæ архайд кæн, дæ алы къахдзæфыл дæр-иу бæстон ахъуыды кæн,— йæ цухъхъайы æгънæджытæ æвæргæйæ ныхас кодта Дзандар. — Куывды стъолы уæлхъус æппæты хистæры бынатмæ макуы батырн, уым

адæймаджы алы хатт йæхимæ нæ фе-вдæлы. Фæлæ кæройнаг уæвын дæр бæллиццаг нæу. Тырн-иу хистæры фарсмæ... Хуыцауæй бузныг, ног рæс-тæджытæ нæ сæрæгасæй æрæййæф-той. Ныр хъуамæ базонæм нæ фарчы хай ратонын. Немыц æппæтæн æмхуы-зон лæвæрттæ нæ кæндзысты. Уыдон Сталины сæрхъæн митæ уыдысты. Ал-кæмæн дæр æмхуызон хай! Ха-ха-хæ! Тыхджындæр, зонджындæр чи уа, уый амал кæндзæни. Кæй зæгъын æй хъæуы, немыц фыццаджыдæр тæккæ хуыздæр хæйттæ сæхи бакæндзысты. Дзырддаг дæр нæу, уыдон уæззау хæ-сты дæр уымæн бацыдысты, айонгты дæр уымæн æрбахæццæ сты. Фæлæ ма тæрхъус дæр, йæ корто куы змæла, уæд йæ хай ратондзæни суанг бирæгъ-ты куывды дæр. Уæд мах та, гормон, лæгтæ куы стæм, нæдæр зондæй, нæ-дæр уæнгдыхæй хæлæг куы никæмæ бакæндзыстæм! Æмбарыс мæ?

— Æмбарын дæ, нæ фыд.

— Афтæ, уæдæ. Адæмимæ дæр зон. Дæхи сæрхъуызойæ æвдисынил архай. Адæм фосæй уæлдай не сты. Кæцыр-дæм сыл ахситт кæнай, уыцырдæм ас-сæнддзысты. Уыимæ кæд æхситт кæнын базонай, уæд дæм байхъусдзысты. На-уæд, хуыцау бахизæд, фæлæ дæхи-рдæм фæуыдзысты æмæ уæд цъысымы смидæг уыдзынæ. Цырддзæст у. Згæ-хæрд топп дыууæрдæм æхсы.

— Фыды фарн цотæн — цæсты га-гуы,— фырт йæ фыдмæ æвзист кæрд-дзæмджын æдрон хъама радта.

— Мгъы!.. Бæллиццаг хъуыддаг æн-цонтæй нæ рауайы.

— Раст дæ. Æнцон хъазт нæ уыдзæ-нис.

— Ииуылдæр хъазынц. Æз дæр хъазыдтæн. Хуыцау — ме 'вдисæн, мæ удæй арт цагътон. Фæлæ мæ бæллиц-тæ — дон хиды бынты. Ныр та, хуы-цауы фæндонæй, нæ хъул хъуамæ сах абада. Мæ худ та кæм ис?

Фырт скъаппы тæрхæгæй райста хæцъилын дзæкъулы æвæрд сызгъæ-ринхуыз бухайраг уæлдзармæй худ. Лæг æй йæ сæрыл æркодта æмæ ма ноджыдæр иу хатт айдæнмæ бакасти.

— Афтæ, гъе! Дæ мад мæ зонгæ дæр нал бакæндзæни. Цон, мæхи йæм рав-дисон!..

Дзандар раивгъуыдта, Мæирбег та ма айдæны цур ноджыдæр йæхимæ фæракæс-бакæс кодта, артист сценæ-мæ рацæуыны размæ куыд фæкæны, афтæ.

* * *

Горæты сæрмæ нытталынг ис æмæ адæмы удаист ноджы фæкарздæр. Ба-ситы чысыл бинонтæ дæр, бирæ бонтæ æмæ æхсæвтæ кæм арвыстой, алы къуым дæр сын зынаргъ кæм уыд, уы-цы хæдзары сæхицæн бынат нал ард-той, улæфт сын нал фаг кодта. Тасол-тан, хæст цы у, уый чи бавзæрста, чи бамбæрста, уый йæхинымæры тæрхæт-тæ кодта: «Хæсты быдыры уацары ба-хауынæй удисæгау тарстæн, фæмард уæвынæй афтæ не стъæлфыдтæн. Уæд ныр цы чындæуа? Æмæ уæвгæ цы гæ-нæн ис? Мæхæдæг — цæф, рынчын... Мæ зæронд мадæн та ацы къуымтæ ныууадзыны коймæ дæр йæ зæрдæ ба-хъарм вæййы. Иннæ ахæм мæ сахъат хо... Уæддæр немыц Сечер æмæ Цыко-лайы цурты куыд æрбабырстой? Куыд? Фæлæ иугæр къæппæджы кæм бахаудтæн, уым ныр дæр мæ цæсгом нæ фæчъизи кæндзынæн...»

Чабæхан уаты къуымты æнæхъуа-джы зилæнтæ кæны, куы чингуыты скъапмæ бацæуы æмæ иу, иннæ чиныг райсы, æркæсы йæм æмæ та йæ фæ-стæмæ йæ бынаты бавæры; куы къу-лыл къамтæм ракæс-бакæс байдайы. Тазрет æмæ Смайлыйы къамтæ къу-лæй райста — цынæ вæййы, уæд та сæ уыцы куитæй исчи федта... «Дæдæй, исчи нæм дзы куы æрцæра. Уыдонмæ кæсынæй адæймаг зæрдæдзæф фæуы-дзæни!» Къуымты зилынæй куы ба-фæлладис, уæд та æрбадт къæлæт-джыныл.

Æрталынггæрæттæ. Чидæр дуар æр-бахоста æмæ бинонтæ хæрдмæ хауæ-гау фæкодтой.

— Цæуæн ис? Хицæттæ стæм,— ду-ар байгом æмæ мидæмæ æрбахызти сæ сыхаг зæронд лæг Уырызмæг. Йæ хъæбысы йæ фыртыфырт. Йæ хæд фæ-дыл æрбахызти йæ ус, йæ фырты чыз-джы къухыл хæцгæйæ. Сæ фæстæ—сæ чындз, Феня, уый та астæуыккаг сы-вæллонимæ.

— Сымах стут? Цы æрцыди?—Ча-бæхан йæ бынатæй фестади, фæтæге-ны цырагъ ссыгъта æмæ æрбацæу-джыты фæллад, æфхæрдхуыз цæс-гæмттæм ныккасти.

— Мах, мæ хур, мах! Мæрдты куи-тимæ зындоны фæбадæнт. — Уыцы ныхæстимæ Уырызмæг фынæй сывæл-лоны сынтæгыл æрæвæрдта... — Абон хабар куы бамбæрстон, уæд мæнæ адон уæрдоны авгæдтон, зæгъын, сы-вæллæтты уал хъæды уæддæр искуы амбæхсон. Æмæ куыд нæ стæй...

— Ævæццæгæн уæ уыцы цъаммартæ баййæфтой?— сдзырдта Тасолтан.

— Афтæ, афтæ, дæ рынтæ мæ гуыбыны ацæуой,— дзуапп ын радта зæронд ус æмæ Тамармæ баздæхти: — Уым цытæ уыдис, уым цытæ цыдис, о, мæ хуыцау! Комы дымæгмæ нæ баййæфтой, иу бирæгъ нын нæ цæстыты раз нæ бæхы сæрыл топп ныццавта. Мæ хуыцауы хай, аргъæутты цы хъыхъхъаг сырдтæ вæййы, уыдонæй дæр налатдæр... Сæ мыггаг афтæ скуынæг уæд æмæ сыл скæуæг дæр куыд нæуал уа, баныгæнæг дæр сæ куыд нæуал уа, хист сын чи скæна, ахæм дæр сæ куыд нæуал баззайа.

Ныр Чабæханæн æфсон фæцис йæ зæрдæйы тыппыртæ суадзынæн. Зæронд лæджы риумæ йæхи баппæрста æмæ хæкъуырццæй ныккуыдта.

— Ма ку, мæ хур. Фыдбон æмæ фыдлæг бирæ нæ хæссынц,—цыма чысыл сывæллон уыдис, уыйау Чабæханы сæрыхъуынтæ йæ къухæй лæгъзгæнæгау кодта зæронд лæг.— Мæнæ сæм мæ чысыл хур æртхъирæнтæ кæны. Æз, дам, сын сæ танктыл сугтæй арт бандзардзынæн...

— Тетя Чабæхан, уыдон нын нæ кæртмæ дынджыр танк батардтой. Фашисттæ сты, нæ? Æз сæ уайтагъддæр базыдтон,— ракъæр-къæр кодта гыццыл чызг.

Чабæхан æнæдзургæйæ сывæллоны йæ хъæбысы æрбакодта.

— Мæ хæдзарыл, лæугæйæ куы баззадыстæм. Æрбадут ма.— Йæ низтæ дæр дзы ферох сты, афтæмæй уаты къуымты зилæнтæ систа Тамар. Цы архайа, кæуыл сагъæс кæна, фæстаг бонты, уæлдайдæр та фæстаг сахæтты цы æнтъыснæгдзинад бавзæрста, уымæй иуцъус уæддæр щæмæй фервæза, уый амал ын фæцис.

— Марадз-ма, Чабæхан, дон ахъарм кæн сæ къæхтæн. Феня, ды та сывæллæттæн се 'ддаг уæлæдарæс фелвас. Æз сын ныртæккæ хæринаг ацæттæ кæнон.

— Дæхи ма æнцой æруадз, æнæфæразгæ куы дæ, мах æрмæстдæр ардыгæй райсоммæ. Нæ кæртмæ нæ бакæсын дæр нал бауагътой, бынбауинæгтæ: Мæ чысыл зæрдæдарæнтыл у мæ сагъæс. Райсом мæ тиуы хæдзармæ ацæудзыстæм. — Йæхи рæстытæгæнæгау дзырдта Уырызмæджы бинойнаг. — Тæхудиаг, чи амæлы. Сымахæн дæр æдас нæу...

— Уæдæ ма исчи бавзарæд,— æртхъирæнгæнæгау загъта Тасолтан. Фæлæ йæ ныхас фидар нæ фæкасти, чи йæм хъуыста, уыдонмæ.

— Æргом тохæй æз æмæ дæу хуызæттæ ницыуал рамбулдзысты...— сдзырдта Уырызмæг.—Тыхгæнæг хъæбæрзæрдæ вæййы. Адонæн та адæм схонæн дæр нæй.

Иууылдæр сæхи банкъардтой цыдæр æнæбон, æдых: адæймаг ахъаззаг тохы састы бынаты куы баззайы, уæд куыд вæййы, афтæ...

Дыууæ кæстæр сывæллоны йедтæмæ æхсæвæр ничи бахордта. Кæрæдзимæ комкоммæ кæсын дæр æфсæрмыйкодтой, цыма цы æрцыди, уым сæ алчидæр аххосджын уыдис, уыйау. Æнæ исты дзургæйæ Чабæхан се 'ппæтæн дæр дыууæ уаты хуыссæнтæ бакодта æмæ сæ алчидæр иунæгæй баззади йæ сагъæссаг хъуыдытимæ.

Чысыл горæт уыцы æхсæв, æвæццæгæн, фыццаг хатт уыдис ахæм мæстджын æмæ æнæнцой, ахæм тыхст æмæ уырыд. Чи зоны, иу къорд хæдзарæй фæстæмæ.

* * *

Европæйы, стæй æнæхъæн дунейы дæр сæ мыггаг, хæмпæлгæрдæгау, кæмæн сбирæ, ахæм хуымæтæджы фашистыл нæ нымадта йæхи майор фон Кассен. Европæйы алы рæтты немыцаг хæцæнгарзы сгуыхтдзинæдтæ йæ сæр бынтондæр кæмæн разилын кодтой, ахæм фашист дæр нæ уыд. Цыдæриддæр уыдис, уæддæр йæхæдæг йæхи, ахæмыл нæ нымадта. Хуымæтæджы нæ фæци каст Берлины университет. Цыбырдзырдæй, йе 'мсæр афицерты æхсæн йæхи нымадта ахуыргонддæр æмæ зондджындæрыл. Уымæ ма ноджы бæрзонд, цъæхдзаст, бурхил — цæвиттон, сыгъдæг арийаг гуырд... Ирæттæ... Фон Кассеныл, æвæрд ис ахсджиаг мисси — рагзаманты зындгонд фыдæлтæ кæмæн уыдис, стæй Уæрæсейы чи схъæддаг, уыцы чысыл адæмы фæстæмæ йæ гаччы сбадын кæнын. Кæй зæгъын æй хъæуы, адон дæр бæлдзысты хæдбар щардмæ, сæ экономикæ, сæ культурæ рæзын кæнынмæ. Æмæ уый дæр хорз у, фæлæ мах нæ сыгъдæг туг уый тыххæй нæ ныккалдтам æмæ алыхуызон ницæйаг адæмтæн царды фадæттæ аразæм.

Уæвгæ фендзыстæм. Алкæмæ дæр æрхаудзæни, цы аккаг у, ахæм хай. Ныræй фæстæмæ хъуамæ уымæй, фон Кассенæй, аразгæ уа, ацы хъæддаг адæмы хъысмæт, йæ абон дæр, йæ сомбон дæр. Ныræй фæстæмæ уый,

фон Кассен, цытджын фюреры зонд-джын хъуыдытæ хæлиу кæндзæни ацы адæмы æхсæн.

Æппæт уыцы хъуыдытæ фон Кассеты сæры зылдысты, æфсæддон хæйттимæ ардæм, Алагирмæ, машинæйы цæугæйæ. Йæ уæрджытыл æвæрд уыди тыппыргомау пъартфел, йæ фарсмæ — автомат. Разæй шофыры фарсмæ — йæ хъахъхъæнæг, фæсте йæ цуры бадтис лейтенант. Мæнæ æрбахæццæ сты Алагирмæ. Хуымæтæджы чысылгомау хæдзæрттæ, фæйнæджыты гæппæлтæй конд æмæ уистæй быд бырутæ, цъыфдзаст уынгтæ. Цы хъæутыл æрбацыдис, уыдонæй цыма ницы хъаууджыдæр у. Æрмæстдæр горæты астæу стæм рæтты — дыууæуæладзыгонтæ. Йæ зæрдыл æрлæууыдысты, сæхимæ, Пруссийы горæттæ æмæ хъæутæ. Уыдон бынтон æндæрхуызон сты, æндæр у сæ архитектурæ, сæ бакаст, сæ хуыз. Кавказ, Кавказ... Алыхуызон фæстæзад адæмтæ — черкестæ, кæсгæттæ, балхъайрæгтæ, ирæттæ... Суанг Берлины университеты куы ахуыр кодта, уæддæр никуы фехъуыста ахæмты кой. Уæвгæ мæнæ ацы ирæтты тыххæй цыдæртæ зоны. Уыдон дæр, дам, арийæгтæ сты...

Ардæм йæ рацæуыны размæ йемæ ныхас кодтой, стыр бынат чи ахсы, ахæмтæ. Базонгæ ис иу-цалдæр уацайрагимæ дæр. Се 'ппæт дæр ын дзырдтой: «Кавказы адæмтæ немыцмæ æнхъæлмæ кæсынц хуыцаумæ æнхъæлмæгæсæгау, цæмæй сæ фервæзын кæной æнæхайыр фæуинаг большевиктæй». «Сæрибаргæнæг æфсадæн куыд æмбæлы, афтæ-иу архайут. Амал кæм уа, уым-иу уæхи равдисут уыцы адæмты традицитыл узæлынгæнæгæй. Дызæрдыг кæуыл кæнат, уыдон-иу иувæрс кæнут æнæуæлдай хъæр æмæ ахстæй,— дзырдта йын инæлар фон Тагель.— Цыбырдзырдæй, уыцы хъæддаг хæххонты нæхи фарс фæкæнут, æмæ сæ фæзилут уырыссаг большевикты ныхмæ. Кæрæдзийы цас тынгдæр ныццæгъдой, уыйбæрц хуыздæр. Кавказ хъуамæ хицæнгонд æрцæуа Уæрæсейæ,— Инæлар йæ дæндæгтæ базыхъхъыр кодта æмæ ма йæ ныхасыл бафтыдта:— Афтæ ма банхъæл, æмæ хохæгтæн сæрмагонд паддзахад саразынмæ хъавæм. Нæ! Уыцы бæстæтæ нырæй фæстæмæ уыдзысты мах, немыцаг адæмы. Хомаджы æмæ кусæгкъухты гуырæн... Æмæ сæхимидæг сæ кæрæдзийы цас къаддæр æмбарой, уый бæрц хуыздæр. Уæрæсейы куы басæттæм, уæддæр ма нæ хæцын хъæудзæни».

Фæлæ фон Кассен нæ уыны нæдæр хъæлдзæг адæмы дзыгуыртæ, нæдæр саулагъз, сауæрфыг чызджыты, йæ машинæйы цæлхыты бынмæ йын дидинджытæ чи æппара, ахæмты. Уый нæ, фæлæ ма уынгты змæлæг дæр нæй, бирæ хæдзæрттæн сæ рудзгуытæ куырм æхгæд. Ау, ам дæр Уæрæсейы хуызæн у? Ам дæр ма сæм уыцы ницæйаг большевикты зондахаст ис? Æви та ам дæр уыцы æнæбайрайгæйы партизантæ архайынц? Нæ, нæ! Уый, æвæццæгæн, сармадзанты гæрæхтæй фæтарстысты. Тагъд ралæсдзысты сæ лæгæттæй. Сæхи нæм æрбалвасдзысты, бахъæудзæни сæ не 'ххуыс, нæ уынаффæ...

«Æвæдза, немыц стыр æмæ цытджын нации сты! Гъ-м... Цæй-ма, Рихард, ферох дæ ис, чингуыты куыд фыст уыдис?.. Къарол Пруссийы сæргъы, Прусси Германы сæргъы, Герман та — æппæт дунейы сæргъы... Гъо, иннæ адæмтæн сæ сæргъы лæууын, уыдонæн зонд амонын махæн рагæй дæр нæ туджы ис. Раст у, æвæдза, нæ фюрер. Мах йедтæмæ ма кæй бон бауыдаид æппæт дунеимæ схæцын? Никæй! Кæнæ æппæт дæр мах, кæнæ — ницы! Нæ нацийы лозунг! Уый нæ зонд æмæ нæ ныфсы бæрæггæнæн у! Уадз æмæ кæла туг! Фæуæлахиз уæвæг кæддæриддæр раст вæййы. Ахæм у историйы логикæ!».

Машинæйы бадгæйæ фон Кассен ауыдта, дыууæ салдаты иу бæстыхайы къулыл цавæрдæр «Приказтæ» куыд ныхæстой, уый. Машинæ баурмын кодта æмæ рахызти. Салдæтты цурмæ бацыди, уыдон сæ куыст фæуагътой, сæ рахиз къухтæ фæхъил кодтой.

— Хайль Гитлер!

— Хайль! — дзуапп сын радта майор, стæй къулыл цы приказ баныхæстой, уымæ ныккасти. Йæ сæр батылдта, йæ былтæ сæнщъылдтæ кодта. Салдаты къухæй иу приказ райста, цыппар дыдагъы йæ фæкодта, фæстæмæ йæ машинæмæ раздæхти æм сдзырдта:

— Комендатурæмæ.

Шофыр салдæттæй иуы афарста, комендатурæ кæм ис, зæгъгæ. Салдат ын къухæй ацамыдта, кæцырдæм сæ азилын хъæуы, уый. Уайтагъддæр бахæццæ сты дыууæуæладзыгон хæдзармæ. Къулыл фыст: «Горæт Алагиры комендатурæ».

Майор машинæйæ рахызти æмæ нарæг тыргъты хъæдын асинтыл дыккаг

уæладзыджы уæрæх тыргътæм ссыди. Уым иу-цалдæр къахдзæфы куы акодта, уæд гом рудзынгæй мидæмæ ауыдта: къулы рæбынмæ æвваxс егъаугомау стъолы уæлхъус лæууы æфсады майор. Йæ разы — дæргъæлвæс æрыгон лæппу.

— Сырхæфсæддон дæ?

— Рынчын дæн. Æфсадæй уæгъдгонд дæн.

— Ды та чи дæ? — майор тызмæгхуызæй баздæхтис ацæргæ цыбыркъах лæгмæ.

— Мæ ахсæн фæриссы. Рагæй риссы, тынг фæриссы.

Тæлмацгæнæг, сырхцъар адæймаг тагъд-тагъд тæлмац кодта уырыссаг æвзагæй — немыцагмæ, немыцаг æвзагæй — уырыссагмæ.

Майор фæстæмæ баздæхтис дæргъæлвæс лæппумæ:

— Цы ми гæнæг дæ?

— Типографийы куыстон,—йæ цæстытæ тъæбæртт кодтой, йæ даргъ къухтæ та — зыр-зыр, афтæмæй дзуапп лæвæрдта æрыгон лæппу.

Майор йæ цæсгомы фыдтæ сæнцъылдтæ кодта, цыма туаг æхсынцъы ахордта, уыйау æмæ сдзырдта:

— Акæнут сæ. Ахæстонмæ! Ды та чи дæ?— Майор фездæхти хæрзарæзт æмæ хæрзхуыз лæппулæджырдæм.

— Æз ахуыргæнæг... Уыдтæн ахуыргæнæг. Мæн нæ бамбæрстой. Мæн рæдыдæй æрцахстой.

— Уый та цы хоныс? Куыд рæдыдæй?— майоры бурбын æрфгуытæ сæхи хæрдмæ систой.

— Æз мæхæдæг сымахмæ цыдтæн. Мæ фыд дæр цæуинаг уыдис. Сымахæн æгас цæуат зæгъынмæ... Æз кæддæр фысгæ дæр кодтон. Æмдзæвгæтæ радзырдтæ...

— Гъо-гъо! Поэт. Сталиныл зарджытæ фыстай?

Фон Кассен цымыдисæй бакастис интеллигентхуыз лæппулæгмæ, цыдæр сдзуринаг уыдис, фæлæ йæхиуыл фæхæцыдис.

— Къуылых дæ?

— Нæ, уый...

— Цæф уыдтæ? Сырхæфсæддон дæ? Бамбæрстон. Акæнут æй!

— Ды та чи дæ?—майор афарста æндæр адæймаджы...

Фон Кассен тыргъы дарддæр ацыди. Иу æндæр егъаугомау уат æфснайдтой æртæ салдаты. Фон Кассен мидæмæ бахызти. Зæрондгомау стъолы сæрмæ салдæттæй иу ауыгъта Гитлеры хуызист, плакатæй кæй ралыг кодтой æмæ сызгъæринхуыз рамкæйы кæй бавæрдтой, ахæм. Комендант тагъд къахдзæфтæй уаты смидæг, æвæццæгæн, фон Кассены дæр не 'рхъуыды кодта.

— Афон у фæуынæн!— фæхъæр кодта салдæттыл.

Ныв ауындзыныл чи архайдта, уыцы салдат фæтарсти, комендантмæ фæстæмæ фæкасти, Гитлеры хуызист къулæй расхъиудта æмæ пъолыл йæ гуыпп фæцыдис. Салдат бандонæй рагæпп кодта, æмæ хуызист фелвæста. Къулыл æй ацауыгъта. Салдæттæ æртæйæ дæр феддæдуар сты. Дыууæ афицеры раз ма баззадис, телефон чи арæзта, уыцы фелдьфебель.

Комендант цæхгæр фæзылдис, фон Кассен кæцырдыгæй лæууыдис, уырдæм.

— О-о! Бахатыр кæн, нæ дæ бафиппайдтон. Табуафси, саккаг кæн,—æмæ фæлмæн бандонмæ ацамыдта.

— Бузныг,— æмæ йæм Кассен радта, чысыл раздæр салдæттæ уынджы къулыл цы приказтæ ныхæстой, уыдонæй иу.

— Ахсын, ауындзын, марын.... Æндæр ницы зæгъæн уыдис уæ приказы?

Комендант гæххæттыл йæ цæст æрхаста.

— Нæ дæ 'мбарын.

— Байхъус-ма, господин комендант,— фон Кассен фельдфебелырдæм бакасти, фæлæ комендант цыма ницы бамбæрста, науæд та йæ æмбарын нæ фæндыд, афтæ дардта йæхи.— Рох дæ ма уæд, мах Кавказы стæм.

— Æмæ ам топпы нæмыг табуйаг у?

Фон Кассен дзуапп раттынмæ нæ тагъд кодта. Сæ ныхас искæйы цур кæнгæ нæ уыдис.

— Цæттæ у, господин майор,— хъуыддаг цæй мидæг ис, уый бамбаргæйæ, сдзырдта фельдфебель æмæ федде.

— Нæ сомбоны фарсхæцджытæй рагацау нæхицæн знæгтæ кæнын нæ хъæуы. Уырыссаг большевиктæ уыдонæн дæр уæнгæл сты. Кавказы адæмты хъуамæ фæзилæм Уæрæсейы ныхмæ... О, хæдæгай, æрдæбон кæй æрцахстат, уыдонæн цы кæнынмæ хъавут?

— Иуты — Барастырмæ, иннæты...— комендант йæ къух æбæлвырд тылд акодта.

— Йæхи ахуыргæнæг чи схуыдта, уый ма мæм æрбарвитут. Æнæмæнгæй! Типографийы кусæгимæ дæр уал

фæфæстиат ут. Ныръæй фæстæмæ та бынæттон цæрджыты тыххæй уæ фæндтæ, уæ архайд раздæр æз куыд зонон, афтæ.

— Цыма дæ бартæ æгæр кæныс... Ды дæр майор, æз дæр майор. Уымæй уæлæмæ ма æз дæн горæты комендант дæр.

— Ды дæр майор, æз дæр майор. Фæлæ нæ хæстæ æмæ нæ бартæ иу не сты.

— Æз нæ сахуыр дæн мæ бартæ искæимæ дих кæныныл. Фронтовик дæн æз!

— Фронт аивгъуыдта. Архайын райдыдта политикæ.

— Фронт ис æрмæстдæр дæс километры дарддæр. Стæй хуыздæр уаид, уæ ведомствæйы кусджытæ ныхæстæ кæныны бæсты хæсты быдыры куы уаиккой, уæд.

— Господин комендант, куыд дæ фæнды? Æппæт уыцы ныхæстæ Берлинмæ фæхæццæ кæнон, æви ам, гестапомæ?

— Дæлимонтæм дæр! — комендант ратæвди.— Дæумæ гæсгæ, ацы хъæддæгтæ искæд мах фарс рахæцдзысты?

— Господин комендант, дæу дæр, æвæццæгæн, нæ фæнды æппынæдзух топпыхосы боцкъайыл бадын.

— Дæхицæй гуманист аразынвæнд ма скæн?

— Никуы федтай, дурсæттæны куыд кусынц, уый? Фыццаг халджытæ динамитæй æнæхъæн къæдзæх рафæлдахынц, стæй уæд райдайынц дурамайджытæ, мастертæ. Æмæ уыдон алцыдæр баныввыл кæнынц. Хæсты дæр афтæ у. Сармадзантæ ныхъхъус вæййынц æмæ райдайынц идейæтæ. Хъæддаг адæмы зонд рæстмæ саразынæн топпы нæмыг æмæ бæндæнæй уæлæмæ дæр ма ис мадзæлттæ. Бауæнд мыл, господин «къæдзæххалæг».

Коменданты тыппыр уадултæ ахъулæттæ сты, йæ æфсæрты фыдтæ базмæлыдысты. Фон Кассен цыма ницы бафиппайдта, уыйау йæ ныхас кодта:

— Квислингтæ æмæ Лавалтæ алкæмæдæр ис. Суанг ма Чермберлен æмæ Даладе дæр æххуыс кодтой фюрер æмæ Германæн. Уæдæ йын ныр дæр чысыл нæй сусæг фарсхæцджытæ Англисы дæр, Амырычы дæр, æппæт бæстæты дæр. Уыимæ тæккæ хъæздыгдæртæй. Афтæ у абон, афтæ уыдзæни сомбон дæр.

— Æмæ ма нæ уæд сармадзантæ æмæ танктæ дæр цæмæн хъæуынц,— алхыскъ æй кодта комендант.

— Мæ ныхас хъазинаг нæу. Рох дæ ма уæд, Уæрæсеимæ мах хæцын райдыдтам 1941 азæй бирæ раздæр. Искæд бонты ма истори уый тыххæй йæ ныхас зæгъдзæнис. Мæнæн мæ зæрдæмæ цæуы ивгъуыд æнусты тыхгæнджыты политикæ: «Адæмы кæрæдзиуыл ардау æмæ се 'ккой бадай». Мах стыр империйы хъæуы кусæг тых. Сармадзантæ куы ныхъхъус уой, уæд æз тракторыл сбадынмæ нæ хъавын. Ацы æмбисонды бæстæйы та иу мин гектары сау мæр зæххæй «нагъ» нæ зæгъин. Ды дæр, æвæццæгæн, афтæ.

— Æз ууыл нæма ахъуыды кодтон.

— Ныууадз дæ ныхæстæ, комендант! Сармадзаны нæмыг рæсугъд сылгоймаг нæу, топпыхос та — францусаг коньяк...— Фон Кассен комендантыл йæ цæст ахæм хуызы æрхаста, цыма зæгъынмæ хъæвыдис: гуымыдза, мæ ныхæстæй дæм исты бахъардта, æви нæ? Стæй та уæд сдзырдта:—Ацы хатт уал нæ ныхас ууыл ахицæн кæнæм,—фон Кассены цæстæнгас æваст фæфæлмæндæр: аракæс-бакæс кодта коменданты кабинеты къуымтæм, рудзынгыл цы æфсæйнаг решеткæ уыдис, уымæ æмæ фæлмæн хъæлæсæй сдзырдта:

— Дæсны дæ, æвæдза, дæхицæн кабинеттæ фæлгонц кæнынмæ.

— Æмæ уæдæ! Хæст куы фæуа, уæддæр хъуамæ ам бадгæ баззайон. Дæ зæрдæмæ фæцыди? Табуафси. Йæ фарсмæ цы кабинет ис, æз уым дæр æрфысым кæндзынæн.

— Афтæ кæй зæгъдзынæ, уый зыдтон. Æвæццæгæн, фыдбæрæггæнæнтыл æууæндыс?

— Ома?

— Фюреры хуызист рахауди...— Æмæ комкоммæ бакаст комендантмæ. Уымæн йæ налатхуыз цæсгом фæсырхи, фон Кассен йæ мидбылты бахудт. — Уæдæ уал æз ам æрбынат кæндзынæн, цалынмæ Владикавказ райсæм, уæдмæ. О, хæдæгай, ма дæ ферох уæд уыцы ахуыргæнæг, æрбарвит æй...

* * *

Чабæханы уæлæ зымæгон дарæс, афтæмæй тагъд-тагъд фæцæуы уынгты. Бирæ азты кæм фæцарди, алы хæдзар, алы уынг дæр ын зонгæ кæм уыди, уыцы горæты уынд чызджы зæрдæ нал тавы. Немыцаг æмæ румынаг ныхас, моторы уынæр— иууылдæр ын сты æнæуынон. Скъолайы цурмæ куы æрхæццæ ис, уæд ын цыма исчи йæ ных

бакъуырдта, афтæ фæцис. Ӕрлæууыд. Бакасти йæ зонгæ бæстыхæйттæм. Кæрт хæстон техникæйæ йемыдзаг. Скъолайы агъуысты рудзгуытæй зынынц... бæхты сæртæ. Чабæхан йе уæнгтæ базмæлын кодта, йе 'нгуылдзтæй йæ цæстытæ ауугæрста... Уæддæр—Бæхтæ... Сырх галстукджын чызджытæ æмæ лæппуты бæсты—бæхтæ... Ноджы ма афтæ дæр банкъардта, цыма йæм æгомыг хайуантæ дисгæнæгау ныккастысты, иу та дзы цыма худгæ дæр бакодта,—йæ дæндæгтæ базыхъхъыр сты, йæ мыр-мыр райхъуысти... Чызджы зæрдæ æрбалвæстæуыди, кæуын хъуырмæ схæццæ. Йæ алфамбылай йæ цæст ахаста, искæмæ æххуыс æнхъæлмæ кæсæгау, фæлæ зонгæ адæймагæй йæ цæст никæуыл æрхæцыд æмæ та фæрасти дарддæр.

Мæнæ горæты астæу зæронд гæдыбæлæстæ арвмæ фæцыдысты. Сæ бæгъæнæг къалиутыл сау халæттæ сæхи æруагътой дзыгуыртæ-дзыгуыртæй. Уыйбæрц халæттæ ацафон ацы ран никуыма федта Чабæхан. Чызгмæ афтæ фæкасти, цыма ныронджы бæлæстæ, уынг æмæ горæты фидауц чи уыди, уыдон дæр сæхихуызæн нал сты, цыма сæ чидæр фыдæнæн рабæгънæг кодта, бастыгъта сæ æмæ зæрдæнизы хос фестадысты. Ӕмæ йæм уæвгæ афтæ сидзæрхуыз зынынц æрмæст бæлæстæ нæ — хæдзæрттæ дæр, уынгтæ дæр, суанг йæ сæрмæ цы арв ис, уый дæр. Чабæханы зæрдыл цæмæндæр æрбалæууыдис, æрæджы цы æнахуыр фын федта, уый. Цыма гыццыл гыкъынайæ сæ кæрты чындзытæй хъазыди, сау куыдзы къæбыла. йын йæ чындзыты дзæбæхдæр аскъæфта... Къæбыла сау хъæрццыгъа фестади... Чабæханы йæ ныхтæ фæсагъта уæлаæвмæ йæ систа...

Фынтыл не 'ууæнды, фæлæ цымæ уæддæр цы амоны?

Мæнæ иу цæхгæрмæ уынджы фæзилæны тигъыл дурæй амад быруйы цур зæронд лæг, зæронд ус, иу дæсаздзыд чызгимæ. Кæсынц къулыл ныхæст приказмæ... Чабæхан сæ хæд ракомкоммæ куыд ныххæццæ, афтæ зæронд лæг фæрсы:

— Цы фыссынц, гыкъына? Цæстæй рæвдз нал дæн.

— Горæты цæрджытæ хъуамæ æххуыс кæной уæлахизхæссæг немыцаг æфсадæн,— сабыргай кæсы чызг.— Хъуамæ цæуой кусынмæ, кæдæм сæ арвитой, уырдæм... Приказ чи нæ æххæст кæна ,уый цæудзани мард...

Цыма къулыл ныхæст приказ æмæ йæ ныффысджытæ дæр ам, Алагиры кæй сты, уый комкоммæ Чабæханы ахкос у, ахæм зæрдæйы уагимæ ныййыгъуыдта сæ цурты.

...Салдæтты цырыхъхъыты къуппкъуппæй Чабæхан йæ мидбынаты схъиуæгау фæкодта æмæ йæхи байста иу хæдзары рæбынмæ. Йе 'рбакомкоммæ иу салдат æмæ пъæлицæйаг æрбацæй кодтой йæ зæронд ахуыргæнæджы æд бинойнаг. Ахуыргæнæг ын йæ сæрæй акуывта. Йæ буар цыма зды фестади, афтæ фæци чызг, къулыл банцой кодта. Иуцасдæр алæууыди, стæй та размæ атагъд кодта.

Зын у цæуын Чабæханæн, йæ зæнгтæ сахъат сты, фæлæ уæддæр фыр тæссæй згъорæгау уайы. Мæнæ, уынджы тигъыл, кæдæм тагъд кодта, уыцы хæдзар. Ам афтек уыдис. Уынгæй мидæмæ бахизæн дуар бахоста... Банхъæлмæ касти. Дзуапп дæттæг ын нæ фаци. Фæстæмæ ноджы зæрдæсастдæрæй раздæхти.

Сæргуыбырæй цæуы Чабæхан. Йе 'рбакомкоммæ фæзындысты цалдæр расыг салдаты. Сæ иувæрсты куы аивгъуыид, уымæ тырны, фæлæ йыл уыдон, ног азы басылгæнджытау, амбырд сты æмæ йæ алфамбылай цоппай кæнын байдыдтой, заргæйæ: «Августен... Августен... Августен...» Фырмæстæй чызджы зæрдæ атыппыр, фæлæ йæ бон нæ уыдис нæдæр исты загъын, нæдæр исты бакæнын. Ӕппынфæстагмæ куыддæр амалæй салдæтты æхсæнæй феуæгъд ис æмæ згъорæгау акодта.

Чабæхан уыдис, æрдæбонсарай цы диссæгтæ бавзæрста, уыдоны уацары æмæ Мæирбег йæ хæд размæ кæцæй февзæрдис, уый нæ бамбæрста.

— Уый ды дæ, Чабæхан?

Чызг йæ сæрыл схæцыди. Йæ разы лæууыди бæрзондгомау бæрæгбонхуыз лæппулæг. Йæ уæлæ — ног зынаргъ сау пъалто, æрттиваг сау-сауид цырыхъхъытæ, бухайраг уæлдзармæй хъуывджын худ. Кæрæдзимæ фæрсæгау бакастысты.

— Чабæхан, уый ды дæ?

— Ӕз... Ӕз дæн,— цыма йæ цæстытæ æмæ йæ хъустыл не 'ууæндыди, ахæм хъæлæсы уагæй дзуапп радта чызг.—Ӕгас цæуай, Мæирбег...—Чызг дисгæнæгау ныккасти цардхуыз лæппулæгмæ. Уымæн, æвæццæгæн, æхсызгон уыдис Чабæханимæ кæй фембæлдысты, уый. Лæппу æмæ чызг фæрсæй-фæрстæм араст сты. Чабæханы ныр æндæр хъуыдытæ сæ уæлныхты систой: «Кæцæй февзæрди Мæирбег?»

— Сымах дæр нæ ацыдыстут?— лæппу та баздæхти Чабæханмæ.

— Æнæнхъæлæй... Уыцы бон ма нæ куысты дæр æрæмбырд стæм. Куыддæр æвваст рауади,—хи растгæнæгау дзырдта чызг...—Ноджы мад æнæфæразгæ, Тасолтан — иннæ ахæм. Уæдæ æз дæр цы дæн, уый зоныс. Ныр дæр зæрдæйы хос агурæг рацыдтæн. Мадæн...

— Ма тыхс, ссардзыстæм. Кæй нæ ацыдыстут, уый дæр хуыздæр уыди... Искуы удхайраг фæуыдаиккат.

Чабæхан та фæрсæгау йæ цæст æрхаста Мæирбегыл.

— Ам кæй дæн, ууыл дис кæндзынæ. «Æцæгдæр ма, кæцæй фæзынди,— хъуыды кодта Чабæхан.— Фронтмæ ацыдис фарон июлы. Цалдæр мæйы фæстæ йæ къах баст, афтæмæй æрыздæхтис. Акуыста, стæй æртæ мæйы размæ госпитальмæ цæуын, зæгъгæ, йæхи суæгъд кæнын кодта æмæ уæдæй нырмæ нал фæзындис».

— Æмбарыс, хъуамæ Дзæуджыхъæуы госпитальмæ ацыдаин, мæн та арвыстой Налцыкмæ. Уымы хабæрттæ æрыхъуыстаис. Немыц æнæнхъæлæджы æрбабырстой,хицауад сæ сæртæ бафснайдтой, рынчынты, цæфты та æвзæгæсæгæй ныуугъттой. Хуыцау хорз кодта æмæ нæм немыц сæ цæст фæдардтой, стæй чи куыд сæрæндæр уыдис, афтæ нæ нæ къонатæм æрвыстой. Æз дæр нæхимæ æрбафардæг дæн. О, хæдæгай, де 'фсымæртæ та куыд сты? Цы фыссынц? — фæлмæн уагæй фæрсы Мæирбег.

— Писмо сæ рагæй нал уыди,— дзуапп радта чызг.

— Ныххæлиу стæм, ныффалгæрон нæ кодтой... Æгæр зын у. Дæуæн дæр æнцон кæм уыдзæни.

— Адæмæн се 'ппæтæн куыд у, афтæ...

— Се 'ппæтæн? Нæ мæ уырны. Бирæтæ цæрынц сæ зæрдæйы дзæбæхæн. Æз та фæстæмæ хæстмæ ацæуыны тыххæй мæ быцъынæг тыдтон,—чызджы цæстытæм бакæсыныл фæлтæрæнтæ кæнгæйæ, дзырдта Мæирбег.— Уæвгæ та ма цы рамбылдтаин? Дæлдунейы цæрджытыл ма иу бафтыди. Уый æнхъæл та чи уыди? Хъуыды ма кæныс, куыддæр иу зарыдыстæм? «...Æмæ знаджы зæххыл мах знаджы ныддæрæн кæндзыстæм!» Сæнттæ, сæнттæ... Ацы немыц та... Куыд дын зæгъон... Мах пропагандæ сæ куыд æвдисы, ахæмтæ цыма не сты. Нæ зонын, нæ зонын... Кæцырдæм ма цы чындæуа, уый нал зонын. —Мæирбег не схъæр кодта, абон немыцаг афицер фон Кассенмæ дыккаг хатт кæй уыдис, уый. Йæ ныхас фæурæдта, банхъæлмæ касти, Чабæхæн цы зæгъдзæни, уымæ.

Чызгæн йæ цæстæнгас æруазал.

— Цыма дыууæрдæм кафыс, афтæ мæм кæсы... Æмæ уæд дарддæр та?

— Кафгæ...— иуырдæм. Дарддæр та?.. Æз — ахуыргæнæг. Уæлæ уыцы хъæд æмæ уыцы хæхты йедтæмæ чи никуы ницы федта, ахæм ахуыргæнæг.

— М-м-м,— зæгъгæ, бакодта Чабæхан.

Мæирбег йе уæхсчытæ базмæлын кодта, сагъæсхуызæй дзуапп радта:

— Цæрын хъæуы æмæ цæрдзыстæм, иннæтæ куыд цæрой, афтæ. Æндæр цы гæнæн ис?

— Кæцы иннæтæй зæгъыс?

Мæирбег бамбæрста: Чабæханимæ ныртæккæ йæ ныхас нывыл нæ рауайдзæни. Уæлдайдæр ам, уынджы. Нæ йæ бамбардзæн.

— Чабæхан, мæн фæндид ноджыдæр ма иу хатт куы фембæликкам, уый. Кæрæдзийы куы зонæм. Æрдхæрдтæ куы стæм. Демæ, стæй Тамар æмæ Тасолтанимæ дæр æхсызгонæй аныхас кæнин. Ныр та уал фенынмæ. Æгæр бирæ лæууæм. Æз уæм фæзындзынæн. Кæд хос дæр ссарин. Куы бахъæуа — дохтыр дæр...

* * *

Æмбисæхсæвтæ. Мад бафынæй. Тасолтаны йæ сæр хъыгдардта, æмæ уый дæр йæ хуыссæнуатмæ ацыди. Чабæхан чингуыты скъаппы бинаг хайæ райста кæрдæгхуыз бæзджын папкæ. Стъолы уæлхъус æрбадти, папкæ йæ разы æрæвæрдта æмæ та хæццæ-мæццæ хъуыдыты аныгъуылди.

...Йæ цæстытыл ауадысты иу ссæдз азы размæйы цаутæ. Дард хæххон хъæу Цъæй. Йæ фыд Миха йæхи рæвдзытæ кæны. Йæ куырæт, йæ цухъхъа æрбакодта, Чабæханы йæ хъæбысмæ систа, йæ риумæ йæ æрбалхъывта, æмæ йын афтæ:

— Æз дын хъулон къабайаг æмæ къафеттæ æрбахæсдзынæн,— æмæ йæ чызджы фæстæмæ уаты зæххыл æрæвæрдта. Чабæхан ма кæртмæ йæ фæдыл разгъордта. Фыд бæхыл абадти æмæ фæцагайдта... Балцæй куы æрбаздæхти, уæд ын, æцæгдæр, йемæ æрбахаста хъулон къабайаг æмæ къафеттæ, ноджы ма æрвхуыз лент йæ сау-сауид дæргъ дзыккутæн.

Чабæхан æрæджиау папкæмæ æрæвнæлдта, йæ бæттæн ын арæхстгай

хæлдта, байгом æй кодта æмæ æв-
ын райдыдта йæ фыды æмæ сæ би-
ты тыххæй алыхуызон гæххæтты-
Æмæ сæм фыццаг хатт нæ кæсы,
ййаг. Хуызистытæ, къухæй æмæ мы-
ыргæнæн машинкæйæ фыст гæххæт-
тæ, чингуытæй, журналтæй, газет-
й кæй ралыгчындæуыди, ахæм до-
менттæ... Рæстæг сыл йæ фæд ныу-
гъта. Иутæ дзы сбурбын сты, иннæ-
ен сæ фыстытæ, æнæлæмбынæг æр-
есгæйæ, нал зынынц.

Чабæхан мысы йæ фыды ныхæстæ...
936-æм азы Цæгат Ирыстоны Педа-
огон институты иу афæдз куы бакас-
и, уæд сæрды сæхимæ, Цъæймæ æр-
ыди. Иу æхсæв, иннæ бинонтæ куы
афынæй сты, уæд фыд æмæ чызг су-
нг дыккаг кæркуасæнтæм фæныхæс-
тæ кодтой. Миха мысыди йæ царды
хабæрттæ, йæ тухитæ, йæ фыдæбæт-
тæ, йæ цины бонтæ...

...Михайы мад амардис, лæппуйыл
фондз азы куы цыдис, уæд. Йæ фæстæ
ныууагъта дыууæ сидзæры. Йæ фыд
Елдзарыхъо дыккаг ус æрхаста æмæ
ма йын уый дæр ныййардта дыууæ сы-
вæллоны. Елдзарыхъо дæр амардис
æмæ Баситы хæдзары хистæрæн баз-
задис дыууадæсаздзыд Мишкæ йæ
фыды усимæ. Тыхамæлттæй Садоны
скъолайы дыууæ азы сахуыр кодта.
Фæлæ æрдзæй зонджын, зæрдæ-
ргъæвд лæппу алыхуызон чингуытæ
бирæ касти. Фæстæдæр, куы бахъомыл
ис, уæд та базонгæ æмæ схæлар Ирыстоны дзырддзæугæдæр фæсивæдæй
бирæтимæ: Битарты Евджинимæ, Æм-
балты Цоцкоимæ, Сохиты Дрисимæ,
Дзассохты Гигоимæ... Ирон æвзаджы
зындгонд ахуыргæнæг æмæ тæлмацгæ-
нæг Зæнджиаты Бæбуимæ та хо æмæ
æфсымæры цот уыдысты, стæй ма уæд
æнæфæхицæнгæнгæ хæлæрттæ дæр.
Зонджын, ахуыргонд фæсивæд æнæ-
фæзынгæ, æнæсахадгæ нæ фесты Ми-
хайы зондахастыл, йæ тырнындзинæд-
тыл, йæ бæллицтыл.

Уæвгæйæ дæр та, Баситы Елдза-
рыхъойы байзæддæгтæ ахуырмæ фыд-
мондаг уыдысты. Михайы кæстæр æф-
сымæр Додæ кæсын æмæ фыссын
базоныны тыххæй бацыдис Лесчены-
рдыгæй «Толстойы общинæ» кæй
хуыдтой, уырдæм. Михайæн йæ фыды
дыккаг усæй чи райгуырди, уыцы æф-
сымæр Гадзо йæ хистæры æхххуысæй
ахуыр фæци Æрыдоны семинар æмæ
кусын райдыдта сауджынæй. Фæлæ
хуыцау æмæ динимæ æмзонд нæ ра-
зындысты. 1908 азы, Столыпины реак-
ци йæ карзыл куы уыдис, уæд Гадзо
Сыгъдæг Синодмæ ныффыста йæ сау-
джыны ном ын цæмæй айсой, уый
тыххæй. Уый фæстæ Гадзо каст фæци
Харькова ветеринарон институт æмæ
суанг йæ амæлæты онг дæр фæкуыс-
та фосы дохтырæй. Гадзойы чызджы-
тæ Зинæ æмæ Тауырзæт, Михайы
чызг Чабæхан, йе 'фсымæр Тазрет
систы рухсад тауджытæ.

Иу иннæйы фæдыл æвзары Чабæ-
хан алыхуызон гæххæттытæ. Мæнæ
кæйдæр къухфыст — Миха Къостаимæ
куыд базонгæ æмæ суанг Къостайы
амæлыны онг дæр хæлæрттæй куыд
фæцардысты, уыцы хабæрттæ. Æмæ
уыдон уæвгæ, йæ фыдæй дæр иу æмæ
дыууæ хатты нæ фехъуыста. Къоста
1888—89 азты фæлгонц кодта Алаги-
ры аргъуан. Цытджын поэты дæр хæ-
рын æмæ дарын хъуыдис. Аргъуанмæ
та æхца бирæ уыд. Æмæ Къоста код-
та, йæ зæрдæ кæмæ нæ радис, фæлæ
йын йæхи хæссынмæ фæрæзтæ чи лæ-
вæрдта, ахæм куыст. Уыцы заманты
Миха та уыдис Алагиры хъæздгуы-
тæ-Бегижановты дуканийы кæстæр
уæйгæнæг. Афтæмæй фæзонгæ сты
Къостаимæ. Дыууæ æмгары, иу азы
гуырдтæ, балымæн сты. Миха Къоста-
йы зæрдæмæ фæцыди йæ уæздан зонд
æмæ йæ хæлар зæрдæйы тыххæй. Ми-
ха фæстаг рæнхъы онг дæр зыдта
Къостайы, æнæмæлгæ сфæлдыстад
æмæ сæ æмбарын кодта йе 'мхъæук-
кæгтæн. Йе 'мгæрттимæ, йæ хистæртæ,
йæ кæстæртæ æмæ суанг, йæ цотимæ
дæр зарыдис Къостайы сфæлдыст зар-
джытæ даргъ хæххон зымæгон æх-
сæвты...

...Цъæйаг ахуыргæнæджы къухфыс-
тытæ. Чабæхан сæ фыццаг хатт нæ
кæсы.

...Къоста Херсонмæ хаст куы уы-
дис, уæд дзы иудзæвгар рæстæг хабар
нал хъуысти Ирыстонмæ. Йе 'рдхæрд-
тæ старстысты, кæд ыл, мийиаг, исты
фыдбылыз æрцыдис, зæгъгæ. Æмæ
уæд Миха ацыдис Херсонмæ Къостæ-
йы агурæг...

...Иуахæмты та Къостайы Ирысто-
нæй куы арвыстой, уæд фæстæмæ су-
сæгæй фæзындис нæ хæхбæсты. Ба-
хъуыдис æй йæхи бафæсвæд кæнын
æмæ æрфысым кодта Цъæйы хъæуы
Баситы Михайы хæдзары...

...Къоста ма фæстаг хатт йæ райгуы-
рæн Нармæ куы цыдис, уæд Цъæймæ
Михамæ фæхабар кæнын кодта, кæд
дам, дæ мæ фенын фæнды, уæд Нар-
мæ фæзын. Дыккаг бон Миха æмæ

Дзалаты Пленка Нары бамидæг сты...

Ноджыдæр ма бирæ æндæр документтæ, æвдисæндартæ, хуызистытæ. 1917 азы, революцийы фæстæ... Миха Æрыдоны ирон адæмы Советы делегат... Миха Мæздæджы, Терчы облæсты адæмты съезды делегат, стæй ирон адæмæй уыцы съезды равзæрст Советы уæнг. Миха Цъæйы хъæуы колхоз арæзджытæй иу...

Мæнæ йæ фыды кæстæр æфсымæры чызг Тауырзæты фыстæг йæ хистæр хо Зинæмæ. Ацы писмо Зинæ Чабæханæн балæвар кодта.

...Æртæ боны размæ та нæ Миха йемæ акодта Цъæйы коммæ, кусгæ кæм кæны, уырдæм, метереологон станцæмæ. Изæрырдæм Миха йæ куыстытæ конд куы фæцис, уæд нын йæ цæрæн уаты æфсæйнаг пецы хус нæзы сугтæй арт бандзæрста, хъæйла нын скодта, стæй битъынайы цай. Уыимæ мах æвналын дæр ницæмæ бауагъта. Сымах, дам, уазджытæ стут. Æхсæвæр куы бахордтам, уæд дын нæ фыды æфсымæр æваст куы базарид йæ фæлмæн æмæ æмбисонды зæрдæисгæ хъæлæсæй:

Æз дæ зарынмæ куы
хъусын,
Уæд хъæлдзæгдæрæй
фæкусын,
О мæ хуры хай,—
Азар ма, чызгай!..

Мах бар нал сты нæ
сæртæ...
Азар, цалынмæ дæ зæрдæ
Не ссау фыр мæстай,
Адæмы мæтæй!..

Мах хæлиудзыхтæй кæсгæйæ бааздыстæм мæ фыды æфсымæрмæ. Чабæхан ма йæ фехъуыста заргæ, фæлæ æз — никуы. Мæхинымæры дисы бацыдтæн, мæ цæстытæ ныдздзагъыр сты, афтæмæй йæм кастæн, æнхъæлмæкæсгæгау, уæдæ ма кæд ноджы азарид, зæгъгæ. Фыды æфсымæр мæ, æвæццæгæн, бамбæрста.

— Булæмæргъ нæ дæн, уый мæхæдæг дæр æмбарын, фæлæ уæ кæд фæнды, уæд ма уын мæрдты сызгъæрин талатæ суадза, Къостайы номæй азардзынæн.

— Фæнды, фæнды! — æмхъæлæсæй та сдзырдтам мах. — Фæнды! Æмæ та чысыл уаты ныййазæлыд йæ хъæлæс:

Мæ Ир-ры фæсивæд! Дæ цинæй,
дæ хъыгæй
Фæл-ластон мæ сау зæр-р-дæ
да-ард...
Цы ма мын кæндзынæ?—Дæ
цæстыты сыгæй
Æнæ х-хай фæуыдзæн
мæ ма-ард!...

. . . . . . . . . . . .

Ме 'уæнгтæ ихæнризгæнæгау кодтой, мæ зæрдæ суынгæг. Бакастæн Чабæханмæ. Уый та мæнæй фыддæр 'уавæры уыд, æвæццæгæн æй скæуынмæ бирæ нал хъуыдис.

Миха та зарыдис æмæ зарыдис, Иры зондджындæр лæг æмæ йе 'нæмæлгæ æрдхорд Къостайы æрхæндæг зæрдæйæ чи сирвæзти, уыцы ныхæстæ... Уыимæ-иу иуæй-иу ныхæсты, щæмæй зæрдæмæ арфдæр хызтаиккой, уый тыххæй ранæй-рæтты мыртæ фæдывæр кодта...

Кæй чызг мыл 'скæндзæн
зæр-рдæх-халæн хъар-рæг,
Кæй кæуынæй риздзæн
къæдзæх-х,
Кæй фæндыр-р сцæгъддзæн
мæ иу-унæджы зар-рæг,
Чи уадздзæн мæ дугъы
йæ бæх-х?..

Чабæханы рустыл фæзындысты цæссыджы фæрдгуытæ. Йæ фыд зард куы фæци, уæд та йæхи æппындæр нал баурæдта æмæ хæкъуырццæй ныккуыдта. Æз фырдисæй кæм уыдтæн, уый æмбаргæ дæр нал кодтон. Мæ фыды æфсымæрæн йæхицæн дæр иуцасдæр йæ бон сдзурын нал уыдис.

Рагæй, мæхи æмбарынхъом куы фæдæн, уæдæй нырмæ хъуыды кæнын мæ фыды æфсымæры. Фæлæ мæм афтæ фæкасти, цыма йæ абон фыццаг хатт базыдтон. Нæ фыд дæр зондджын у, Миха æрмæстдæр дыууæ азы сахуыр кодта скъолайы. Уый та ма институт дæр куы фæци, уæддæр дзæгъæл хуымæтæджы нæ фæзæгъы: Миха не 'ппæтæй дæр зондджындæр у, æмбаргæдæр. Уыцы ныхæсты бын ныр æз дæр мæ къух æхсызгонæй бавæрин. Чабæхан дæр йæ фыды хуызæн фæлмæнзæрдæ æмæ æмбаргæ у. Мæнæй фæлмæндæр, хæларзæрдæдæр...

Дыккаг бон та мах нæ, фæлæ ма цавæрдæр туристты дæр дисы бафтыдта. Мах здæхтыстæм Цъæйы хъæумæ. Миха цыдис нæ разæй, йæ хæрæджы æккой сугтæ, афтæмæй. Уалын-

мæ дын ныл æрбамбæлдысты цалдæр туристы. Сæ иу, иу дыууæ æмæ ссæдз азы кæуыл цыдаид, ахæм лæппу, куыддæр нæ размæ æрбахæццæ, афтæ, æвæццæгæн, æз æмæ Чабæханы цæстмæ ракъæр-къæр кодта Лермонтовы «Мцыри»-йæ цалдæр рæнхъы.

Держа кувшин над головой,
Горянка узкою тропой
Сходила к берегу...

Миха лæппуйырдæм фæзылдис æмæ йын йæ хуын фæстæмæ йæ тæбæгъы авæрдта, сыгъдæг уырыссаг æвзагæй бакасти:

Держа кувшин над головой,
Грузинка узкою тропой
Сходила к берегу. Порой
Она скользила меж камней,
Смеясь неловкости своей.

. . . . . . . . . . .

— Лæппу, Лермонтовы зыгъуыммæты кæнын не 'мбæлы.

Къуыдиппарæзт декламатор йæхæдæг дæр æмæ йе 'мбæлттæ дæр дисы бацыдысты, арф хæххон комы æдхæрæг зæронд лæг, йæ бакастмæ гæсгæ хуымæтæг зæхкусæг, кæнæ фиййау, Лермонтовы куыд бæлвырдæй зоны, ууыл.

...Æмбисонды лæг у нæ фыды æфсымæр. Ноджыдæр ма бахæлæг кодтон Чабæханмæ. Йæ фыды хуызæн у бакастæй дæр, удыхъæдæй дæр...»

Документтæ, писмотæ... Кæсы Чабæхан æмæ дзы, æнхъæлдæн, ферох ис, кæм и æмæ сыл цы уынгæджы бонтæ ныккодта, уый дæр.

* * *

Тъахтиныл йæхи фæстæуæз ауадзтæйæ, Чабæханы мад Тамар цыдæртæ æмпъузы æмæ йæ хъус дары ныхасгæнджытæм. Уыдон та Чабæхан æмæ Мæирбег сты. Сæ уазæг æмбисонды хæрзарæзт у. Тарбын ног цъæх костюм, урс хæдон, галстук, сау-сауид туфлитæ... Чабæхан бады, уый та йæ уæлхъус рацу-бацугæнгæйæ, дзуры:

— Ныр дæр мæ зæрдæ нæма æрынцади æндæрæбоны бæллæхтæй. Куыддæр дæуимæ фæхицæн стæм, афтæ дын мæ куы рацахсиккой. Комендатурæйы мæ бамидæг кодтой, чысыл ма бахъæуа, агæрах мæ кæной.

— Мæ къонайыл!—райхъуыст Тамары хъæлæс.

— О, о, къулæнцой мæ слæууын кодтой. Комендант мæм йæхæдæг дамбаца ныддардта, Большевикты агент, дам, дæ... Мæ хæд цæстыты раз иу шпионы агæрах ластой. Мæ амондæн, уыцы минут фæзынди, стыр бынат чи ахсы, ахæм афицер. Уый мæ, æвæццæгæн, уайтагъддæр бамбæрста, чи дæн æмæ цы дæн, уый. Уæдæ, зонджын адæймаг цæстæй хуыздæр уыны. Фервæзын мæ кодта, стæй мæ уæд йæхимæ бахуыдта. Иу-цалдæр сахаты зæрдæбын ныхас фæкодтам. Æмбисонды дæсны дзуры уырыссагау дæр. Иронау дæр ма загъта: «Дæ бон хорз, лæппу!» Æмбарут, уый цы амоны, уый? Абон дæр та мæ йæхимæ æрбаласын кодта. Ногæй та бирæ фæныхас кодтам. Уый дын лæг, гъе! Зонджын лæг...

— Уагæры цæуыл дзырдтат дыууæ боны?—афарста Чабæхан.

— Куыд æй зæгъон... Иу хъуыддаг фидарæй бамбæрстон: æрлæууыдысты ног рæстæджытæ, ног дуг. Нæ зонын... Мæ мад, мæ фыды стæн, мæнæн дæр мæ зæрдæ фæйнæрдæм тоны... Уæрæсе ахæм уавæры кæй бахаудис, уый мæстæй... Фæлæ... Раст мæ бамбарут... Ирон адæмы цард абухын байдайдзæнис. Цивилизаци кæддæриддæр Европæйæ цыдис. Уæлдайдæр немыцæй. Уæрæсе та цы уыди? Стыр азиаг хъæмпынсæр бæстæ! Европæйы нæ афтæ хонынц. Зæрдæ йæ зæгъын дæр нæ комы, фæлæ... Ныронг цы Уæрæсе уыдис, уымæн рухсаг зæгъут. Зæххардыстæн, зын у мæнæн дæр, ахъаззаг зын, бауырнæд уæ...

Чызг ныссырх, афтæмæй йе 'мныхасгæнæгмæ хæрдмæ скасти. Æрмæст йæ бон сдзурын ницы баци.

— Ноджы ма иу диссаг! Немыцаг зындгонддæр ахуыргæндтæ ирæтты дæр арийаг адæмыл нымайынц. Æнæхъæн Кавказы æрмæстдæр мах! Сæ мард фесæфа! Уый та уый амоны, æмæ мах иннæты æхсæн суыдзыстæм æлдариуæггæнæг нации.

— О, мæ хуыцау, цæй æдылы дæн, цæ! Æз та мæхи хуымæтæг адæймагыл нымадтон!

— Æцæгдзинадмæ цъынддзæстæй кæсын нæ хъæуы. Ахъуыды ма кæнæм, хуыздæр цы у? Цытджын немыцимæ хæларæй цæрын, æви... Афтæ дæ фæнды, цæмæй мах дæр уырыссаг большевиктау ныффалгæрон кæной?

— Хъусын дæм æмæ дисы бафтыдтæн,—Чабæханы хъæлæс базыр-зыр кодта.—Иу адæймаджы рнуы дыууæ зæрдæйы куыд хъуамæ уа? Ныххатыр кæн.. Дыдзæсгом дæ, уый нæ зыдтон...

— Искуы мæ æдылыйæ зыдтай?

Чабæхан йе 'уæхсчытæ фелхъывта, ома, нæ зонын, зæгъгæ.

— Гъемæ уæдæ афтæ... 1937 азы нæ æмбисонды ахуыргæнæг, уæ цард хæрæфырт, Зæнджиаты Бæбуйы цæмæн æрцахстой? Уæд дæ хуыздæр хæлар Таболты Тамарæйы фыд Петкайы та? Уæд Дзугаты Савелийы фыд Газаччы та?

— Бамбæрстон дæ... Æмæ зæгъдзынæн. Бæбу уыдис нæ хæрæфырт. Мæ фыдæй йæ къаддæр нæ уарзтон. Бирæ дзæбæхтæ мын фæци. Фæлæ суанг йæ бинойнаг Клавдия Александровнæйæ дæр æмæ йæ лæппутæй дæр зул ныхас никуы никæмæй фехъуыстон советон цардарæзты тыххæй. Уæдæ Тамарæ æмæ Савелийæ дæр афтæ... Уæд сыл ды цы бауынгæг дæ? Уæдæй нырмæ кæмæй æппæлыс, уыцы немыцаджы цæуыннæ бафарстай: сæ адæмы хуыздæрты цæмæн ныццагътой? Тельмæны ахæстоны цæмæн дарынц? Маркс, Гейне, Манн æмæ иннæты чингуытыл арт цæмæн æндзарынц? Европæйы адæмты сæ туджы цæмæн мæцын кæнынц? Францы, Бельгийы, Голландийы, Польшæйы, Чехословакийы... Уыдон дæр уырыссаг большевиктæ сты?

— Уыцы хъуыддæгтæ дунеон политикæмæ хауынц,— Мæирбег фæфæсмон кодта йæ карз ныхæстыл.—Мæнæн мæ сагъæс — нæхи ирон адæм. Мæ фыды цæсгомы стæн, йе скойæ дæр мæ зæрдæ сриссы, фæлæ нал ис... Советон цардарæзт нал ис.

— Æмæ ды гæппæввонгæй æнхъæлмæ кæсыс дæ фарчы хаймæ, нæ?

— Стыр бынæттыл на сахуыр дæн. Советон дуджы мæ профцæдисон æмбырды президиуммæ дæр никуы равзæрстой.

— Æвæццæгæн, нæ зыдтой, «арийаг» кæй дæ, уый. Æллæх-æллæх! Хуымæтæджы зæрдæхудты тыххæй дæ райгуырæн бæстæйы ныууæй кæн! Цы дæ хъæуы, цы? Нæ дæ æмбарын!

— Уый хыгъд æй мæхæдæг æмбарын... Цæвиттон, мæн сæвæрдтой æцæг ирон национ газеты редакторæй. Уый уал нырма. Æмæ мæ бон, мæ хъæру цыдæриддæр уа, уый саразддзынæн нæ ирон адæмы сæраппонд. Нырæй фæстæмæ мæ хъæрутæ, мæ курдиат мæхи бар уыдзысты...

— Арфæ дын кæнын, господин редактор!—Чабæхан йæ бынатæй фестади æмæ цæмæндæр рудзынгæй æддæмæ акасти. Йæ тæккæ акомкоммæ, уынджы иннæ фарс, цалдæр адæймаджы къулæнцой чъылдымырдæм лæууыдысты. Немыцаг салдæттæ сæм джигул кодтой. Мæирбег Чабæханы æмварс балæууыди.

— Уыдоныл ма тыхс! Хæсты рæстæг афтæ вæййы. Æрбадæм уал,—æмæ Мæирбег йæхи бандоныл æруагъта. Чабæхан къулæнцой лæугæйæ баззади.—Бамбар мæ. Сырх Æфсад нал ис. Ныддæрæн æй кодтой. Большевиктæ сæ сæртæ бафснайдтой, чи — хъæды, чи — хохы. Мах та, æз, ды, иннæ—нæхи равдисæм. Бауæндой ныл, æмæ бамбарой, ног Ирыстон, Уырыс æмæ большевиктæй цух Ирыстон, домбай æмæ тыхджын кæй у, уый. Цыбырдзырдæй, хъæуы зондджын æмæ сæрæн адæймæгтæ! Æмæ дæ ног хицауады номæй, мæн чи фервæзын кодта, уый номæй, мæхи номæй хонын газеты куыстмæ, редакторы хæдивæгæй.

Чызг сæргуыбырæй лæууыди. Уæдæй нырмæ цы ныхæстæ фехъуыста, уыдон ын, æвæццæгæн, асастой йæ ныфс, йæ хъæру, æмæ йæ бон сдзурын ницыуал уыдис.

— Чабæхан, зондджын чызг дæ. Фæлæ цы цаутæ æрцыди, уыдон дыл удаист бафтыдтой... Ныр та уал бæстон ахъуыды кæн. Хуыздæр цы уыдзæнис, уый равзар. Мах бакъахдзæф кодтам ног дугмæ, байгом нын сты фæндæгтæ! Советон Социалистон Республикæты Цæдис кæй хуыдтой, уый ныффалгæрон. Алы адæмыхатт дæр тырны хæдбардзинадмæ. Ирон адæм дæр.

Мæирбег æппæт уыцы ныхæстæ конд куы фæцис, уæд йæ мидбынаты цæхгæр фæзылди, комкоммæ ма чызгмæ ноджыдæр иу хатт бакасти æмæ, æвæццæгæн, бамбæрста, хорзæй дзы кæй ницыуал фехъуысдзæн, уый æмæ батагъд кодта йæ пъалто æрбакæнынмæ. Хæрзбон ут, зæгъгæ, ма загъта, дуары хæцæныл йæ къух æрæвæрдта, фæлæ ма уæддæр фæстæмæ ракасти:

— О, хæдæгай, мæ ног хицау, фон Кассен, тынг бæллы сымах бинонтимæ базонгæ уæвынмæ.— Мæирбег дуар байгом кодта. Тыргъæй ма æрбайхъуысти йæ къæхты уынæр.

* * *

Иннæ немыцаг афицертау фон Кассен дæр нæ ныббардзæни, цы бæстæ басæттынц, кæдæм бабырсынц, уым ын йæ ныхасыл, йæ уынаффæйыл исчи дыууæ куы зæгъа, уæд. Ницы хуызы. «Акса-ма уымæ, мах ын кад кæнæм, æгъдауæй йæ кусынмæ хонæм, уый та

«нæгъытæй» хъазы. Æз ын йæ тутт сæрыл дамбацайы нæмгуытæ бæргæ баныммаин, фæлæ дзырд радтон инæларæн, нæ сæрхъæнгонд комендантимæ та хæснаг скодтам, чызг кусын кæй райдайдзæни, уый тыххæй. Æз хуымæтæджы гуымыдза салдафон нæ дæн...»

Кабинеты дуар байгом æмæ фельдфебель æрбахызт, йæ хæд фæстæ та Чабæхан. Майор йæ бынатæй сыстад æмæ чызджы размæ иу къахдзæф ракодта, комкоммæ йæм бакасти. Æмæ уыцы бакастæй цыма чызг фефсæрмхуыз и. Цыдæриддæр уыдис, уæддæр Кассен чызджы уавæр афтæ бамбæрста. Бæрзонд æмæ хæрзконд майоры комкоммæ бакастæй бирæ чызджытæн сæ сæртæ разилынц. Ууыл иу æмæ дыууæ хатты нæ басастысты европæйаг рæсугъдтæ сæхæдæг дæр.

— Æхсызгон мын у дæ уынд, фройлен Чабæхан. Æз бирæ стауæн ныхæстæ æрыхъуыстон дæу тыххæй, дæ бинонты тыххæй æмæ æнæкæрон буц дæн, кæй нæм сакхаг кодтай, уымæй.

— Мæ бынаты чифæнды дæр афтæ бакодтаид... Салдат æй йæ разæй куы скъуымбил кодтаид, уæд—Чызг фыддæр сæмбæлдмæ æнхъæлмæ касти æмæ рагацау дæр цæттæ уыдис карз ныхас кæнынмæ.

— Табуафси,— цыма чызджы æлхыскъ ныхас нæ фехъуыста, уыйау майор ацамыдта, йе стъолы раз цы бандон уыдис, уымæ.

— Бузныг. Æнæвдæлон дæн. Мæ мад рынчын у.—Чабæхан хъуыды кодта, ардыгæй тагъддæр цæмæй федте уа, ууыл.

— Фройлен Чабæхан, æдыхст у. Иттæг æхсызгонæй дын балæггад кæндзынæн. Ныр та уал, дæ хорзæхæй, саккаг кæн æрбадын.

— Мæнæй уæ цы хъæуы, уый мын куы бамбарын кæниккат.

Фон Кассенмæ фæзынди ахæм хъуыды, зæгъгæ, уал æй бынæй, пъадвалы абадын кæнон ардыгæй изæрмæ, науæд та райсоммæ дæр, стæй йæ уæд равдæлдзæни. Фæлæ уыцы хъуыды йæхицæй асырдта. Уый, фон Кассен, дзуапджын немыцаг афицер, йемæ куы аныхас кæна, уæд ма æгæр дæр æрфæлмæн уыдзæни.

— Куыд дын æй зæгъон... Акса-ма, мæн фæндид, дæуимæ зæрдæбынæй аныхас кæнын. Хæст хæст у. Дыууæ бæстæйы хæст куы расидынц, уæд дзы иу фæуæлахиз вæййы. Хабар афтæ рауади, æмæ хуыцау йе 'ргом махырдæм разылдта. Уырыссаг большевиктæ кувын нæ уарзынц, æмæ сæ уый адыл бафхæрдта,—æмæ йæхæдæг йæхи ныхæстыл бахудти.—Мах та, куы бахъæуы, уæд фæлмæнзæрдæ вæййæм æмæ нæ фæнды сымахыл аудын.

— Фыццаджыдæр, мах хæст нæ расидтыстæм, дыккагæй — хуыцау кæй фарс у, уый фæстæдæр сбæрæг уыдзæни. Уæ фæлмæн зæрдæйы хатт та æппæт дунейæн дæр зындгонд у...

— Немыцмæ хæстон рæстæджы цæстæй кæсын нæ хъæуы. Дзурынмæ та, æнхъæлдæн, рæвдз дæ. Æмæ уый дæр бæззы, кæрæдзийы хуыздæр бамбардзыстæм. Акса-ма, мах сымахмæ æрмæст хæцæнгарзимæ не 'рбацыдыстæм. Мах æрбаластам нæмдзыд æмæ хъæздыг културæ. Национал-социализмы идейæтæ... Ныр та ахъуыды кæнæм, дарддæр куыд цæрдзыстæм, ууыл. Æфсады хъуыддæгтæм æз комкоммæ бар нæ дарын. Мæнæн мæ хæс у, большевиктæй цы адæмты суæгъд кодтам, уыдонæн ног цард аразын. Цытджын фюреры æрхъуыдыгонд цардарæзты æгъдæуттæ фидар кæнын. Уымæн та ам ахъаззаг æххуыс фæуаид газет, æцæг ирон национ газет.

— Æвæдза, адæм куыд æбузныг сты. Сымах сыл аудгæ кæнут, уæхи удхарæй марут... Уыдон та уæм знаджы цæстæй кæсынц. Гъе, æрмæст уыцы хорз хъуыддæгты æз кæцырдыгæй дæн?

— Уый дын нæ редактор бамбарын кодта... Акса-ма, фройлен Чабæхан, газет хъуамæ аразой сыгъдæгзæрдæ адæймæгтæ, дзыллæты æхсæн йæ кад бæрзонд кæмæн у, ахæмтæ. Мах зонæм: адæм дæ бирæ уарзынц. Уæдæ большевикты рæстæджы мæнæ ам, уæ районы газеты дæр куыстай. Æнцон мын нæ уыди, фæлæ уæддæр мæнæ цы газет уагътат, уым дæ фыст статьятæй иуæй-иутæм лæмбынæг æркастæн. Мæ зæрдæмæ фæцыдысты. Цыргъ æвзаг дын ис. Мæнæ, акса-ма, ам иу колхозы хицауыл ахъаззаг абырдтæ, æнæхæдзардзин, æнæсæрфат митæ кæй кодта, уый тыххæй.

— М-гъы! Хуымæтæджы критикон уацхъуыд...

— Æз дæр уый зæгъын, уый—критикон! Афтæ ныффыссынмæ алчи йæ ныфс нæ бахæсдзæн. Уый тыххæй хъæуы политикон хъæбатырдзинад, цыргъзонд, стæй адæймаг хъуамæ æмбара цардарæзты сахъатдзинæдтæ.

— Æмбисонды ныхæстæ хъусын... Нæ адæмыл, нæ културæйыл сагъæс

кæнут... Цавæрдæр идеалтыл дзурут, газет уадзынмæ хъавут, уæхæдæг та... «Ох, тæхуды,— ахъуыды кодта Чабæхан,— мæ бон исты куы уаид, уæд, бæргæ, æндæр æвзагæй дзурин демæ».

— Хатыр бакæн, фройлен Чабæхан, фæлæ дæ фыр фæлмæнзæрдæ æмæ зонджынæй сывæллоны хуызæн дæ. Ног хæдзармæ цæмæй балидзай, уый тыххæй йæ раздæр сфæлгонц кæнын фæхъæуы.

— Æмæ уын чи загъта, мах æндæр хæдзармæ балидзын фæнды, уый?

— Æмæ уæдæ афтæ, фройлен,—ацы хатт дæр та цыма чызджы ныхæстæ нæ фехъуыста, уыйау йæ хъуыды æлвисæгау кодта фон Кассен.—Мах дæм нæ къух бадаргъ кодтам, æмæ дæ... хонæм не 'мгуыст кæнынмæ.

— Хонæм кæй зæгъыс, ууыл нæ дзурдзыстæм... Фæлæ æз цæуыл хъуамæ фыссон? Скъолатæй бæхдæттæ кæй сарæзтат, ууыл? Адæмы кæй ахсут, кæй марут, ууыл?

— Фройлен Чабæхан, хатдзæгтæ кæнынмæ тагъд ма кæн. Хæст хæст у.— Фон Кассен бамбæрста йе 'мныхасгæнæг æнцондзырд кæй нæу, уый. Уæвгæ та йæ уырныдта: æртасдзæни. Европæйы ахæмтæ иу æмæ дыууæйы не 'ртасын кодта. Фæлæ йæ иуæй абон дæргъвæтин ныхасмæ не 'вдæлди, иннæмæй та йæ фæндыдис, чызг æнæ бирæ радзур-бадзурæй цæмæй сразы уыдаид, уый. Уый тыххæй та уадз, æмæ ахъуыды кæна йæ уавæрыл.

— О, фæлæ мах хæст нæ хъуыдис...

— Курын дæ... Нæ хъæуы. Фæлтау уал дæ бинонтимæ, де 'рдхæрдтимæ ауынаффæ кæн. Хъусыс? Уæ адæмы царды ныллæууыдис ног дуг, фæстæмæ здæхæн нал ис!—Уыцы ныхæстæ загъд уыдысты фидар хъæлæсæй, ноджы ма йæ къух афтæ батылдта æмæ йæ афтæ æрриуыгъта, цыма æппæт хъуыддæгтæ дæр лыггонд æрцыдысты.— Иу хатт ма дын æй зæгъын: ма фæрæди. Ног фембæлдмæ уал. Тынг æхсызгонæй акæсин дæ фæстæ, фæлæ, бахатыр кæн, хъуыддæгтæй мæ хъуырмæ дæн. — Фон Кассен фæдзырдта фельдфебелмæ.

— Афæндараст кæнут фройлены.

Саст зæрдæ æмæ уæнгмардæй, йæ маст йæ хъуырмæ схæццæ и, цæссыгтæ фемæхсынæввонг уыдысты, афтæмæй дуарырдæм разылдис Чабæхан.

* * *

Фон Кассен Мæирбеджы æрбаййæфта йе стъолы уæлхъус цыдæртæ фысгæйæ.

— Алæма, алæма, цытæ кусут, уымæ æркæсон?—Фон Кассен Мæирбеджы бынаты йæхи æруагъта. Кæсы, стъолыл цы гæххæттытæ уыдис, уыдонмæ.

— Мæнæ уым цы фыст ис? — йе 'нгуылдзæй ацамыдта иронау фыст гæххæтмæ.

— Горæты тæккæ дзырддзæугæдæр хистæртæ арфæ кæнынц сæ ирвæзынгæнджытæн...

— Бæлвырдæй чи сты?

— Бирæ сты. Уыдонимæ мæ фыд дæр.

— О, иттæг хорз! Дæ фыд — иннæтæн фæзминаг. Бархийæ æви семæ кусын бахъуыди?

— Большевикон агитацийы тæфаг уæддæр нæма сыскъуыди, фæлæ, бауырнæд дæ, тагъд йæ кой дæр нал уыдзæни...

— Мæнæ ацы æрмæг та цæй тыххæй у? — ныр та йæ къухмæ æндæр гæххæтт райста майор.

— Уый та... Раздæр колхозы сæрдар чи уыди, ахæм æлгъиты колхозон цард.

— Чи у.

Мæирбег хъуыдытæ кæнынæл фæци, бæлвырдæй цы загътаид, уый нæ зыдта, уымæн æмæ йын автор бæрæг нæ уыдис.

— М-м, бамбæрстон дæ. Афтæ гæнæн дæр ис. Æрмæст æгæр нæ. Æндæр ма уæм цы ис?

— Газеты раздзырд. Йæ сæргонд: «Нæ ирвæзынгæнджытæ». Мæхæдæг æй ныффыстон, — сæрыстырхуызæй дзуапп радта Мæирбег.

— Уырны мæ, советон цардарæзт дæ цæсты сындз кæй фестади, уый. Афтæ нæу?

— Бæлвырд афтæ. Адæймагæн йæ авналæнтæ йæхи бар нæ уыдысты. Йæ къæхтæ, йæ къухтæ — баст. Иууылдæр æмвæз, æмхуызон. Мах та, мæ фыд дæр æмæ æз дæр хъуыддагмæ бæллæг адæм стæм. Афтæ кæй у, уый дæхи цæстæй фендзынæ.

— Æмбарын дæ. Сымах дæр нæ куы æмбарат æмæ нын куы æххуыс кæнат, уæд ды дæр æмæ дæ фыд дæр бирæ рамбулдзыстут. Немыц уарзынц хъуыддаджы адæмы.

— Стыр бузныг, господин майор. Нæхиуыл нæ бацауæрддзыстæм...

— Мах дæр æй нæ зæрдыл бадардзыстæм. Кусынмæ, æвæццæгæн, сæрæн дæ? Фæлæ æрмæст эмоцитæ нæ—

фактт, фактт... Кӕрӕдзиуыл аба-рӕн кӕмӕн уа, ахӕм фактт. Немыцаг адӕмы цардӕй, уырыссаг адӕмы цардӕй. Ӕнӕсӕттон сӕры кӕхцытӕ сӕ бынатӕй схъиудзысты, дызӕрдыггӕнджыты та нӕхирдӕм здахын хъӕуы. Ӕмбарыс мӕ?

— Ӕмбарын.

— Иу хабар ма... Ахӕм дзӕнӕты хуызӕн бӕстӕйы мӕгуыр цӕмӕн уыдыстут? Уымӕн ӕмӕ уӕ хъыгдардтой уырыссаг большевиктӕ. Уыдон — уӕ адӕмы тӕккӕ фыццагдӕр ӕмӕ сӕйрагдӕр знӕгтӕ. Иннӕмӕй та уӕ сыхӕгтӕ — алыхуызон пысылмон адӕмтӕ. Хъыгаг у, махмӕ бирӕ писмотӕ кӕй цӕуы, уый дӕр. Дам-думтӕ, ӕрӕмысӕггаг ныхӕстӕ. — Кассен комкоммӕ ныккасти Мӕирбегмӕ: — Фыссынц сӕ, ӕвӕццӕгӕн, уырыссӕгтӕ... Ирӕттӕ махмӕ кадджын сты. О, хӕдӕгай, дӕ зонгӕ чызг та цы баци? Ницыма ӕрхъуыды кодта? Нӕ редакторӕн хъуамӕ уа йӕхи хуызӕн зонджын ӕмӕ кусаг хӕдивӕг.— Фон Кассен йӕ мидбылты бахудти.— Адӕмы ӕхсӕн кад кӕмӕн ис, ахӕм чызг. Фӕндид мӕ, йемӕ ма иу хатт куы фембӕлин, уый.

— Иттӕг раст хъуыды кӕнут, господин майор. Кусджытӕ нӕ фаг кӕны, ӕмбырдгӕнджытӕ хохмӕ фӕлыгъдысты, журналистты хуыцау йӕхимӕ фӕхаста...

* * *

Уырызмӕг йӕ бинонтимӕ ӕрынцади йе 'фсымӕры хӕдзары, фӕлӕ та уым дӕр нал цардысты. Уыцы хабар Баситӕм куы схӕццӕ, уӕд Чабӕхан сфӕнд кодта Уырызмӕджы типографийы бабӕрӕг кӕнын. Чызгмӕ диссаджы хуызӕн касти, ныронг йемӕ чи куыста, уыдон фашисттӕн лӕггад кӕй кӕнынц, уый. Уырызмӕг иу къорд азы размӕ пенси исын райдыдта ӕмӕ уӕд ныууагъта типографийы мыхуыргӕнӕджы куыст. Ныр сӕ, ӕвӕццӕгӕн, уый сӕр дӕр бахъуыди, фӕлӕ куыд сразы и, йӕ сӕрмӕ куыд ӕрхаста? Йӕ фырт Сырх Ӕфсады командир, немыцы ныхмӕ тох кӕны, уый та... Кӕд сӕм сывӕллӕтты адӕргӕй бацыди...

Редакцийы кӕртмӕ куы бахызт, уӕд зӕронд кардӧ бӕласы ауuон ӕрлӕууыд ӕмӕ ӕнхъӕлмӕ каст, кӕд зонгӕ исчи фӕзынид, зӕгъгӕ. Ӕппынӕрӕджиау Уырызмӕг типографийӕ рацыди ӕмӕ ногуард митӕй йӕ мила къухтӕ ӕууӕрдын райдыдта.

— Уырызмӕг! Уӕ, Уырызмӕг!

— А-а. Чабӕ...хан... Уый ды дӕ?— фӕсусгомау хъӕлӕсӕй сдзырдта зӕронд лӕг ӕмӕ фӕлмӕн бахудтис.

— Ӕгас цӕуай, ӕгас, мӕ хуры хай. Исты ӕвзӕр хабар?

Чабӕхан йӕ цурмӕ бацыд, фӕлваргӕгау ӕм комкоммӕ ныккасти, стӕй, ӕнӕбары дзурӕгау, загъта:

— Уӕ цӕрӕн бынат та аивтат?.. Мамӕ стыхстис... Мӕн рарвыста.

Зӕронд лӕг бамбӕрста чызджы дызӕрдыгдзинад. Йӕ алфамбылай аракӕс-бакӕс кодта ӕмӕ дзы цӕст куы никӕуыл ӕрхӕцыдис, уӕд ын дзуапп радта:

— Фӕстӕдӕр алцыдӕр бамбардзынӕ.—Уырызмӕг никӕмӕн хъӕр кодта районы ӕдасдзинады хайадӕй йын сӕрмагонд хӕслӕвӕрд кӕй уыд, уый.

— Уым дӕр нын бынат нал уыдис... Иу кӕлӕддзаджы ӕрынцадыстӕм. Ничи йӕм бабӕлдзӕни.

Чызг уӕддӕр йӕ дызӕрдыгдзинад бауромын нӕ бафӕрӕзта:

— Уырызмӕг, ардӕм... дӕхӕдӕг?.. Барвӕндонӕй?..

— Мигъ бон у, нӕ уыныс. Хур куы ракӕса, уӕдмӕ уал багӕдзӕ кӕн. Кусын та хъӕуы, кусын, уӕдӕ куыд?— ӕмӕ йӕ зӕронд цӕстытӕ арыды хуызӕн ӕрфгуыты бынӕй ферттывтой. — Мидӕмӕ ма рацу, мидӕмӕ. Бакӕс нӕм. Рацу...

Чызг ӕвӕндонхуызӕй бахызти типографийы дуарыл. Фыццагдӕр кӕй ауыдта, уый уыдис Хъӕрджынты Солтан. Бандоныл бадти, йӕ дыууӕ къухы ӕвӕрд кӕуыл уыдысты, уыцы лӕдзӕджы сӕр йӕ роцъомӕ сбыцӕу кодта, афтӕмӕй. Йӕ бӕзджын былтӕ ӕддӕмӕ рацъупп сты, йӕ фындзы базыртӕ змӕлыдысты, цыма истӕмӕ смыста, уыйау. Чызджы куы ауыдта, уӕд бандонӕй фестади ӕмӕ сдзырдта:

— Бирӕ нын цӕр, Чабӕты...Хан! Уазджытӕ дӕр ӕгас цӕуӕнт. Ӕхсырф ӕмӕ дзӕбуг та фидар уӕнт! Хы-хы-хы!

Чабӕхан бамбӕрста Солтаны дӕлгоммӕ ныхас. Уазӕг абон — ам, райсом — иннӕбон аивгъуыдта...

— Ӕрхъуыды кӕнынмӕ Солтан фӕсхохагӕй фыддӕр у,—Чабӕхан йӕ алыварс йӕ цӕст ахаста.

Егъаугомау уаты рудзгуытӕм хӕстӕг дамгъӕты кассӕйы уӕлхъус лӕууыд кауы михы хуызӕн лыстӕг ӕмӕ даргъ ӕрыгон лӕппу. Уырызмӕг ын йӕ архайдмӕ йӕ цӕст ӕрдардта, стӕй уӕд хъуыр-хъуыргӕнӕгау, сдзырдта:

— Уый цы куыстытӕ кӕныс, уый? Бӕстӕ чъизийӕ фесӕфтай! Фашистты цӕсты ӕфтауыс дӕхи дӕр ӕмӕ

ирон адæмы дæр,— йæхæдæг кассæйыл схæцыди, лæппуйы цурæй йæ райста æмæ йæ пъолыл афæлдæхта.

Чабæхан лæмбынæг кæсы Уырызмæджы митæм, зына-нæзына мидбылхудт ын йæ цæсгом гæзæмæ барухс кодта. Зæронд лæгæн ма йæ хъусы бадзырдта, мамæ дæм дзуры, зæгъгæ, æмæ куыддæр дуарырдæм разылди, афтæ хæрхæмбæлд фæци Мæирбегимæ.

— О, Чабæхан! Æгас нæм цæуай!— Мæирбег Чабæханы цур цъил фестади; — Дæ хорзæхæй, мидæмæ, мидæмæ, уæртæ кабинетмæ, æхсызгон ныхас мæ и демæ... Тынг æхсызгон,— цыма ныронг се 'хсæн тызмæг ныхас дæр не 'рцыдис, ахæм хуызы дзырдта Мæирбег.

Чабæхан исдуг аджис-къус кодта, стæй æнæбары мидæмæ бахызти, Мæирбег дуар бахгæдта . Чызг æм разылди, йæ сау æрфгуыты бынæй æрвхуыз цæстытæ тызмæгæй кастысты.

— Зæгъ-ма, Мæирбег, нæма мæ уырны... Уæддæр барвæндонæй... Æви?

— Уæууа, уыйбæрц мыл не 'уæндыс? Мæ мад, мæ фыдыстæн, тыххæй, лæгдыхæй, хæцæнгарзы æххуысæй!

Былысчъил худт фæзынди Чабæханы рæсугъд цæсгомыл.

— Кæддæр мæм афтæ касти, цыма дæ зонын. Фæрæдыдтæн. Уæд дыл гамхуд уыдис, æвæццæгæн.

— Чабæхан, зæххардыстæн...

— Багæдзæ кæн! Дæхæдæг мæ æрбахуыдтай,—чызджы бæрзонд ныхыл æнхъырдтæ фæбæрæг сты æмæ уырынгтæгæнæг цæстæнгасæй нықкасти Мæирбегмæ.—Дæ къахы цæфы тыххæй дæр асæрды мæ хъустыл дызæрдыггаг ныхæстæ æруади. Уæд мæ нæ бауырныдтой. Æмæ хуыцауы дзæгъæлы. Дæу хуызæн алцы дæр бакæндзæни. Дæ фыд дæр, дам, йæ кæрц фæфæлдæхта. Гæбæр лæг уыди рагæй дæр. Сæгъæй сæнык гуыры... Афтæ, гъе!

— Цы афтæ?

— Цин кæныс,.. Фæлæ цæуыл? Зæгъ-ма, цæуыл?

— Зæгъдзынæн, кæд мæ æнæдзургæ нал уадзыс, уæд! Æппынфæстаг — пу! — æмæ Мæирбег иуырдæм тугæнæгау акодта.—Цыфæнды дæр дзурæнт. Дзурæнт! Зонын, æрыхъуыстон, адæм мæ нымайынц, йæ бæстæ чи ныууæй кодта, ахæмыл. Дам-думгæнджыты æрдумæ дæр нæ дарын. Немыцы дæр афтæ. Æз хъуыды кæнын æрмæстдæр нæхи ирон адæмыл. Йæ абоныл, йæ сомбоныл. Большевиктæм къæхтæ æмæ къухтæ бастæй фæцардыстæм. Зæгъ-ма, нæ бон хуыздæр цæрын нæ уыдис? Нæ зæхх, нæ хæхтæ, нæ хъæдтæ? Сталины уравниловкæ нæ сызмæлын нæ уагъта.

— Æмæ пъамещиктæ суæвынмæ тырныдтат? Фабриканттæ суæвынмæ хъавыдыстут? Искæйы фæллойæ цæрын уæ фæндыди?

— Лæджы цардæй цæрын нæ фæндыди! Хохæй, быдырæй, хъæдæй... Цæмæйдæриддæр спайда кодтаиккам! Адæмы амондæн!

— Бамбæрстон дæ. Буржуйтæ суæвын уæ фæндыди! Большевиктæ дæр уæ цæсты сындз уымæн фестадысты,— фыртыхстæй Чабæханы фæлурс уадултæ ахъулæттæ сты æмæ йыл къæзынæг бахæцыдис. Цыдæртæ зæгъынмæ ма хъавыди, фæлæ ныхæстæ хъуыры ныссагъдысты, йæ бон сулæфын дæр нал уыди, фырмæстæй йæ цæстытæ донæй айдзаг сты.

Мæирбег бамбæрста, ацы хатт дæр та æгæр æргом ныхас кæй кодта, уый.

— Ма тыхс, дæхи ма хæр. Æз ардæм дæр дæу тыххæй æрбацыдтæн, нæ адæмы тыххæй! Мæ мад, мæ фыды стæн! Ды дæр мæ цуры уыдаис. Фыссын дæр дæ нæ бахъуыдаид. Æз дæ бæсты дæр...

— Æлгъаг!—чызг ын йæ ныхас аскъуыдта.

— Чабæхан!

— Нæма фæдæн мæ ныхас! Мæ маст мæ бахъыгдардта. Фæлæ зон: нырæй фæстæмæ дæ æз нымайын уæййагыл. Йæ зæрдæ, йæ зонд, йæ цæсгом чи ныууæй кодта, ахæмыл! Ту, цъаммар!

* * *

Фæлурсбын зымæгон бон. Горæты уынгты фæцæуы машинæ. Фæстаг бадæныл сæхи ауагътой фон Кассен æмæ горæты комендант. Разæй, шофыры фарсмæ, бады Мæирбег. Йæ зæрдæ канчыритæ кæны, фæлæ уæддæр йæ сæр гуыбыргомау дары.

— Господин редактор, æмæ цы сихор аразут, уырдæм сылгоймæгты не 'рбахуыдтай? Хæххон рæсугъдтæ мын мæ зæрдæ хъыдзы-хъыдзы кæнынц. Хо-хо-хо! — худы комендант.

— Мæнмæ гæсгæ, хæрзæгъдау сты, ноджы ма, куыд уын зæгъон, æнæхин... Æмæ сæ уыцы мининуæг кæны ноджы зæрдæисгæдæр. Се 'хсæн европæйаг æгъдæуттæ хæлиу кæнынил бацархаин, — йæ мидбылты бахудти фон Кассен.

— О, о! Ӕнхъæлдæн, сылгоймагимæ сынтæджы куы вæййыс, уæддæр ын зонд фæамоныс! Нæ дæм бæллын! — алхыскъ æй кодта комендант.

— Цы гæнæн ис,— арф ныуулæфыд Кассен, — алкæмæн дæр хуыцау цы радта, уый кæны. Ӕз, æвæццæгæн, миссионерæн райгуырдтæн.

— Мæнмæ та хуыздæр кæсынц, истæуыл мæ чи сахуыр кæна, ахæм сылгоймæгтæ. Хо-хо-хо!

— Тæригъæд дын кæнын... Сылгоймаджы зондмæ чи 'рхауди... !

— Зондмæ нæ, сæ дæснындзинадмæ. Ахæмтæ дзы ис æмæ сæ хъуыддагмæ дæ берлинаг профессортæй арæхстджындæр сты... Хо-хо-хо!

Фон Кассены хъуыдытæ ивгъуыд рæстæджытæм раздæхтысты. Ӕрæмысыди, Францы ма куы царди, уыцы бонтæ. Марсельмæ хæстæг денджызы змисджын былгæрæттæ... Францусаг æлвæст астæу чызджытæ. Сылгоймаджы митæ кæнынмæ æцæгдæр ма профессортæ. Тæхуды, уым ма фест. Ам ахæм сылгоймæгтæ, æвæццæгæн, цырагъимæ агургæйæ дæр ничи ссардзæни.

Ӕрæджиау сдзырдта:

— Господин редактор, уæд та де суинаг хæдивæджы дæр рахонис.

— Мæгъа. Сымах куыд зæгъат, афтæ...

— Ды та куыд зæгъыс, комендант?— баздæхтис æм фон Кассен.

— Майор, ныууадз дæ митæ. Уæрæсе Уæрæсе у, Париж нæу. Кæд дæ фæнды — ноджыдæр ма хæснаг. Уыцы чызг махимæ машинæйы дæр не сбаддзæни,—йæ тæккæ цырены чи бацæуы, ахæм къамæй хъазæджы уагæй загъта комендант. — Адон фанатиктæ сты, большевикон фанатиктæ...

Цалынмæ ныхæстæ кодтой, уæдмæ бахæццæ сты Мæирбеджы фыд Дзандары бæстыхайы цурмæ.

— Ам стæм,— сдзырдта Мæирбег. Машинæ æрлæууыдис. Шофырæй фæстæмæ нууылдæр рахызтысты. Фон Кассен йæ цæст ахаста бæстыхæйттыл...

Агуыридурæй амад хæдзар лæууыди дыууæ уынджы фисыныл æмæ бæрæг дардта йæ ас æмæ йæ аивдзинадæй. Дзандар цæргæ-цæрæнбонты фæкуыста хъæдгуыстгæнджытимæ, фæстаг къорд азы та — «Боцкъагæнæн артелы» хæдзарады хицауæй. Ӕмæ йæ пенсимæ рацæуын дæр йæ бон уыдис — фондз æмæ ссæдз азæй фылдæр бакуыста. Фæлæ тагъд нæ кодта, йæхи ныхæстæм гæсгæ æхсæнадон царды æфсондз активонæй хаста. Хæст куы райдыдта, уæд ма-иу суанг сæ артелы кусджыты æмбырды дæр радзырдта: «Мæнæн дæр нырма мæ топпыхос нæма схъуына ис... Куы бахъæуа, уæд ма æз дæр мæхи равдисын базондзынæн». Ӕмæ, æцæгдæр, йæхи равдыста. Куыддæр сæ артелы хицæуттæ горæтæй феддæдуар сты, афтæ артелы зынаргъ дзаума æмæ кусæнгарзæй цыдæриддæр уыди, уыдон сæ хæдзармæ æрбампъыхта. Артелы кулдуарыл та æрцауыгъта, сæхицæй кæй схаста, ахæм егъаугомау гуыдыр.

«Царды, уæлдайдæр та, æхсæнадон царды адæймаг хъуамæ афоныл басагъæс кæна йæхицæн бынат ссарыныл»,— хъуыды кодта йæхинымæры Дзандар. Йæ рæстæджы революцийы фæстæ ног хицауад куы райдыдта, уæд рæдыд æруагъта. Нæ йæ уырныдта, советон цардарæзт бирæ ахæсдзæни, уый. Ӕмæ афоныл йæхицæн хуызæнæн бынат скæнын нæ базыдта. Уый нæ, фæлæ ма партимæ бацæуыныл дæр нæ асагъæс кодта. «Ныр хуыцауæй фузныг... Ныр базондзыстæм... Ног хъæдфадæн завод саразздзыстæм, æмбисонды тæрс, сывылдз æмæ тулдз фæйнæгæй араздзыстæм хæдзары дзаума. Уый нæ, фæлæ ма уыцы хъæд уæйгæнæн уыдзæнис фæсарæнтæм дæр. Тæрс æмæ тулдз та кæм нæ хъæуынц? Чи зоны, абоны хуынд дæр фæахъаз уа. Инæлар дæр, дам, æрбацæуыдзæни».

Горæты раздæр цы ресторан куыста, уый пъовыры æххуысæй Мæирбеджы мад рæсугъд фынгтæ æрцарæзта. Хæдзары хицауы дæр афтæ фæндыди. Уадз æмæ адæм дæр базоной: мæ хæдзар ацы горæты ныр у тæккæ ымаддæр... Дзандар арвыста, йæ зæрдæ кæуыл дардта æмæ æгъдау скæнын чи базыдтаид, ахæм лæгтæй иу-цалдæрмæ. Уый нæ, фæлæ ма бафæдзæхста, цæмæй æрбахуыдтайккой иу къорд ирон чызджы дæр, фæндырдзæгъдæгимæ. Немыцæгтæ дæр хъуамæ бамбарой: мах дæр æнæфенд не стæм, нæ бон бирæ цыдæртæ саразын у. Дзандар ма йæхædæг дæр æрзылдтытæ кæнид ирон кафты...

Майор Касян (Дзандар афтæ хуыдта Кассены) комендант æмæ Мæирбегимæ куы фæзындысты уынджы, уæд Дзандар æмæ йæ бинойнаг сæ размæ рацыдысты. Фон Кассен дыууæ зæрондæн сæ къухтæ дæр ма райста.

Комендант сын акуывта йæ сæрæй. Хæдзары хицæуттæн сæ цæсгæмттæ ныррухс сты.

— Æз тынг амондджын дæн, немыцаг паддзахады æмæ фюреры лымæнты хæдзармæ кæй æрбацыдтæн, уымæй. Фюрер нæ ферох кæндзæни сымах цæстæнгас,—сыгъдæг уырыссаг æвзагæй сдзырдта фон Кассен.

Зæронд лæг дæр, йæхицæн аргъ кæнын чи зоны, ахæм адæймагау, мидбылхудтимæ дзуапп радта:

— Мах æхсызгонæй æгасцуай зæгъæм нæ ирвæзынгæнджытæн. Ног цард æмæ ног æгъдау чи æрбаласта, уыдонæн. Немыц зонджын æмæ хъæбатыр адæм сты... Кусын хорз зонынц. Мах сын уыдзыстæм, зæрдæдарæн кæуыл ис, ахæм æххуысгæнджытæ. Хуыцауæй бузныг, уырыссаг шайтан большевиктæй фервæзтыстæм. Мах уæлдай бузныгдæр стæм дæуæй, господин Касян. — Зæронд лæг цъус ахъуыды кодта, стæй коменданмырдæм фæзылди æмæ йæ ныхасыл бафтыдта:—Æмæ дæуæй дæр, господин комендант.

Мæирбег уазджыты бахуыдта, фынгтæ арæзт кæм уыдысты, уыцы стыр уатмæ. Æрбадын сæ кодта, йæхæдæг мæстджынхуызæй фæстæмæ йæ фыд æмæ йæ мадмæ фездæхти:

— Нæ фыд, уый та куыд? Æппындæр куы ничи ис? Афтæ куы загътай, тæккæ дзырддзæугæдæр лæгтæ... Иннæ ахæм хъазт. Æз та зæрдæ бавæрдтон.

— Сæ къонатæ басудзæнт. Иу дæр сæ мауал баззайæд лæгæй, чызгæй. Фæрынчынтæ сты, æрбайсæфтысты. Мæ мадæй райгуыргæ æфсымæр дæр æрбарынчын. Æмбарын æй, цæмæй рынчын у, уый. Искуы бон сын æй сæ зæрдыл æрлæууын кæндзынæн. Ныр та мах рад у. Ныр та махмæ цæудзысты уæнтæхъил æмæ сæргуыбырæй...

— Хорз нæ рауади. Дæхæдæг сæм уæддæр фæзын...

Стъолы уæлхъус куы æрбадтысты, уæд Дзандар уазджытæм баздæхти:

—. Фæндыдис мæ бирæ хорз адæмты æрбахонын, сымах хуызæн уæздан лæгтæн хъазт саразын, фæлæ фæрынчынтæ сты. Суанг ма фæндырдзæгъдæг дæр фæрынчын ис. Уынджы фæбырыд æмæ йæ цонг асасти. Иннæ хатт хъазт дæр ныззилдзыстæм. Цæй, уæдæ нæм алы бон æгас цæут, нæ зынаргъ уазджытæ, нæ ирвæзынгæнджытæ! Уæ цæрæнбонтæ бирæ!..

* * *

Чабæханы удайстдзинад рæзыди райсомæй изæрмæ, изæрæй райсоммæ. Мæирбег æм сæрмагондæй æрбацыди, немыцаг афицер æм фæсидти... Ныр дæр та уыцы сагъæсты аныгъуылди. (Тамарæ æмæ Тасолтан сæ сыхæгтæм уæззау рынчыны раз абадынмæ ацыдысты.) «Æмæ уæдæ куыд кæнон, цы уынаффæ æрхъуыды чындæуа? Лæгмартæм, мæ фыдгултæм лæггад кæнынмæ бацæуон, Мæирбегау? Æмæ уæд мæ зондахаст та? Мæ зæрдæйы уаг та? Æмæ уæд æппæтадæмон рæстдзинад та? Уыдон мæ буары, мæ туджы куы сты? Кæд исты дæн, уæддæр уыдоны руаджы куы дæн... Цард, амонд... Кæй цард? Кæй амонд? Мæхи? Æрмæст мæхи? Иннæты нæ? Мад дæр ма, æфсымæртæ, хæлар лæппу. Æмæ ууыл хъуамæ ахицæн уа, мæ амонды цалх кæуыл згъоры, уыцы фæндаг?.. Æмæ уæд адæймаг уыдзынæн, æви цыппæркъахыг? Амонд... Цæй амонд ис æнæ адæмы амондæй? Амонд дæр, рæстдзинадау иу у! Æнамонд адæмы æхсæн амондджын уæвæн нæй. Ис иу стыр рæстдзинад, иу стыр амонд, хур иу куыд у, афтæ. Æрмæст дзы иутæ хайджын, иннætæ — æнæхай. Иу ран æлдариуæг кæнынц æппæтадæмон рæстдзинад æмæ амонд, иннæ рæтты, иннæ бæстæты уыцы стыр амонд бакъаппа-къуппа кодтой. Иутæм дзы Хъæриуы хохы йæс хæйттæ æрхаудис, иннæтæм та — тыччыйы йæстæ, аннæтæм — æппындæр ницы. Æмæ уæдæ мах дæр нæ æппæтадмон рæстдзинад æмæ амонд къаппа-къуппа бакæнæм?.. Немыцæн æй радтæм, фашисттæн? Ноджы алыхуызон Мæирбегтæн æмæ Дзандартæн? Æз та уыцы стигъджытæн, уыцы марджытæн лæггадгæнæг суон! Адвокат сын ныллæууон? Фæскомцæдисмæ цæугæйæ, партийы уæнгтæм кандидатæй цæугæйæ, сомы кæй тыххæй ракодтон, ард кæй тыххæй бахордтон, уыцы цардарæзтæн фыдызнаг суон? Йæ ныхмæ рахæцон? Æппæт адæмы амонды ныхмæ? Мæхицæй уæййаг саразон? Нæ, уый нæ уыдзæни! Мæ фыд-иу Къостайы ныхæстæ дзурын уарзта:

Мæ хæлар, мæ уарзон! Ныммæл
мын фæсмонæй
Ды искуы хæддзуйæ куы
скæнай æлдар!..»

Дуар æрбахостæуыд. Чызг чиныг иуварс æрæвæрдта æмæ фестад. Дуар фегом кодта æмæ, чысыл ма ба-

хъæуа, ой, зæгъгæ, ма фæхъæр кæна. Йæ хæд раз лæууыди фон Кассен, уæле йæм дæлæмæ касти, йæ мидбылты фæлмæн худти æмæ цыма ацы хæдзармæ цины хабар æрбахаста, уыйау сдзырдта:

— Дæ бонтæ хорз, фройлен Чабæхан! Æз сæрмагондæй æрбацыдтæн сымахмæ, кæд мæ уадзут, уæд?

Чабæханæн йæ цæсгомы нуæрттæй иу дæр нæ фезмæлыдис, афтæмæй комкоммæ касти майормæ. Æрæджиау дуарæй йæхи иуварс айста, йæ сæр дæлæмæ æруагъта æмæ, йæ къæхты бынмæ кæсгæйæ, æнæбарыгомау сдзырдта:

— Рацæут.—Йæхиныммæры та ахъуыды кодта: «Ардæм та ма йæ цавæр хæйрæг сардыдта, йæ бæрзæй асæтта. Æнхъæлдæн мæ сæрсæфæн былмæ фæтæрынц».

— Акса-ма, фройлен Чабæхан, æз кæддæридæр мæ дзырд сæххæст кæнын. Куыддæр мæ рæстæг самыдта, афтæ ардæм батагъд кодтон. Алы бон дæр, алы минут дæр мæ хъуырмæ вæййын ахсджиаг хъуыддæгтæй,— æмæ фон Кассен йæ армытъæпæн тигъырдæм йæ хъуырыл авæрдта.—Хæстон адæймагæн хуымæтæджы царды ад куыд æнцон вæййы, уый куы зонис... Æппындæр мацæуыл сагъæс кæн, афтæмæй пецы фарсмæ дæхи фæлмæн бандоныл ауадз æмæ дæ хъуыдыты уæларвон дунемæ афардæг у. Ацы хæст куы фæуа, уæд не 'мтуг ирыстойнæгты зæххыл мæхицæн зæрдæмæдзæугæ ран бацагурдзынæн... Хæдзары къуымтæ бацараздзынæн æмæ, цы дæн, уымæй мæ зæрдæйы дзæбæхæн сабыр царды анигъуылдзынæн. Хуым кæндзынæн, таудзынæн, бæлæстæм зилдзынæн, машинæйы дæр нал сбаддзынæн — æрмæстдæр бæхыл.

Чабæхан æнæхонгæ уазæгæн ныр дæр æрбад, зæгъгæ, нæма загъта. Уый та йæ фыццаг æрбакъахдзæфæй фæстæмæ йæхи афтæ дардта, цыма йæ рагон хæлæрттæм фæзынди. Йæ цинел раласта, йæ худ систа æмæ сæ дуаргæрон рагъæныл æрцауыгъта. Уаты къуымты аракæс-бакæс кодта. Къулрæбын лæууы тар ахуырст рагон скъапп, рагон хæдзары дзаумæттимæ æмæ сыл йæ цæст лæмбынæг æрхаста, стæй уæд йе 'ргом раздæхта, фырзæрондæй лæгуын кæнын чи байдыдта, ахæм персайнаг гауызмæ. Цымыдисæй кæсы гауызыл ауыгъд æвзист кæрддзæмджын хъама, дзæбидыры сыкъатæм æмæ хæрдгæ хуыдæй конд дзæкъулгæндтæм. Чи, зоны, æмæ æцæгдæр исты æмбæрста гауызæн дæр, хъамайæн дæр, дæсны адæймаджы къухты чи фæци, дзæбидыры уыцы сыкъатæн дæр, хæрдгæ хуыдтæн дæр. Цыдæриддæр уыди, уæддæр йæхи афтæ æвдыста.

— Æмбисонды хæзнатæ. Европæйы сын кæцыфæнды музейы дæр каддзын бынат уаид. Афтæ нæу, фройлен Чабæхан?

— Нæ зонын. Ууыл никуы ахъуыды кодтон.

— Бауæнд мыл, æнæ гæды дзурын,—æмæ баздæхти, уаты астæу цы тымбыл стъол уыди, уымæ. Æркастис ын йæ къæхтæм, уыдон уыдысты тæрсæй конд æмæ зырнæйзылд. Фон Кассен йæ былтæ кæрæдзимæ æрбалхъывта æмæ йæ сæр разыйы тылд бакодта.

— Уæ уаты фæлгонц мæ зæрдæмæ цæуы. Æвæццæгæн, бирæ уарзут уæ райгуырæн бæстæ, уæ културæ, уæ традицитæ...

Уыцы ныхæстæ майор загъта, йæ хæс чи сæххæст кæны, ахæм адæймаджы хъæлæсы уагæй æмæ ныр та йе 'ргом аздæхта чингуыты скъаппырдæм. Кæсы чингуыты нæмттæ... Гомер, Данте, Гете, Шелли, Пушкин, Лермонтов, Толстой, Горький... Цыма истæмæ смудгæ кодта, уыйау базмæлыдысты йæ фындзы кæрæттæ... Гейне... Гейне...

Чабæхан бамбæрста фон Кассены æмæ йæхи нал баурæдта:

— Дæ зæрдæмæ нæ цæуы?

— Дзуттаг... Йæхи хуызæн дзуттаг Марксы æрдхорд. Сымахмæ кадджын уыдисты.

— Гейне... Гетейы фæстæ тæккæ егъаудæр немыцаг фыссæг. Цытджын немыцаг философ æмæ революционер Энгельсы æрдхорд...

— Къуыппсинтæ кæцыфæнды адæммæ дæр вæййы...

Фон Кассен уæздан мыггагæй у, гуманист. Æмæ алыхуызон Гейнетæ æмæ Маркcты тыххæй быцæу ныхас не скæндзæни уазæгуаты, уæлдайдæр сылгоймагимæ.

— Æмбисонды библиотекæ... Ацы чингуытæ дæхæдæг сæмбырд кодтаис?

— Сæ фылдæр мæ фыды амалгонд сты.

— Дзурынц, дæ фыд, дам, адæмы æхсæн зындгонд уыди.

— Мæгуыр кусæг адæймаг. Æр-

мæстдæр дыуувæ азы бакасти скъолайы.

— Гъе, акса-ма... Ахæм зонджын адæймаг махмæ, Германы, стыр ахуыргонд суыдаид.

— Хуыцау куы бафынæй вæййы, уæд хæйрæг цæмæй нæ фæхъазы...

— Тагъд ма кæн, фройлен. Рæстæг нын ис. Алцæуыл дæр бæстон æмæ хæларæй баныхас кæндзыстæм. Мæнæ, акса-ма, уый та уæ адæмон поэт. Уæ сæр бæрзонд кæмæй хæссут, уый. Æмæ дæ бауырнæд, Хетæгкаты Къостайы ном зындгонд у махмæ дæр. Мæнæн ам бантысти йæ уацмыстæм бæстондæр æркæсын. Нæ иумæйаг æрдхорд Мæирбег мын бæлæвар кодта йæ æмдзæвгæты æмбырдгонд. Кæсма, мæнæ... Фон Кассен райста скъаппæй Къостайы чиныг. Йæ сыфтæ йын фæлдахы...— Фройлен Чабæхан! Дæ зонгæ майор каст фæци Берлины университет. Ахуыр кодта скæсæйнаг бæстæты адæмты æвзæгтæ. Уырыссаг æвзаг дæр уым базыдтон. Æмæ æрмæст æвзæгтæ нæ, истори дæр. Уæлдайдæр та Кавказы, уыимæ ирон адæмы истори дæр. Ирон адæммæ мах дарæм хæлары цæстæнгас. Уыдон дæр арийæгтæ сты, нæ рагон фыдæлтæ æфсымæртæ уыдысты. Æмæ дæ кæд бафæнда, уæд нырæй фæстæмæ дæуæн дæ бон у мæнмæ æрдхорды цæстæй кæсын. Æз дæм мæхæдæг ахæм зæрдæ дардзынæн.—Уыцы ныхæстæ конд куы фесты, уæдмæ фон Кассен ссардта, кæй агуырдта, уыцы æмдзæвгæ æмæ йæ фыццаг йæхинымæры бакасти (бæрæг уыдис йæ ӕбылты змæлдæй), стæй та хъæрæй:

Фидар рæхыстæй нын не ’уæнгтæ сбастой,
Рухс кувæндæттæй хынджылæг кæнынц,
Мард нын нæ уадзынц, нæ хæхтæ нын байстой,
Стырæй, чысылæй нæ уистæй нæмынц...

Фон Кассен йæ кæсын фæуагъта æмæ йе ’ргом раздæхта Чабæханмæ.

— Мæстджын адæймаджы тыхджын ныхæстæ. Уый хъаст нæу, уый у зылынгæнæн карз ныхас Уæрæсейы æмæ уырыссæгты ныхмæ.

— Къостайы зыгъуыммæ кæнын нæ хъæуы. Къоста дзуры бынæттон æлдæрттæ æмæ паддзахады хицауады ныхмæ.

Фон Кассен йæ мидбылты афтæ бахудти, йæ рæсугъд цæсгом афтæ барухси æмæ Чабæхан исдуг фенхъæлдта, цыма йæ разы лæууыд хæларзæрдæ хицон адæймаг. Фон Кассен цух нæ уыди артисты курдиатæй.

— Æмæ, дæ хорзæхæй, зæгъ-ма,— сабыргай та райдыдта майор,—уæдæй нырмæ бирæ ивддзинæдтæ æрцыди уæ хъысмæты? Мæнмæ гæсгæ, нагъ! Кæддæр Кавказы хæхты нæрыдысты уырыссаг æфсады сармадзантæ. Уый фæстæ та сымахæй уацайрæгтæ скодтой большевикон идеологийы æххуысæй. Уæ къухтæ, уæ къæхтæ, уæ авнæлæнтæ уын сбастой политикон æмæ идеологон рæхыстæй. Ныр, хуыцауæй бузныг, сæ кæрон æрцыдис, уыцы рæхыстæн. Уæрæсейы ныффалгæрон кодтам...

Чабæхан комкоммæ знаджы цæстæй бакасти фашистмæ, карз æфхæрæн ныхæстæ зæгъинаг уыдис, фæлæ йæхиуыл фæхæцыди.

— Господин майор, дæхи загъдау, тагъд ма кæн. Уырысмæ афтæ дзурынц: гъопп, дам, мама зæгъ, цалынмæ багæпп кæнай, уæдмæ.

Фон Кассен цыма ницы фехъуыста, уыйау кодта йæ ныхас:

— Æмæ уæдæ афтæ: Къоста царди нудæсæм æнусы... Уæдæй нырмæ куыд загътон, афтæмæй ирон адæмы хъысмæт мисхал æнцондæр нæ фæци.

— Хатыр, господин майор. Чысыл раздæр дзырдтай, зæгъгæ, уарзыс Скæсæн адæмты æвзæгтæ, ахуыр сын кодтай сæ истори. Æмæ уый æцæгдæр кæд афтæ у, уæд хъуамæ ирон адæмы историйы дæр иу чысыл истытæ уæддæр зонай... Æмæ, уæдæ, æвæццæгæн, æрыхъуыстаис... Нæ фыдæлтæ—алантæ Тæтæр æмæ Монголы ныббырсты рæстæг бынсæфт баисты, Европæйы, Азийы, суанг Африкæйы къуымты ныххæлиу сты. Цы чысыл къордтæ ма дзы баззадис, уыдон та æрцардысты мæнæ ам, ацы хæхты, тæккæ æвадатдæр рæтты. Тухийаг, гæвзыкк цардæй фæцардысты цалдæр æнусы. Стæй уæд се ’хсæнæй тæккæ номдзыддæр лæгты арвыстой Уæрæсейы паддзахмæ курæг, цæмæй сæ йæ дæлбазыр бакæна, уый тыххæй. Фыццаг ирон кæсæн чингуытæ саразтой уырыссаг ахуыргæндтæ. Нæ æвадат кæмтты фыццаг ахуыргæнджытæ дæр уыдысты уырыссæгтæ. Уыимæ мах хорз æмбарæм, паддзах æмæ уырыссаг адæмы ’хсæн цы хъауджыдæрдзинад уыдис, уый. Къоста дæр уырыссæгты руаджы сси Къоста. Революци куы ралæууыд, æцæг сæрибардзинад æмæ зæхх та уæд райстам...

— Зæхх уын радтой, стæй йæ колхозты æххуысæй фæстæмæ айстой.

— Хатыр, мæ ныхас нæма фæдæн. Циндзинад æнхъæвзта нæ зæххыл, фарон ныл цалынмæ сымах æвирхъау хæстон арт нæ бандзæрстат, уæдмæ...

— Фройлен,—сдзырдта фон Кассен, арф ныуулæфыди æмæ зул цæстæнгасæй бакасти Чабæханмæ,—фройлен Чабæхан, ды нырма æрыгон дæ, политикæ та хин æмæ кæлæн у. Æндæр куыд не 'мбарыс, уæ цардарæзт уæ рæстдзинад сахъат кæй у, уый. Гуырдзæй цардхъом нæ рахаста, — фон Кассен йæ ныхасы уаг 'фæкарздæр кодта, уымæ йæ рахиз къух тилын райдыдта.—Сымах цардарæзт, сымах рæстдзинад адæмы æмвæз кæны; Шлагбаумтæ сын æвæры сæ размæ; тæры сæ рæгъауы цардмæ... Сымахмæ уый хуины коллективизм. Коллективы та адæм хъуамæ уой æмхуызон, æмвæз, рæстæмбис,—фон Кассен хъæрæй ныххудти. — Æмвæздзинад та йæ къæхтæ, фылдæр хатт та йæ сæр акъуыры бæрзонддæр чи вæййы, сæрæндæр чи вæййы, уымæн. Ома, иннæты æмхуызон уа.

Чабæхан хъуыста фон Кассены дзæнгæдамæ æмæ былысчъилæй æнхъæлмæ касти, йæ ныхас кæд фæуыдзæн, уымæ, стæй уæд сдзырдта:

— Æндæр исчи дæр ма куы дзурид, уæддæр гъа, фæлæ фашистон афицер! Дæ дзыхы уыцы ныхæстæ нæ фидауынц. Сымах адæмы дихтæ кæнут сортгай. Иутæ цæрынæн бæззынц, иннæтæ æрмæстдæр кусынæн, аннæтæ кусыны аккаг дæр не сты. Бæззынц æрмæстдæр сымах æрхъуыдыгонд пецты артагæн. Адæймаджы уды сымах цырен кæнут тæккæ ницæйагдæр, æлгъагдæр æнкъарæнтæ æмæ инстинктæ.

— Уæ, бамбар, сывæллон нал дæ, большевиктæ адæмы се 'ппæты дæр иу джиппы уадзынц. Цæвиттон, хъуыддагæй, адæймагæн йæ авналæнтæ рæхыстæй бæттынц.

Чабæхан старсти, фырмæстæй йæ цæссыгтæ куы æрызгъæлой, уымæй. «Фæхæц дæхиуыл, гормон, дæ бон æндæр ницы у, фæлæ ма зæгъгæ дæр ма кæнай». Æмæ дзуапп радта:

— Ныхæстæй къамæй хъазæгау хъазут, майор. Адæймаг, коллектив, шлагбаум, бырутæ, къахбæттæнтæ, къухбæттæнтæ... Дæхи дзæгъæлы хъарыс, господин майор. Æнæ адæмæй адæймаг нæй. Фæлæ иу адæймаг хъуамæ сæдæгæйттæ æмæ мингæйттыл æлдариуæг ма кæна, йæхи пайдай... сæ ма кусын кæна. Уыцы æнакк... хъуыддæгты мах былæй раджы а... хуыстам, ома 1917 азы. Рæстдзина... та кæддæриддæр вæййы иу. Уым... æппæтадæмон. Уыцы рæстдзинадæ... сымах уе сæфт уынут...

— Гъе-гъе-й! Ха-ха-ха! — æмæ ра... зындисты майоры æмбыдхуыз дæ... дæгтæ.— Ды дæ марксистон идеолог... йы алхимик...

Чабæхан йæ сæр батылдта зына... нæзына мидбылхудтимæ:

— Хатыр. Нæ ныхасы райдианы д... дæхи схуыдтай нæ адæмы æрдхор... Мæн дæр нымайыс уыдоныл, æм... загътай, цæмæй демæ æргом дзыр... уон. Æмæ ма дын æй нодждæр за... гъын: сымахæн уæ «рæстдзинад», го... подин майор, дæ ныхæстæй куы дз... рон, уæд æнцой кæны тыхдзинады... хæстон тыхыл. Уый та у мæнга... «рæстдзинад».

— Хæст кæддæриддæр уыдис æм... уыдзæни. Æнæ хæстæй адæмон æхс... над хъуына кæны цъыфдзаст мал... хуызæн. Хæстытæ адæмты царды с... социалон санитартæ... Стæй ма у... адæмтæй домбайдæр æмæ цардхъо... дæр чи у, уый бæрæггæнджытæ. У... дæ хæст дзæгъæл хуымæтæджы д... никуы райдайы. Кæддæриддæр ... вæййы бирæ аххосæгтæ... Немыц с... зонджын æмæ сæрæн адæм, сæ æ... дзон авналæнтæ та къуындæг æмæ м... гуыргомау. Дунейы æрдзон хъæзды... дзинæдтæ, зæххытæ хъуамæ уæр... цæуой, чи цы аккаг у, уымæ гæсга...

— Бамбæрстон дæ, господин аф... цер. Къамæй фæрсæг нæ дæн, фæл... мæ уырны: нæ быдырты ма нодж... дæр бирæ немыцæгтæм æрхаудзæ... зæххы хæйттæ — сæдæгай æмæ ми... гай гектартæ нæ — æртыгай адли... Дæумæ дæр ахæм хай куы 'рхау... уый мæ нæ фæнды. Дæхи не 'рдх... дыл нымайыс,—Чабæханы æрвху... цæстытæ цæхæртæ скалдтой.

Фон Кассен йæ сæр йæ риуыл а... уагъта. Йæ зæрдæйы ахæст фæбæр... йæ къухы 'нгуылдзтыл: стъолыл а... дзæгъд кæнын райдыдтой. Уый ... фæлæ ма чысыл раздæр стъолы у... хъус куыд æрбадт, уый дæр нæ б... бæрста. «Æмæ ныр кæд адон се 'пп... дæр ахæмтæ сты, уæд уыдонимæ ... сарæхсдзæни?— хъуыды кодта К... сен. — Уыдонæн се 'фсæдты ... басæттæм, уæддæр уыйбæрц адæ... чи 'ртасын кæндзæни? Коменда... æвæццæгæн, раст у. Хæсты быд...

уый мӕнӕй фылдӕр фӕцис. Маркс ӕмӕ Ленины идеологи кӕй фехӕлдта, уыдонӕн ис ӕрмӕстдӕр иунӕг хос — автоматы нӕмгуытӕ, бомбӕтӕ, сармадзантӕ... Гӕнӕн ӕмӕ амал ис, зӕгъгӕ, уӕд ныртӕккӕ мӕнӕ ацы ницӕйаджы ныхыл дамбацайы нӕмгуытӕ банымаин, сӕ хӕдзарыл та сын арт бандзарин. Адон иугӕйттӕй маргӕ не сты. Чысылӕй-стырӕй, зӕрондӕй-ногӕй, сылгоймагӕй-нӕлгоймагӕй — иуӕн дӕр дзы тӕригъӕд нӕ хъӕуы! Цӕй арийӕгтӕ — хъӕддаг адӕм!» — Фон Кассены рӕсугъд цӕсгом ныттар. Чысыл ма бахъӕуа ӕмӕ йӕ къухӕй мӕсты цӕф ӕркӕна стъол, фӕлӕ йӕхиуыл ныххӕцыди. Ӕмӕ ма ноджыдр иу фӕлтӕрӕн скодта чызджы зондахастыл сахадыны тыххӕй.

— Фройлен Чабӕхан, дӕ зондахаст кӕй ныдздзӕгъӕлтӕ, уый мын ӕмбӕрстгонд у. Мӕн бамбарын дӕ бон кӕй нӕу, уый дӕр зонын. Уымӕн ӕмӕ мах лӕууӕм цивилизацийы фӕйнӕхуызон къӕпхӕныл. Кӕрӕдзимӕ дард стӕм. Фӕлӕ уӕддӕр иу хуымӕтӕджы хъуыды бамбарын дӕ бон хъуамӕ бауа. — Фон Кассен йӕ ныхас аскъуыдта, фӕхъус ӕмӕ уӕдӕй нырмӕ фыццаг хатт бар ракуырдта тамако сдымыны тыххӕй. Сдымдта ӕмӕ та дзурын райдыдта. — Бамбарут мӕ, ӕппынфӕстаг! Большевикон Уӕрӕсе нал ис! Баззадысты ма йӕ хӕлддзӕгтӕ! Уыцы хӕлддзӕгтӕм хъуамӕ ӕркӕсӕм ӕмӕ сӕ ногӕй банывыл кӕнӕм. — Фон Кассен фӕхъус, чызгмӕ комкоммӕ бакасти ӕмӕ та сдзырдта: — Ирон адӕмы, иннӕтӕй хъауджыдӕр, мах нымайӕм цардхъом нацийыл. Раст зӕгъын хъӕуы, хӕст хӕст у. Хӕсты кӕм мӕлгӕ фӕкӕнынц, кӕм хӕдзархӕлд бавӕййынц, уӕлдайдӕр та уырыссаг адӕмимӕ хӕсты.

— Советон адӕмимӕ.

— Уырыссӕгтимӕ. Большевиктимӕ. Уырыссӕгтӕ ӕмӕ ирӕтты мах иу нӕ кӕнӕм.

— Бынтон дзӕгъӕлы. Мах стӕм иу, уымӕй дӕр ӕнустӕм. Иу нӕ цард, иу нӕ хъысмӕт.

Фон Кассен цыма Чабӕханы хъусгӕ дӕр нӕ фӕкодта.

— Цӕргӕ-цӕрӕнбонты уӕ сӕрсӕфӕн былмӕ тардтой уырыссӕгтӕ, ноджы уӕ сыхаг пысылмон адӕмтӕ.

— Дӕхи ма тыхсын кӕн, майор. Мах кӕрӕдзиуыл никуы сардаудзыстут. Никуы! Советон цардарӕзтыл сӕ туг иумӕ ныккалдтой ам, Терчы облӕст кӕй хуыдтой, уым уырыссаг Гикало, ирон Цӕголы-фырт, цӕцӕйнаг Шерипов, мӕхъхъӕлон Ахриев, гуырдзиаг Буачидзе, асыйаг — Калабеков ӕмӕ бирӕ ӕндӕртӕ. Сӕ номхыгъд сын нымад чи фӕуыдзӕн. Мӕнӕ ныры хӕсты дӕр сымах ныхмӕ иу адӕймагау, ӕфсымӕртау, сыстадысты уырыссӕгтӕ, украинӕгтӕ, гуырдзиӕгтӕ, ирӕттӕ, кӕсгӕттӕ... Чырыстонӕй, пысылмонӕй — иууылдӕр!

Фон Кассен ӕваст йӕ сӕрыл хӕрдмӕ схӕцыди, йӕ бӕрзӕй базмӕлын кодта ӕмӕ йӕ армы тъӕпӕнӕй стъол ӕрцавта:

— Хорз, фройлен! Куы загътон, ды бирӕ цыдӕртӕ бамбарын хъом нӕ дӕ,—йӕ былтӕ сысчъил кодта, йӕ ныхасы уаг аивта, ӕмӕ фӕлмӕндӕр хъӕлӕсӕй сдзырдта:— Фройлен, ныууадзӕм политикӕ. Хуымӕтӕджы цардыл адзурӕм. Дӕ хорзӕхӕй, зӕгъ-ма, мӕлӕтыл никуы ахъуыды кӕныс? Уӕвгӕ ӕвзонгдзинад ӕмӕ мӕлӕт кӕрӕдзимӕ уайсадгӕ кӕнынц. Уӕлдайдӕр та сылгоймаг,—фон Кассены цӕсгом барухс и, йӕ рӕсугъд былтӕ базыхъхъыр сты ӕмӕ та разындысты йе згӕхӕрд, ӕнадхуыз дӕндӕгтӕ. — Дӕ хорзӕхӕй, зӕгъ ма мын, йӕхи чи мары, уыдоны ӕхсӕн нӕлгоймӕгтӕ фылдӕр цӕмӕн сты? Ӕз ыл нырма ныртӕккӕ ахъуыды кодтон.

Чабӕхан ныхасӕн афтӕ цӕхгӕр фӕзилын ӕнхъӕл нӕ уыди ӕмӕ йӕ уӕхсчытӕ фелхъывта.

— Мӕхӕдӕг дын ратдзынӕн дзуапп: нӕлгоймаг цардимӕ къаддӕр баст у. Йӕ удыхъӕд, йӕ физиологи ахӕм сты. Цард нӕлгоймаг нӕ дӕтты. Цард сылгоймаг дӕтты, йӕ хуылфы уый фӕхӕссы сывӕллон. — Фон Кассен йӕ къух афтӕ ариуыгъта, цыма цы хъуыдытыл дзырдта, уыдон иуууылдӕр лыггонд ӕрцыдысты.

Чабӕхан ныхъхъус и.

— Фройлен Чабӕхан, ды нырма ӕрыгон дӕ, уымӕ рӕсугъд ӕмӕ зӕрдӕмӕдзӕугӕ. Хатыр бакӕ, фӕлӕ ма суанг дӕ цӕстытӕ дӕр сты ӕцӕг ариаг адӕймаджы цӕстыты хуызӕн — цъӕх-цъӕхид... Иннӕ ахӕм дӕ цӕсгомӕвӕрд, дӕ бӕрзонд ных, дӕ роцъо, дӕ былтӕ... Цӕвиттоны хъуыддагӕй, ӕмбисонды зӕрдӕмӕдзӕугӕ адӕймаг!.. Ноджы фӕлмӕн цӕстӕнгас ӕмӕ фӕлмӕн зӕрдӕйы уаг. О, о, уый уынын! Хорз ӕй уынын, фӕлмӕнзӕрдӕ кӕй дӕ, уый. Афтӕ дӕр мӕм кӕсы ӕмӕ сывӕллӕттӕ бирӕ уарзыс.

Зæгъ-ма, сывæллæтты бирæ нæ уарзыс?

— Кæдæй-уæдæй раст ныхас загътай,—Чабæхан æнæбары йæ мидбылты бахудти.

— Æмæ дын уæдæ, æвæццæгæн, кæй уарзыс, ахæм адæймаг дæр ис. Стæй дæу чи уарзы, ахæмтæ дæр...

Чабæхан сæтдзæгæнæджы хуызæн фæци. Æваст йæ щæстыты раз февзæрди йæ уарзон лæппу, йæ фæлмæн худт, йæ лæгъз ныхас. Хæст куы нæ райдыдтаид, уæд афонмæ, æвæццæгæн, мой скодтаид. Фæлæ йæ уарзон лæппу дæр иннæтимæ хæстмæ афæндараст. Афæдзы æмбисæй дзы фылдæр хабар нал хъуысы. Фон Кассены ныхæстæ йын йæ зæрдæ фæагайдтой, йæ цæссыгтæ хъуырмæ схæццæ сты, æмæ, чи зоны, дарддæр куыд уыдаид йæ уавæр, майор æй йæхæдæг куынæ фервæзын кодтаид, уæд.

— Æмæ уæдæ афтæ, фройлен. Ды уарзыс, дæу уарзынц, сывæллæтты уарзыс. Уæдæ дæ цард хъуамæ уа бинонты æхсæн. Уыдзæни дын уарзон мой, уыдзæни дын дæхи хуызæн рæсугъд чызджытæ æмæ лæппутæ. Дæ фадат уыдзæн Европæйы фенын дæр. Берлин, Кенисберг, Дрезден, Прусси, Бавари, Швейцари, Париж, Рим... — Кассен фæхъуси, чызгмæ фæрсæгау бакасти: — Дæ хорзæхæй, зæгъ-ма, нæ курдиатыл ахъуыды кодтай? Газеты кусыны тыххæй?

Кассены фæстаг ныхæстæм Чабæхан йе 'уæнгтæ æрбалхъывта, цыма йын уазал уыд, цыма арф фынæйæ æрыхъал, уыйау æмæ дзуапп радта:

— Ахъуыды кодтон.

— Æмæ?

— Æз нæ кусдзынæн сымахимæ. Уæ газеты дæр.

— Тагъд ма кæн, фройлен, рæстæг ма дын ис. Дæ цардыл ма ноджыдæр асагъæс кæн. Хынджылæг ма кæн.

— Æз хынджылæг нæ фæкæнын.

— Уый хыгъд дын хъысмæт дæ цардæй фæхынджылæг кæндзæни.

Фон Кассены цæсгомæвæрд йæхи ивын байдыдта, цæстытæ фæтызмæг сты, былтæ сæхи æнгом сæлвæстой, æрфгуытæ сæхи кæрæдзимæ æрбалхъывтой, йе 'фсæртæ базмæлыдысты:

— Зæрдæбын æмæ лæгъз ныхæстæ фесты! Ныр та дзурдзынæн хæстон закъонтæм гæсгæ! Æмæ ма уæддæр «нæгъ» куы зæгъай, уæд...— майорæн йæ ком хæлиуæй баззади, Чабæханы худæнбыл æмæ былысчъил кастмæ куы фемдзасти, уæд.

— Цас æнæхъуаджы ныхæстæ загъд æрцыдис абондæргъы? Гъе, уымæй райдыдтаис дæ ныхас. Дæхи дæр æмæимæн дæр тухийæ нæ амардтаис,— Чабæхан асагъæс кодта, йæ хъуыдытæ хуыздæр куыд зæгъа, ууыл, стæй та уæд сдзырдта: — Æз никуыдæр æмæ никæддæр сивдзынæн мæ зæрдæ мæ зондахастыл. Мæ фыдыбæстæйы цыфыддæр знæгтæн лæггадгæнæг никуы уыдзынæн! Уый уын мæ фæстаг дзуапп.

Чабæхан йæ бынатæй сыстад æмæ рудзынджырдæм бакъахдзæф кодта.

Фон Кассен бамбæрста, æмбылды кæй фæцис, уый, фæлæ ууыл басæттын йæ бон нæ уыди.

— Фройлен, мах тыхджын стæм. Тыхджынтæ та сæ маст никуы фæцысынц. Дыууæ боны ма дын дæттын ахъуыды кæнынæн. — Йæ бынатæй сыстади, рагъæнæй йæ худ райста, йæ цинел æрбакодта æмæ дуарырдæм аздæхти. Уынджы йæм æнхъæлмæ касти машинæ. Мæирбег дæр бадти уым. Фон Кассен машинæйы дуар байгом кодта æмæ куы æрбадти, уæд æй мæсты гуыпп бакодта.

* * *

Мад æмæ æфсымæр мидæмæ куыд æрбахызтысты, уый Чабæхан æмбаргæ дæр нæ бакодта. Тъахтиныл, йæ сахъат зæнгтæ йæ быны, афтæмæй бадти æмæ йæ акомкоммæ къулыл гауызмæ æдзынæг касти. Уынгæ та уæвгæ ницы кодта. Сæр æруæззау, хъуыдытæ сарвистон сты. Тамарæ бамбæрста, Чабæхан йæ чемы кæй нæ уыд, уый.

— Чызг, цы кæныс? Дæ хуыз куы фæцыд.

Чабæхан йæ мады ныхасæн дзуапп нæ радта. Æрмæст æм Тасолтан дæр ма куы сдзырдта, цы кæныс, зæгъгæ, уæд йæхи æрæмбæрста.

— Ницы. Мæ сæр риссы.

Фæлæ мады зæрдæ æмбараг у: йæ чызгмæ цыдæр ахъаззаг маст æрхауди. Йæ фарсмæ æрбадти.

— Исчи нæм уыд?

Чызг уæддæр дзуапп нæ лæвæрдта.

— Æз дæумæ куы дзурын?

— Уыди...

— Чи?

— Мæ курджытæй иу. Иу дæр сæ мауал баззайа...

— Мæирбег та уыди?

— Нæгъ.

— Уæдæ?

— Немыцаг.

Тасолтан æмбæрста: иугæр немыцаг афицер сæ хæдзармæ æрбацыди æмæ йæ ацыды фæстæ Чабæхан ахæм уавæры баззади, уæд, æвæццæгæн, хъуыддаг бынтондæр ныдагъытъайлаг.

— Уый дæр дæ кусынмæ хоны?

— О.

— Æмæ йын цы дзуапп радтай?

— Ницы.

— Куыд ницы?

— Мæ зæрды цы уыди, уыдон ын загътон.

Мад йæ хъус дардта йæ цоты ныхасмæ æмæ йæхи нал баурæдта.

— Мæ къонайыл! Æмæ йын цы загътай, уагæры?

— Цы хъуыди, уый.

Иудзæвгар рæстæг се 'ртæ дæр æгомыгæй фæбадтысты, кæрæдзийы цыма уынгæ дæр нæ кодтой, уый хуызæн. Чабæхан хинымæры тæрхæттæ кодта, æрмæст йæхи нæ, фæлæ йæ мад æмæ йе 'фсымæры дæр тæссаг уавæры кæй бахауын кодта, ууыл. Чи зоны, афтæ цæхгæр æмæ карз ныхас кæнын нæ хъуыди уыцы æнæхайыры немыцагимæ. «Дыууæ боны æмгъуыд мын скодта. Æмæ йын цы зæгъдзынæн уæд та? Цы уыдзæни, куыд уыдзæни? Цы кæнон, цы æрхъуыды чындæуа?»

— Æмæ уæддæр уæ ныхас цæуыл ахицæн и?— афарста та мад.

— Ницæуыл.

— Ау, куыд ницæуыл,— сдзырдта Тасолтан.— Фашисттæ афтæ æнцонæй нæ ивынц сæ фæндтæ. Сæ размæ тых куынæ уыной, уæд æгъатыр сты. Уæддæр дын бæлвырдæй цы загъта?

— Дыууæ боны æмгъуыд мын радта.

— Судзгæ фæбадон! Уыдон дæ æнæфыдбылызæй нæ ныуудадздзысты. Дæхи уал бамбæхс. Искæдæм алидз. Тасолтан, исты йын æрхъуыды кæн. Охх, тæхуды! Уæд та ма уæ фыд æгас куы уыдаид. Нырма цы кæнон, нырма цы фæуон?— сылгоймаг фырадæргæй уаты къуымты арауай-бауай кодта цыдæр агурæгау, стæй та уæд фæстæмæ йæ ныхæстæм æрыздæхти. — Тæхуды, тæхуды, уæ фыды бæсты фæлтау æз куы амардаин. Чабæхан, мæ къона, дæхи аræвдз кæн. Миййаг, уæд та Цыраумæ, Тауырзæтмæ. Кæнæ Беккуызартæм, дæ мады хомæ. Охх, мæ зæрдæ! Сулæфын мæ нал уадзы.

— Ма тыхсут, нырма мын дыууæ боны ис... Кæд исты æрхъуыды кæниккам,— дзуры Чабæхан. Стæй фырадæргæй къамоды лагъзæй хуызистытæ æвæрæн альбом фелвæста æмæ та фæстæмæ тъахтиныл æрбадт. Альбом йæ уæрджытыл æрæвæрдта, рафæлдæхта йæ.

— Алæ-ма, фæлтау ма æркæсæм. Мæнæ нæ фыд цавæрдæр уазджытимæ. Хъуыды ма кæныс, мама? Нæ хæдзары дæр куы уыдысты? Иу дзы къамтæ дæр куы иста. Мæнæ ма кæс, мæнæ ацы нывтæ дæр уый скодта. Тасолтан, Смайлы, Ханджери, Тазрет. Уыдон дæр уыцы аз ист сты.

Ноджыдæр ма хуызистытæ, раджы æмæ æрæджыйы ист. Йæхи цард æмæ йæ бинонты царды цаутæ... Иу иннæйы фæдыл. Мæнæ куы фæхъомылдæр, Алагиры скъола каст куы фæци, уæд. Мæнæ уыдон та, институтмæ куы бацыди, уæд йе 'мбал чызджытимæ кæй систа, уыцы къамтæ. «Къамтæ... Царды скъуыддзæгтæ. Нæ, нæ, цæмæн скъуыддзæгтæ? Царды фæндагæн йæ ахсджиагдæр нысантæ... Иу иннæйы фæдыл. Чи никуыуал уыдзæни, фæстæмæ чи никуыуал раздæхдзæни, уыцы царды цаутæ. Зоны, фароны, æндæразы... Фондз, дæс, фынддæс азы размæйы цаутæ. Æмæ уыцы цаутæ иумæ куы райсæм, уæд уыдзæни адæймаг. Ома — æз. Æнтыстдзинæдтæ æмæ къуыхцытæ, цин æмæ масты бонтæ. Уыдон дæр мæн сты, уыдон дæр мæ царды нысантæ сты... Ме скъола, мæ ахуыргæнджытæ. Уыдон дæр æз дæн. Студент æмæ ахуыргæнæг... Уый дæр æз дæн. Партийы уæнгтæм кандидат æмæ фæскомцæдисы райкомы бюройы уæнг... Уый дæр æз дæн. Районы газет «Раздзог...» Уый дæр æз дæн. Мæ райгуырæн хæхты уæлвæзтæ æмæ арф кæмттæ, бæрзонд нæзытæ æмæ цъититæ, æхсæрдзæнтæ æмæ фосы дзугтæ... Уыдон дæр мах стæм, уыдон дæр мæн сты... Мæ ахуыргæнинæгтæ Суададжы, Алагиры... Нинæтæ, Зинæтæ, Тамарæтæ, Варятæ, Манятæ, Иринæтæ, Виктортæ, Олегтæ, Алантæ. Мураттæ... Мæнæ нæ сыхæгтæ Хъæрджынтæ, Хацъæтæ, Таболтæ, Беккуызартæ, Реуазтæ... Уыдон дæр æз дæн. Мæ дыууæ æфсымæры хæцæг æфсады, уыдæлдай тохы... Уый дæр æз дæн... Мæ фыды ингæн... Уый дæр æз дæн... Æмæ уæдæ куыд? Уыдонæй мæхи схицæн кæнон? Уыдоныл мæ къух сисон? Æмæ ма уæд мæнæй цы баззайдзæни? Уæд ма цæй Чабæхан уыдзынæн? Сывæллæттæн хъазынæн кæй балхæнынц, кæй ныддымынц, уыцы тæнæг резинæ шар куы аскъуыйы, йæ дымст куы рацæуы, уæд уый

куыд ницыуал вæййы, æз дæр афтæ... Ницыуал уыдзынæн. Æз уыдзынæн æндæр цыдæр, æндæр чидæр. Баситы Михайы чызг Чабæхан нал уыдзынæн... Уыдзæнис фыдгултæн лæггадгæнæг цавæрдæр сылгоймаг. Нæ, нæ! Æз дæн Чабæхан, мæ фыды, мæ адæмы чызг, фæскомцæдисон, коммунист, советон ахуыргæнæг æмæ хъуамæ ахæмæй баззайон, цыфæнды куы æрцæуа, уæддæр... Фæлтау... фæлтау...»

Сæр æмæ уæнгтæ æруæззау сты: чидæр æй узæгау кæны, цæстыты уæл æмæ дæлтъыфалтæ исдуг кæрæдзиуыл æрынцадысты...

...Мæнæ та гыццыл гыгы фестади, сæ кæрты чындзытæй хъазыди... Сау къæбыла æрбазгъордта, йæ чындзыты дзæбæхдæр ын аскъæфта. Чабæхан æй асырдта, ныр æй баййафон, зæгъгæ, афтæ сау къæбыла сæнт-сау хъæрццыгъа фестади. Чабæханы йæ ныхтæ фæсагъта, арвы астæумæ йæ систа...

— Уынгæджы бон ныл акодта, Чабæхан! Дæхи арæвдз кæн æмæ лидзгæ искуыдæм. Тасолтан дæ ахæццæ кæндзæн. Науæд та, акса-ма, Уырызмæг. Уымæн нæзæрыгæтты дæр цæуыны бар куы ис. Уый та раздæр мæ зæрдыл куыд нæ æрлæууыд...

— Уымæн æрмæстдæр йæхицæн,— йæ мады ныхас аскъуыдта Тасолтан. Уымæй ницы... Нæ партизантæм искуыдæй фæндаг куы ссариккам...

— Цы кæнут, цы? Цы уыл æрцыди?— цыма уадзыг уыди æмæ ныр мæнæ ныртæккæ æрчъицыдта, уыйау сдзырдта Чабæхан.

* * *

...Чидæр дуар æрбахоста. Тамар тарстхуызæй йæ хуыссæны рахъил кодта.

— Ма 'ст,— Тасолтан йæ бынатæй фестади. Уæдмæ та ног æрбахостæуыди.

— Ма тæрсут, æз дæн, Уырызмæг,— æрбайхъуысти зæронд лæджы фæсус хъæлæс.

Лæппу дуар байгом кодта, уазæг мидæмæ æрбахызти.

— Уæ изæртæ хорз!

— Кæй изæр у, уый хорзæх дæ уæд,—Чабæхан æмæ Тамар сыстадысты.

— Куыдтæ цæрут? — фæрсы Уырызмæг.

— Цард та ма кæм ис? Сагъæссаг нæ сæртæ,— уынæргъæгау сдзырдта Тамар.—Æрбад ма.

— Дæумæ та цы хорздзинадæн фæсидтысты?—Уырызмæг баздæхти Чабæханмæ. — Мæирбегимæ дæр куы фæхыл дæ? Цы сæ хъæуы, цы?

— Куысты тыххæй. Уыцы уæййагæн, дам, хæдивæгæй.

— Æмæ?

— Уæййæгты номхыгъдмæ нæ бахаудзынæн. Иубон мæ типографимæ дæр мæ къæхтæ куыд бахастой, ууыл ма абон дæр дис кæнын.

— Уынгæджы бон ныл ныккодта, Уырызмæг,—сдзырдта мад.—Ацы чызгмæ та абон немыцаг йæхæдæг æрбамидæг ис...

— Чи уыди?

— Кассен, — дзуапп радта Чабæхан.

— Уый, æнхъæлдæн, се 'ппæтæй тæссагдæр у,—загъта Уырызмæг.

— Охх, мæ бон, уæдæ ма цы кæнæм? Дæ мад дæ фыды хатыр бакæн, Уырызмæг, æмæ ацы дыууæ сывæллонæн исты æрхъуыды кæн. Уыцы фашист Чабæханæн иннæбонмæ сæмгъуыд кодта.

— Ох-хай, гъе! Тæссаг у... Фæлæ кæд исты æрхъуыды кæниккам. Уæхи ма барæвдз кæнут сомизæрмæ. Æз ахсæв сбæлвырдтæ кæндзынæн. Сомыхсæв уæ хъæдырдæм, мыййаг... Нæ партизантæм... Тамар та уал...

— Æз мæ къах дæр никæдæм авæрдзынæн.

— Ууыл дæр ахъуыды кæндзыстæм,—сдзырдта та Уырызмæг.

— Уый дæр хорз, фæлæ ды ницы æрыхъуыстай? — афарста Чабæхан. — Дæ хæд размæ Таболты Тамарæ хæрзæггурæггаг æрбазгъордта, йæ хъустыл цыдæртæ æрцыди...

— Бæгуыдæр ма. Æз тынгдæр уый тыххæй æрбауадтæн. Октябры кадæн Мæскуыйы парад сарæзтой. Иннæ ахæм æмбырд. Сталин ныхас кодта æмбырды дæр, парады дæр. Тагъд, дам, мах уынджы дæр бæрæгбон уыдзæнис... Æмбарут, бæрæгбон! Дзæуджыхъауы цур дæр сæ ныддæрæн кодтой. Æрмæст мæрдтæ фондз минæй фылдæр.

— Ой, дæ цæрæнбон бирæ æрбауа, Уырызмæг, — раарфæ кодта мад.— Лæгтыдзуар дæ хъахъхъæнæг.

Чабæханы цæстытæ дзагъырæй баззадысты. Цины уылæнтæ йæ зилгæ лымгæйау ныззылдтой, стæй уæд айфыццагау, зæронд лæджы хъуырыл ныттыхсти. Иу цасдæр сæ ничиуал ницы сдзырдта.

— Афтæтæ, гъе, мæ хур,—сæрыстырхуызæй загъта Уырызмæг. — Уы-

дзæгги, уыдзæни мах уынджы дæр бæрæгбон! Иугæр Сталин загъта, уæд рæнæмæнг уыдзæни. Уый дзæгъæл ныхас нæ фæкæны. Иу цъус ма ныббыхсæм. Æргом дзырд æмæ æртом тохæй не схæцдзыстæм. Фыдналат сты, æнæчетар, æнæгъдау. Адæймаг сæм хъæндилæй зынаргъдæр нæ кæсы. Беккуызарты Дзæрæхмæты æрцахстой, Лазарты Газаччы, ноджы ма бирæ кæйдæрты... Дысон та, дам, нæ партизанты сгарæг Хацъæты Ксеняйы. Мæгуырæг, хъæдæй йæ рарвыстой... Цæй, æз цæуын, хæрзæхсæвтæ уал, — батагъд кодта зæронд лæг.

...Дуар та æрбахостæуыди. Дзуапмæ дæр нæ банхъæлмæ каст, афтæ дуар байгомчындæуыди... Мидæмæ æрбахызтысты æртæ немыцаг салдаты. Сæмæ иу пъæлицæйаг.

...Сахаты фæстæ Чабæханыл багуыпп чындæуыди ахæстоны дуар.

* * *

Мæирбег дыстæфæлдæхтæй архайдта, фæлæ йæ хъуыддæгтæ нывыл нæ кодтой. Мæйæ фылдæр йæ удæй арт цагъта, уæддæр газет рауадзын йæ къухты не 'фтыдис. Аххосæгтæ бирæ уыдысты, сæ сæйрагдæр — адæм. Районы газет «Раздзогæн» æрмæг чи фыста, типографийы дамгъæтæ чи æмбырд кодта, уыдоны хуыцау йæхимæ фæхаста. Кусынхъом чи уыди, уыдонæй ма æрмæст Чабæхан баззадис, уый та йæ къæхтæ ныббыцæу кодта æмæ, марадз зæгъай, кæд ком лæвæрдта. «Хуыдым фосы мыггаг»,—мæсты кодта Мæирбег. — Уыцы митæ йын ныр аслам нал рауайдзысты. Мæн дæр ма фæкъæмдзæстыг кодта. Æз дзы феппæлыдтæн. Уæд мæ цы гуыбынниз хордта? Ноджы мæ цынæ схуыдта! Ницы кæны, ирон хæсмæ тындзæн нæй. Йæ цыргъ æвзаг ын адзæнгæл ласдзысты йе 'дылы сæримæ. Æмæ йын афтæ хъæуы... Кусджытæ нæй, уый иу бæллæх... Ноджы фыддæр уыцы «Æ»-тæ? Цыдæр—уæддæр сæ адавдæуыди. Фæрæдыдтæн. Схъæр кæнын, сæ нæ хъуыди. Чырыстонхъæу, кæнæ Цыколайæ дæр æрбаластаин. Æгæр та батагъд кодтон... Карз ныхас куы рауайа, уæд цы зæгъдзынæн? Хъуамæ банхъæлмæ сæ бамбæхстон газет рауадзыны адæргæй... Уæддæр чи уыдаид се 'ртæйæ? Уыцы дæргъындзæг, миййаг? Нæ, уый хæппæй дæр мысты хуынкъ туманæй фæагуры. Солтан? Уымæ дæр ничи хъусы. Фидар, дам, уæнт æхсырф æмæ дзæбуг. Уырызмæг?..»

Цæвиттон, типографийæ фесæфтысты «Æ» дамгъæтæ. Абон райсом Уырызмæгитæ Мæирбегæн радзырдтой, зæгъгæ, дам, райсомæй нæ куыстмæ куы æрбацыдыстæм, уæд типографийы саст рудзынгæй цавæрдæр сывæллæттæ рагæппытæ кодтой. Фæлæ Мæирбегæн ууыл зын бауæндæн у. Барæй конд ми у...

Райхъуысти телефоны дзæнгæрæг. Мæирбег хæтæл систа.

— Хъусын дам... О, о... господин майор, æз дæн.— Мæирбег йæ бынатæй фестади. Афтæ, афтæ... Типографийы кусджытæ... О, о... Æз дæр афтæ хъуыды кæнын. Æрæмысæггаг ныхæстæ. Комендантæ? Ардæм? Æнхъæлмæ кæсæм...

Куыддæр ныхасгонд фесты, афтæ Мæирбег типографийы смидæг.

— Дамгъæтæ ссардтат, æви нæма?! Ныртæккæ комендант ам æрбалæудзæн æмæ уæд...

— Къулы æдде саст рудзынджы бынмæ ссардтам... Мæнæ ацы армыдзаг,— сдзырдта Уырызмæг æмæ типографийы астæу егъау стъолыл æркалдта иу дæс-ссæдз дамгъæйы.

Уалынмæ фæзындис комендант.

— Мæнæ адон ссардтам,— батагъд кодта Мæирбег.

— Æндæр нæ уыдысты?

— Уыдысты...

— Кæм сты иннæтæ?

— Мæгъа...

— Уæдæ ма рауай, господин редактор. Дæ кусæнуатмæ...

Комендант йæ дыууæ æмбалы æмæ Мæирбегимæ фæмидæг редакторы кусæнуаты.

— Æрбадут,— сдзырдта Мæирбег.

Комендант æм цæхгæр фæзылди, йæ дæндæгты къæс-къæс ссыди æмæ йæ ком хæлиу дæр не скодта, афтæмæй сдзырдта:

— Кæм сты дамгъæтæ? Дамгъæтæ!

Мæирбеджы цæстытæ тъæбæртт кæнын райдыдтой, цыдæр сдзурынмæ хъавыди, фæлæ йе 'взаг йæ коммæ нал касти. Уæдмæ та йæ хъусты нывйазæлыд комендан́ты хъæлæс:

— Дамгъæтæ! Тагъддæр! Тагъддæр! — дæндæгты къæс-къæс райхъуысти, налат цæстытæ цæхæртæ скалдтой.

Мæирбег сдзурынхъом нал уыдис, йæ уадултыл хиды цæппузыртæ фæзынди. Комендант йæ дæндæгтæ базыхъхъыр кодта.

— Чи сæ асæрфта? Дæу куы фæрсын?

Редактор йæ ком схæлиу кодта:

— Æнхъæл дæн... Афтæ хъуыды кæнын... Уырызмæг... Зæронд, къæсхуыртæ...

Мæирбег нæ зыдта, дамгъæтæ чи адавта, уый. Уырызмæджы кой скодта, уымæн æмæ йæм цæмæндæр афтæ касти, цыма йæ уый дæр уæййаг хоны æмæ йын гæнæн æмæ амал ис, зæгъгæ, уæд нæ бацауæрдид нæдæр немыцыл, нæдæр ууыл, Мæирбегыл.

Комендант ма, фæлварæгау, иу хатт комкоммæ бакасти Мæирбеджы цæстытæм, стæй цæхгæр фæзылди йе 'мбæлттырдæм:

— Лейтенант, дæхицæн æртæ салдаты бацæттæ кæн, ноджыдæр ма иу пъæлицайы. Дарæсæй, æндæрæй куыд хъæуы, афтæ. Изæры мын 22 сахатыл фехъусын кæн...

... Кассен фæссихæртты йæ ашинæйы фæцæйцыди горæты сæйраг уынгты, йемæ æртæ хъахъхъæнæджы, сæ иу пъæлицæйаг. Иннæ хæттытау, майорæн йæ зæрдæ фырцинæй канчыритæ нæ кодта. Йе 'рфыджы цыдæр мигъ бадти. Æмæ куыннæ. Йæ фæндтæ зæрдæйы фæндоныл нæ цыдысты. Æгæрмæгуыр газеты иу номыр рауадзын дæр йæ къухы нæма бафтыди. «Не 'ртасыди ныхасæй уыцы сæрхъæн чызг дæр... Ацы æнæхайыры большевикты та ацы аз дæр дæрæнгонд куынæ фæуæм, уымæй фæллойаг у. Иу дивизи Сталинградырдæм аппæрстой... Æмæ сар сæ сæр кæны уырысæн... Уæддæр сæ ныффалгæрон кæндзыстæм». Уыцы хъуыдыйæ йæ зæрдæйы ахаст фæрæвдздæр ис. Æмæ та æрыздæхти йæ сомбоны царды нывтæм... Ацы хохрæбынты æппынкъаддæр иу дæс-фынддæс мин гектары бæрц дзаджджын саумæр зæхх æрлыг кæндзæни... Немыцаг архитектурæйы закъонтæм гæсгæ дзы хæдзар ныззилдзæн æмæ суанг йæ зæронды бонтæм йæ цоты цотимæ дæр цæрдзæнис ацы дзæнæты ран. Уый нæ, фæлæ та йæм афтæ дæр фæкасти, цыма нырæй фæстæмæ уый, фон Кассены зондзысты æрмæст ам нæ, фæлæ æнæхъæн Европæйы дæр. Чи зоны, æппæт дунейы дæр. Хъæддаг кавказаг адæмты æхсæн рухсад, цивилизаци хæлиугæнæг, хæдзардзин адæймаг æмæ зондджын политик... Уырнын та йæ байдыдта, иу бон æм фюрер йæхæдæг кæй фæсиддзæнис, йæ къух ын кæй райсдзæни, кæй йын зæгъдзæни «бузныг» æмæ йын уыимæ йæ риуыл кæй æрцауындздзæни тæккæ кадджындæр немыцаг хæрзиуæг...

Фон Кассены машинæ уынджы цæхгæрмæ куы фæзылди, уæд иу хæдзарæй райхъуысти кæуын. Нæлгоймæгтæ, сылгоймæгтæ кæугæ цыдысты мидæмæ.

— Уым цы æрцыдис? — фæрсы пъæлицæйаджы.

— Амардтой сæ. Бинонты аргæвстæуыди. Зæронд лæг æмæ зæронд усы, сæ чындзы, æртæ сывæллоны...

— Чи?

— Нæ зонын, господин майор. Уырыссаг партизантæ, дам, уыдысты. Хæдзары хицау Мæирбегимæ типографийы куыста. Æвæццæгæн, фыдæнæн.

Пъæлицæйаг не ской кодта, уый йæхæдæг дæр дысон уыцы «партизантимæ» кæй уыдис, уый.

Фон Кассены машинæ уайтагъд комендатурæйы цур æрлæууыди.

Коменданты кабинетмæ бацæуæны раз майор хъахъхъæнæджы афарста:

— Кæм ис?

— Мидæгæй. Загъта, куыд ничи йæ хъыгдара, афтæ.

Фон Кассен дуар байгом кодта... Комендант бадти ирон æртæкъахыг фынджы хуызæн ныллæг стъолы уæлхъус. Йæ разы графин, аходинæгтæ, дыргътæ. Нозты зæрдæхæссæн тæф фындзы хуынчъытæ сагайдта.

— Комендант, хуыздæр ма дзы цы уа!

— А-а-а! Майор, дæ балцæй фæзындтæ?

— Æнхъæлдæн, æфсæрмы кæнын æппындæр нæ зоныс.

— Æмæ дын исты æнæвнæлд чызг дæн...

— Горæты бандиттæй азмæлæн нал ис, ды та æнцъухыс!

— Хо-хо-хо! Дæлæмæ дæр æмæ уæлæмæ дæр — сæххæст кодтон дæ курдиат. Бандиттæ... Уыдон та... Сæр куы куса, уæд цас диссаг у. Хо-хо-хо!..

— Ома чи?

— Чи куы зæгъай, уæд... уырыссæгтæ... Уырыссаг дарæсы.

— Ныр кæм сты?

— Марджытæ, æвæццæгæн, сæ фæллад уадзынц. Æртæ уацайраджы... Мæ мæцъæлтæ мæхи, æртæ партизаны та афонмæ барастырæн хъæбыстæ кæнынц. Хо-хо-хо!

— Æндæр ницы?

— Куыннæ ма. Дамгъæтæ скъæты кæвдæсы бынæй сластам. Афтæ, гъе! Ды та гуманистæй хъазыс. Адон сырд-

тæ сты, бирæгътæ. Бирæгъты та — маргæ, маргæ! Топпы нæмыг! Ауындзæн, бæндæн! Бомбæ! — цыма адæймаг нæ уыди, фæлæ сæрмагондæй арæзт хъæргæнæн аппарат уыди, уыйау лæхурдта горæты ног хицау.— Ох-ох-ох! Уый дæр хорз, фæлæ ма æрбад. Фæйнæ баназæм...

Фон Кассен фæбузныг комендантæй æмæ йæ фарсмæ йæхи æруагъта.

— Майор, мæ хæснаг та, мæ хæснаг? Уыцы хъæддаг чызджы тыххæй,— райдыдта комендант.— Уæвгæ уал раздæр мæ хардзæй нынцъухæм. Æмбылды фæдæ, æмбылды! — æмæ йын æвдæлон агуывзæ байдзаг кодта.— Ныр дæр нæма басасти? Æмæ нæ басæтдзæни!. Топпы нæмыг йæ хос. Фен ма.

Фон Кассен дзаг агуывзæ райста æмæ йæ анызта. Йæ цæсгом сæнхъырдтæ.

— Фу! Хъылма!

— Хо-хо-хо! — комендант худæгæй бакъæцæл.—Ирон коньяк. Арахъхъ. Францусаг коньяк — къуывитт. Уæллæгты фаг дæр нал у. Æнхъæлдæн, мæстджын дæ? Уыцы чызг дын дæ туг нылæууын кодта? Дæ психологон фокустæ фæсыкк сты?

Фон Кассены цæсгом ныззылынтæ.

— Ныууадз, дæ хорзæхæй... Æз...

— Ды дæр, дæ хорзæхæй! Науæд та дзæнгæда цæгъдын байдайдзынæ... Сентименттæ!.. Автомат, сармадзан, бомбæ... Разы дæ, æви нæ?..

— Дæ хорзæхæй, дзургæ къаддæр. Фæлтау ма агуывзæ байдзаг кæн,— йæ ныхас ын аскъуыдта фон Кассен.

— Дæ зæрдæмæ фæцыди? Цыфæндыйæ дæр уыцы чызгæй æнцондæр аныхъуыræн у. Æрмæст дæ уыцы зæрдæ ма фæсайæд. Фыццаг анызтæй лæмæгъ зыны. Куы скуса, уæд та, пруссийаг кæй дæ, уый дæр дæ ферох уыдзæни.

Фон Кассен ма ноджыдæр иу агуывзæ фæдæле кодта.

— Фу! Цы смаггæнаг у! Хъæддаг адæмæн сæ нозт дæр хъæддаг.

— Ме 'рдхорд, цыдæр у, уæддæр дæ чемы нæ дæ.

Фон Кассен йæ къух ауыгъта.

— Гъа, фронты нæ хъуыддæгтæ иууыл рæвдзытæй не сты... Иу дивизи нæ систой... Сталинградмæ.

— Уый зоны... Нæ машинæйы гаїкæтæ хъæбæрдæр баздухинаг сты. Уæвгæ уый мæнмæ нæ хауы. Æмæ уæддæр куыд у уæдæ уыцы чызг? Фæхæрд дæ, æви нæ? Хæснаг — францусаг коньякæй. Хъус-ма, майор, мæ салдæттæн ма йæ радт. Уыдон æй цæсты фæныкъуылдмæ æрчырыстон кæндзысты...

— Хæйрæджыты амæттаг фæу ды дæр! — сдзырдта фон Кассен.— Цы дæ фæнды, уый кæн,— сыстад æмæ раивгъуыдта.

* * *

Фон Кассен йæ кабинеты лæууыд Европæйы картæйы раз. Уæлдай лæмбынæгдæрæй кæсы Сталинграды районмæ. Ам сæ хъуыддæгтæ нывыл нал цæуынц... Уалынмæ йæ дуар байгом æмæ мидæмæ сындæггай æрбахызти Чабæхан. Кассен æм дисгæнæгау ныккасти:

— О, фройлен Чабæхан, дæ уынд мын иттæг æхсызгон у. Фæлæ искуы ахæм уавæрты сæмбæлдзыстæм, уый æнхъæл нæ уыдтæн. Æрбад, дæ хорзæхæй.—Фон Кассен дзырдта ахæм хуызы, цыма йæ хъусты æлгъты дæр не 'рцыди, Чабæханы куыд фарстой, йæ къухтæ йын куыд здыхтытæ кодтой, суанг ма йыл гæрзын ронæй дæр куыд æрцыдысты, уыдæттæ...

Чызг хъусæй бадти. Æмбæрста йæ уавæр: кæнæ уыдонæн лæггадгæнæг, кæнæ... мæлæт. Æртыккагæн уæвæн нæй.

— Фройлен, мæн нæ фæнды фæдфæливæн митæ кæнын. Æз фехъуыстон, зæгъгæ, дам, ды алидзынмæ дæр хъавыдтæ. Æмæ уæд кæдæм? Партизантæм?! Æмæ æрмæст уый тыххæй дæр нæ бон у дæ фехсын. Фæлæ иуæй æрыгон дæ, рæсугъд, зæрдæмæдзæугæ, иннæмæй та дæ райгуырæн Кавказы бирæ уарзыс æмæ дын уый адыл ныббардзыстæм... Кæд нæ фæндоныл сразы дæ, уæд. Табуафси, зæгъ дæ фæстаг ныхас.

Чабæхан ницы сдзырдта.

— Иу ахсджиаг хабар, хъыг дын куы уа, уæддæр. Немыцаг хъæбатыр æфсæдтæ уæззау хæстыты фæстæ Сталинград бацахстой.

Чабæхан уæддæр ницы сдзырдта.

— Ноджыдæр ма дын иу зæрдæриссæн хабар. Владикавказы скæсæйнаг хайы ма сæ удæй арт цæгъдынц Сырх Æфсады хæйттæ. Мах æфсæдтæ горæты зындгонд парчы æрцарæзтой хæрдмæ æхсæн сармадзантæ. Цæгат Кавказы тæккæ рæсугъддæр паркыл, мийаг, уырыссæгты хæдтæхджытæ бомбæтæ æрыппарын куы сфæнд кæной.

Чабæхан ацы хатт дæр ницы сдзырдта.

— Ӕрдæбонсарæй мæнæ ацы картæмæ кæсын... Цытджын фюрер уынаффæ рахаста Кавказы адæмтæн хæдбар паддзахад саразын... Уыцы паддзахады не 'мтуг ирæттæ хъуамæ æрцахсой зынгæ бынат.

Чабæхан йæ ком схæлиу кодта:

— Ӕвæццæгæн, Австрийы, Чехословакийы, кæнæ та Польшæйы хуызæн хæдбар паддзахæдтæ?..

— Ӕгъгъæд! — фон Кассен йæ къахæй пъол æртъæпп кодта.— Нæ фæндоныл разы дæ, æви нæ?

Чабæхан хъыпп-сыпп дæр нал скодта. Бамбæрста: йæ цард фæци. Бамбæрста: ис ма æрмæстдæр иунæг хос: æз хъуамæ фашисттимæ сæмдзæхтон кæнон мæхи... Ома мæ райгуырæн зæхх, мæ адæмы ныууæй кæнон... Нæ, нæ. Фæлтау... мæлæт... Мæлынц, сæфынц мингæйттæ. Ӕмæ дзы алчидæр йæ мæлæтæй хæстæгдæр кæны нæ Рæстдзинады уæлахизы бон... Ӕндæр мæ бон ницы уыди... Мæ зæрдæ не сивтон. Мæхи нæ ныууæй кодтон... Мæ адæмыл, мæ райгуырæн бæстæйыл гадзрахатæй нæ рацыдтæн... Ох, тæхуды, куыд зын у... Ме 'фсымæртæ... Уыцы лæппу... Ууыл та цы бонтæ кæны? Тæхуды, уæд та уый куы баззаид æнæфыдбылызæй. Уæд та ма ме 'фсымæртæ куы 'рыздæхиккой сæрæгасæй. Уæд уыдон мæ бæсты дæр цæриккой, цин кæниккой нæ хæхтыл, нæ хъæдтыл, не 'хсæрдзæнтыл; уыдон мæ бæсты дæр цæуиккой, æз цæуынæй кæуыл нæ бафсæстæн, уыцы фæндæгтыл; уыдон цæриккой, æз цæрынæй кæимæ нæ бафсæстæн, уыцы адæмимæ. Тæхуды, тæхуды, не скъолайы ма мæ чысыл хурты уæлхъус балæу! Цымæ мæм дзы исчи хæрамæй баззади? Цымæ дзы искæйы искуы æнæхъуаджы бафхæрдтон? Ӕрыгон зæрдæйы мигъ æнцонæй æрбады»...

— Хъусыс, чызг! Бауæнд мыл, мæнтыг нæ фæнды, дæ цард, дæ мад æмæ де 'фсымæры цард доны къусы сæфт куы фæкæниккой, уый. Бамбар мæ.— Фон Кассен Чабæханмæ бакасти, уæдæ кæд исты зæгъид, зæгъгæ, фæлæ уый, цавддурау, æнæзмæлгæйæ бадти.

— Диссагæн дзуринаг у дæ хъæбатырдзинад. Уый охыл скадджындæр дæ мæ цæсты. Фæлæ кæрæдзийы куынæ бамбарæм, уæд та иу... «хæрзбон» зæгъ дæ цардæн. Ӕмæ æрмæст дæхи цардæн нæ...— Фон Кассенæн йæ тыхстхуыз æмæ фæлмæн хъæлæсы уаг, йæ бакаст афтæ зындысты, цыма æцæгæйдæр Чабæханы мастыл йæ зæрдæ фæрчытæй хауы.— Дæхи нывондæн кæмæн хæссыс, уыцы цардарæзт та амарди, нал ис, ныффалгæрон!

— Ха-ха-ха! — ныххудти Чабæхан.— Нæ цардарæзт рæстдзинад у! Рæстдзинад та никуы мæлы! Мах уынджы дæр тагъд уыдзæн бæрæгбон...

— Ӕмæ уæдæ куыд? — батагъд кодта фон Кассен.

Чабæхан ныхъхъус и.

— Ӕз дæу куы фæрсын! Иумæ кус-дзыстæм, æви нæ?!

Чабæхан ницы дзуры.

— Куынæ сразы уай, уæд...

Чабæхан уæддæр ницы дзуры.

— Куы нæ сразы уай, уæд дæ мад дæр, де 'фсымæр дæр мард æрцæудзысты.

Чабæхан уæддæр дзуапп нæ дæтты.

... Йе уæнгтæ та ихæнризгæнæгау кæнынц, йæ сæр ноджы дæлдæр æруагъта, цæссыгтæ гæр-гæрæй згъæлынц. Фон Кассен та ногæй фæрсы:

— Фæстаг хатт ма дæм дзурын...

Фыдгулы ныхæстæ, æнхъæлдæн, Чабæханмæ хъуысгæ дæр нал кæнынц.

Цæстыты раз февзæрынц æмæ та æрбайсæфынц йæ мад Тамар, йе 'фсымæр Тасолтан. «Ох, тæхуды, тæхуды... Цымæ кæцы ран сты? Уыдон дæр ам, ацы ахæстоны уой?.. Тæхуды, иу уынд ма сæ уæддæр куы фæкæнин. Цы уынгæджы бон ныл ныккодта... Ноджы дæр, дам, ма бирæты æрцахстой. Амардтой... Хацъæты Ксеняйы, Беккуызарты Дзæрæхмæты, Лазарты Газаччы... Амæл æмæ макуыуал у... Ӕппындæр... Бынтондæр...

...Мæнæ кæцæйдæр, ленкгæнæгау æрбазынди йæ уарзон лæппуйы сурæт, æнæхъæнæй нæ, æрмæстдæр йæ цæсгом, æрмæстдæр йæ фæлмæн цæстытæ, бахудынарæзт былтæ. Уæртæ æрбацæуынц дыууæ бæрзонд, æлвæст лæппуйы хæстон дарæсы. Уыдон йе 'фсымæртæ сты, Смайлы æмæ Тазрет. Цæмæндæр аххосджыны каст кæнынц. Цымæ цæмæн?.. Се скъолайы кæртмæ сæргуыбырæй фæцæуынц йæ ахуыргæнинæгтæ. Сæ къухты дидинджытæ, бирæ дидинджытæ... Дуар æрбахостæуыди. Чабæхан фестади, цырагъ асыгъта. Къæсæрыл рæгъ ралæууыдысты Уырызмæг, йæ бинойнаг, йæ чындз... Семæ æртæ æнахъомы, æртæ сауцæст сывæллоны... Йæ хъусты азæлы: «Ииуылдæр сæ аргæвстой... Ӕхсæз чырыны иу бынсæфт хæдзары...» Йе уæнгтæ та базыр-зыр кодтой... Ох-ох-ох...

Иу æгъатыр ныв иннæйы ивы.

Мæнæ уынгты, згъорæгау, фæцæуы

Чабæхан æмæ йæм скъолайы рудзгуытæй, дисгæнæгау, сæ сæртæ, мыр-мыргæнгæ, радардтой бæхтæ...

Чызг зына-нæзына йæ сæр банкъуыста, цæстытæ иуцъус фегом сты, фæлæ та уайтагъд сæхи æрæхгæдтой. Чабæхан февзæрди йæ райгуырæн Цъæйы... Бæрзонд нæзы бæлæсты æхсæн абухгæ згъоры цъитидон... Кæцæйдæр хъуысы зарæг... Зонгæ æнкъард хъæлæс...

...Кæй чызг мыл æскæндзæн зæр-рдæ
х-халæн хъар-рæг,
Кæй кæуынæй риздзæн къæдзæх-х...

Чабæхан ныккæрзыдта — уый йæ фыды хъæлæс у... Йе уæнгтæ бынтондæр æрлæмæгъ сты. Зарæг адард и... Æмæ йæ цæстытыл уайы фын... Цыма гыццыл гыгы фестади, сæ кæрты чындзытæй хъазыди. Сау къæбыла æрбазгъордта, йæ чындзыты дзæбæхдæр ын аскъæфта. Чабæхан æй асырдта. Ныр æй баййафон, зæгъгæ, афтæ сау къæбыла сау хъæрццыгъа фестади, Чабæханы йæ ныхтæ фæсагъта æмæ йæ фæлурс цъæх арвы хъæбысмæ systа...

ГОДЖИТЫ Сослан

### ХУРМÆ

**Рауаф та, нæ худгæ хур, дæ тын!**
**Ды мæнæн мæ цардамонд, мæ цин дæ.**
**Æз дæуæй фæхицæнæй тæрсын,**
**Цардæн ды кæддæриддæр æфсин дæ!**

**Æз æдзух дæумæ бæллын, дæумæ,**
**Бафсæдон цæмæй дæ хъарм, дæ тынæй.**
**Цасдæриддæр ис хъару лæгмæ.**
**Уый бæрц æз тырнын, тырнын дæ уындмæ.**

**О, цæй диссаг дæ, цæй диссаг, цард,**
**Ды уæддæр æппæтæй дæр фылдæр дæ.**
**Ды дæ тынтæ анывæндыс дард,—**
**Радт дæ тыхæй иучысыл мæнæн дæр.**

### ФÆЗЗÆГ

**Быдырты нæ тавы,**
**А фæззæджы хур.**
**Æхсæв бонæй давы,—**
**А дуне фæбур.**

**Æхсыргуртæ арвыл,**
**Алы рæтты пырх.**
**Доны былтæй дардмæ**
**Мыртгæ дары сырх.**

**Рæгъты сæрмæ хæхтыл,**
**Мит æрлæст хæстæг.**
**Зымæг нæ йæ бæхыл,**
**Тагъд кæндзæн бæрæг.**